सोम

10 अगस्त, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, कृष्ण पक्ष, द्वादशी , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

हम अपन मातृभाषा कें सही अर्थ मे अपना कए स्वतंत्र भए सकैत छी।

- महात्मा गांधी

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 329 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

एक नजरि

### समदिया मिथिलाक संपादकीय प्रभारी सच्चिदानंद सच्चू कें भेटत 'लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान'

**पटना :** मैथिलीक चर्चित उपन्यासकार आ समदिया मिथिलाक संपादकीय प्रभारी सच्चिदानंद सच्चू कें हुनकर उपन्यास जाल लेल लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान 2026 देल जायत। तीन सदस्यीय निर्णायक-मंडलक सर्वसम्मत निर्णयक बाद ई घोषणा कएल गेल। सम्मान समारोह 28 सितंबर, 2026 कें नई दिल्ली मे आयोजित होयत। एहि अवसर पर उपन्यास जालक लोकार्पण सेहो कएल जायत। सम्मानक संग लेखक कें 21 हजार टाका, स्मृति-चिह्न, मानपत्र आ अंगवस्त्र प्रदान कएल जायत। एहि वर्षक निर्णायक-मंडल मे आलोचक कमलानंद झा, वरिष्ठ कवि केदार कानन आ युवा कवि-लेखक राम नरेश यादव शामिल छलाह। सच्चिदानंद सच्चूक जन्म 6 सितंबर, 1978 कें मधुबनी जिलाक हटाढ़ रुपौली मे भेलनि। अल्लाह हो राम आ लालटेनगंज हुनकर चर्चित उपन्यास अछि। एहि सं पहिने 2021 मे हुनका लालटेनगंज लेल ई सम्मान भेटल छल।

(विस्तृत रिपोर्ट पेज छः पर)

### जस्टिस वी. कामेश्वर राव होयताह पटना हाईकोर्टक नव मुख्य न्यायाधीश

**पटना :** पटना हाईकोर्ट कें शीघ्र नव मुख्य न्यायाधीश भेटत। सुप्रीम कोर्ट कॉलेजियम 6 अगस्त, 2026 कें भेल बैसार मे दिल्ली हाईकोर्टक न्यायाधीश वी. कामेश्वर राव कें पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीश बनेबाक अनुशंसा कयलक अछि। जस्टिस वी. कामेश्वर रावक जन्म 7 अगस्त 1965 कें भेल छल। ओ दिल्ली विश्वविद्यालय सं 1987 मे भूगोल मे बीए ऑनर्स आ 1990 मे एलएलबी केलनि। मार्च 1991 मे बार काउंसिल ऑफ दिल्ली मे अधिवक्ताक रूप मे नामांकित भेलाह।

# एनसीएईआर रिपोर्ट : शराबबंदी सं नहि थमल महिलाक विरुद्ध हिंसा, मादक पदार्थक सेवन सेहो बढ़ल

- **रिपोर्ट मे प्रतिबंध हटेबाक देल गेल अछि सलाह**

**पटना, समदिया**

राष्ट्रीय अनुप्रयुक्त आर्थिक अनुसंधान परिषद (एनसीएईआर) केर एकटा अध्ययनक अनुसार, बिहार मे शराबबंदी खत्म कए देबाक चाही, कारण एहि नीति सं महिलाक विरुद्ध हिंसा रोकबा मे अपेक्षित सफलता नहि भेटल अछि। अध्ययन मे ईहो संकेत भेटल अछि जे वैध शराबक स्थान पर मादक पदार्थ आ अवैध शराबक सेवन बढ़ल अछि।

बिहारक विकासक उपलब्धिक व्यापक परिप्रेक्ष्य, अधूरा एजेंडा आ आगांक बाट शीर्षक एहि शोध-पत्र मे कहल गेल अछि जे शराब पर उत्पाद शुल्क फेर लागू कएला सं राज्यक अपन राजस्व मे 14 सं 15 प्रतिशत धरि वृद्धि भए सकैत अछि। संगहि, शराबक तस्करी रोकबाक आ प्रवर्तन अभियान पर होयबला खर्च मे सेहो कमी आबि सकैत अछि।

इंडिया पॉलिसी फोरम मे प्रस्तुत एहि शोध-पत्रक अनुसार, अप्रैल 2016 मे शराबबंदी लागू करबाक मुख्य उद्देश्य ई मान्यता छल जे शराब घरेलू हिंसाक प्रमुख कारण मे सं एक अछि आ शराबबंदी सं परिवारक संसाधनक



नीक उपयोग भए सकत। महिलाक समूह सभ सेहो एहि निर्णयक समर्थन केने छल। मुदा पर्याप्त आंकड़ाक मूल्यांकन सं पता चलैत अछि जे बिहार मे महिलाक विरुद्ध दर्ज अपराधक मामिला मे कमी नहि आएल। उनटे शराबबंदीक बादक अवधि मे एहन मामिला मे वृद्धि देखल गेल अछि।

#### विकासक लेल छह प्राथमिकता क्षेत्र चिन्हित

अध्ययन-पत्र मे बिहारक विकास लेल छहटा प्राथमिकता क्षेत्र चिन्हित कएल गेल अछि। एहि मे शिक्षा, स्वास्थ्य, शासन आ कानून-व्यवस्था, बाढ़ि नियंत्रण, निजी क्षेत्रक विकास आ महिला सशक्तीकरण शामिल अछि। शोध-पत्र मे राज्यक सार्वजनिक ऋणक स्थिति सेहो परखल गेल अछि। संगहि, मजबूत राजस्व संग्रह आ खर्चक नीक प्रबंधनक माध्यम सं विकास योजना कें आर्थिक रूप सं सुदृढ़ करबाक उपाय सुझाओल गेल अछि।

#### शराबबंदी सं राजस्व कें पैघ नोकसान

शराबबंदी लागू होयबाक पहिने उत्पाद शुल्क राज्यक राजस्वक करीब 14 प्रतिशत हिस्सा छल। मुदा शराबबंदी लागू भेलाक बाद शराबक तस्करी रोकबाक, निगरानी करबाक आ कानून लागू करबाक लेल अतिरिक्त खर्च बढ़ि गेल। एहि कारण राज्यक वित्तीय स्थिति पर दोहरा दबाव पड़ल अछि। अर्थशास्त्री सभक दलक मानब अछि जे आब पहिनेक स्तर पर उत्पाद शुल्क फेर लागू करबाक उचित समय अछि। 1956 मे स्थापित एनसीएईआर भारतक पुरान आर्थिक नीति अनुसंधान संस्थान मे सं एकटा अछि। वर्तमान मे एकर शासी निकायक अध्यक्ष नंदन एम. नीलकेणि छथि।

#### विकसित भारत मे बिहारक भूमिका महत्वपूर्ण

बिहार देशक कुल आबादीक नौ प्रतिशत सं बेसी लोकक घर अछि। अनुमान अछि जे 2026 मे राज्यक जनसंख्या करीब 13.2 करोड़ धरि पहुंचि सकैत अछि। अध्ययन मे कहल गेल अछि जे 2005क बाद बिहार मे भेल सुधार सभ मे कानून-व्यवस्थाक पुनर्स्थापना अत्यंत महत्वपूर्ण रहल अछि। वर्ष 2047 धरि विकसित भारतक लक्ष्य प्राप्त करबा मे बिहारक भूमिका महत्वपूर्ण होयत। बिहार देशक दोसर सभ सं बेसी जनसंख्या बला राज्य होयबाक संगहि देशक गरीब राज्य सभ मे सेहो शामिल अछि। एहि कारण राज्य मे शिक्षा, स्वास्थ्य, शासन-व्यवस्था, निजी क्षेत्रक विस्तार आ महिला सशक्तीकरण सन क्षेत्र पर विशेष ध्यान देबाक आवश्यकता अछि।

# पूर्णिया मे खद्धा मे डूबला सं तीन भाइक मृत्यु

**पूर्णिया, समदिया**

पूर्णिया मे पानि सं भरल गड्ढा मे डूबला सं तीन सहोदर भाइक मृत्यु भए गेल। दुर्घटना घरक लग खेलैत समय भेल। मृत बच्चा सभक पहिचान आलमनगर निवासी आलमगीरक पुत्र मो. मोफिजूल (11), मो. तफीजूल (9) आ सैराजुल (7) केर रूप मे भेल अछि। घटना कसबा थाना क्षेत्रक कुल्लाखास पंचायतक वार्ड संख्या-7 मे भेल।

पिता आलमगीरक अनुसार, रविदिन भोर करीब आठ बजे तीनू पुत्र घरक लग खेलि रहल छल। खेलैत-खेलैत ओ सभ घर सं करीब 100 मीटर दूर धर्म कांटा लग बनल गहींर गड्ढाक समीप पहुंचि गेल। एहि दौरान तीनू अनचोके गड्ढा मे डूबि गेल।

संग खेलि रहल अन्य बच्चा सभ दौड़ैत घर पहुंचि परिजन कें घटना संबंधी जानकारी देलनि। एकर बाद ग्रामीण आ परिवारक लोक घटनास्थल पर पहुंचलाह। स्थानीय लोकक सहयोग सं बहुत प्रयासक बाद तीनू बच्चा कें गड्ढा सं बाहर निकालल गेल, मुदा ताधरि



हुनकर मृत्यु भए चुकल छल।

#### परिवार मे मचल कोहराम

तीन बच्चाक एकहि संग मृत्यु भेलाक बाद परिवार मे कोहराम मचि गेल। पिता आलमगीर, माता दुलहरी, दादा मो. अख्तर आ दादी मेहनूरक कानि-कानि कए हाल बेहाल अछि। आलमगीरक आठ पुत्र मे सं तीन पुत्रक एकहि संग असामयिक मृत्यु भेला सं पूरा परिवार टूटि गेल अछि। ग्रामीणक अनुसार खेतक लग माटि निकालबाक लेल कतेको फीट गहींर खद्धा खुनल गेल छल। वर्षाक पानि सं एहि मे पानि भरि गेल। सुरक्षा व्यवस्था नहि रहबाक कारण ग्रामीण सभ मे आक्रोश अछि। सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ तीनू शव कें पोस्टमार्टम लेल पूर्णिया मेडिकल कॉलेज पठाओल गेल। पुलिस मामिलाक छानबीन कए रहल अछि। प्रखंड मुखिया संघक अध्यक्ष सह स्थानीय मुखिया रतेश आनंद पीड़ित परिवार सं भेंट कए सांत्वना देलनि आ अंचलाधिकारी सं शीघ्र मुआवजा देबाक मांग केलनि।

# सड़क कात बैसल तीन महिला कें पीचलक स्कॉर्पियो, मृत्यु, सड़क जाम

### जगदंबा पेट्रोल पंप सरिसबक समीप बैसल सात महिला मे सं तीन कें स्कॉर्पियो पिचलक

- **आक्रोशित लोक सभ करीब दू घंटा धरि बेनीपट्टी-पुपरी मुख्य मार्ग जाम केलनि**

**बेनीपट्टी, समदिया**

बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक जगदंबा पेट्रोल पंप सरिसब लग रविदिन भोर करीब साढ़े पांच सं छह बजे बीच भीषण सड़क दुर्घटना भेल। एहि दुर्घटना मे मॉर्निंग वॉक करैत सड़कक कात सं दूर बैसल सात महिला मे सं तीन महिला कें तेज गति आ अनियंत्रित स्कॉर्पियो वाहन कुचलि देलक। दुर्घटना मे तीनू महिलाक घटनास्थले पर दर्दनाक मृत्यु भए गेल। ओतहि अन्य महिला सभ कोनो तरहें अपन जान बचौलनि।

मृत महिलाक पहिचान अरेर थाना क्षेत्रक नवटोली वार्ड 14 निवासी राजू महतोक 42 वर्षीय पत्नी किरण देवी, पच्चू साहक 55 वर्षीय पत्नी रीता देवी आ स्व. अरुण झाक 72 वर्षीय पत्नी फूल दाई देवीक रूप मे भेल अछि।



प्राप्त जानकारीक अनुसार, मृतका सभ सहित छह-सात महिलाक समूह नवटोली सं मॉर्निंग वॉक करैत जगदंबा पेट्रोल पंप धरि पहुंचल छल। टहललाक बाद तीनू महिला सड़क सं दूर चिमनीक आगू बैसल छलीह। एहि बीच अरेर दिस सं आबि रहल तेज गति अनियंत्रित स्कॉर्पियो तीनू महिला कें कुचलि देलक। दुर्घटना मे तीनू महिला गंभीर रूप सं घायल भए सड़क पर खून सं लथपथ पड़ि गेलीह आ घटनास्थले पर हुनकर मृत्यु भए गेल।

महिला कें ठोकर मारलाक बाद चालक स्कॉर्पियो लए बेनीपट्टी दिस फरार भए गेल। किछु महिला खतरा उठबैत वाहन पकड़बाक प्रयास सेहो केलनि मुदा ओ लोकनि बाल-बाल बचि गेलीह। घटनाक जानकारी भेटिते मॉर्निंग वॉक करैत अन्य लोक सभ शोर मचाबय लगलाह। किछु समय मे घटनास्थल पर पैघ संख्या मे लोक जमा भए गेल। मृतकक परिजन आ थाना पुलिस कें घटना संबंधी सूचना देल गेल। सूचना भेटिते पर्यवेक्षकीय पदाधिकारी राज नंदन कुमार, थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनूप कुमार, एसआई सूर्यबली यादव, अशोक कुमार, विवेक कुमार, प्रियंका कुमारी, राम कुमार सिंह, पीएसआई सुप्रिया कुमारी सहित पुलिस बल घटनास्थल पर पहुंचल आ आगांक कारबाइ मे जुटि गेल।

एहि बीच परिजन दू महिलाक शव लए घर चलि गेलाह। ओतहि आक्रोशित लोक सभ एकटा शव सड़क पर राखि स्कॉर्पियो जब्त करबाक आ चालक कें गिरफ्तार करबाक मांग करैत सड़क जाम कए देलनि। एहि कारण सड़कक दुनू दिस वाहनक लंबा लाइन लागि गेल। जामक सूचना पर बीडीओ महेश्वर पंडित, ईओ गौतम आनंद, सर्किल इंस्पेक्टर अखिलेश कुमार, अरेरक थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरव, पीएसआई अमित कुमार आ खिरहरक थानाध्यक्ष शुभम कुमार शर्मा दल-बल सहित घटनास्थल पर पहुंचलाह। अधिकारी सभक संग पूर्व जिला पार्षद सदस्य राजेश यादव, विधायक प्रतिनिधि जयसुंदर मिश्र, पंचायत समिति सदस्य चंदन ठाकुर आ शालिग्राम झा जाम कएनिहार लोक सभ आ मृतकक परिजन सं वार्ता कए जाम हटेबाक आग्रह केलनि। मुदा आक्रोशित लोक सभक कहब छल जे एखन धरि स्कॉर्पियो आ ओकर चालक कें पकड़ल किएक नहि गेल।

# कृष्णा बमक पैर मे आइयो अछि ओहने तेजी

- **74 वर्षक उम्र मे फेर दौड़ल बोल बमक जुनून**

**भागलपुर, प्रदीप विद्रोही**

उम्र 74 वर्ष पार कए चुकल अछि आ ठेहुन कतेको बेर विश्रामक संकेत देने अछि, मुदा कृष्णा बम लेल महादेवक बाट मे ठहरब आइयो स्वीकार्य नहि अछि। साओन अबिते सुलतानगंजक उत्तरवाहिनी गंगा आ बाबाधामक बीच फेर ओहि परिचित नामक चर्चा शुरू भए गेल अछि, जे सुनिते कांवरिया पथ पर श्रद्धाक संग उत्साह सेहो बढ़ि जाइत अछि - कृष्णा बम।

ओ कहैत छथि जे जाधरि सांस अछि, भोलेनाथक लग जाइत रहब। एहि यात्रा मे सैकड़ो डाक बम कृष्णा बमक संग-संग चलि रहल छथि।

मुजफ्फरपुर निवासी कृष्णा बम रविदिन सुलतानगंज स्थित नमामि गंगे तट पर श्रद्धापूर्वक स्नान



केलनि। संकल्प लेलनि आ कांवर मे गंगाजल भरि डाक बमक रूप मे बाबा वैद्यनाथ धाम दिस चलि पड़लनि। स्वास्थ्य संबंधी कारण सं पछिला किछु वर्ष हुनकर यात्रा मे विराम जरूर आएल, मुदा एहि सं हुनकर आस्थाक दीप नहि बुझल।

कृष्णा बम वर्ष 1982 सं सुलतानगंज सं देवघरक यात्रा करैत आबि रहल छथि। ओ कहैत छथि जे ओहि समय हम अभाव मे छलहुं। सुलतानगंज आबि धरि जेबाक लेल पाइक अभाव छल। बाबा हमरा बजौलनि आ हम दौड़ि पड़लहुं। पहिल यात्राक समय मात्र चारि डाक बम हुनकर संग चलल छलाह। वर्ष 1983 सं 2022 धरि ओ डाक बमक रूप मे बाबा बैद्यनाथक जलाभिषेक करैत रहलाह। घुटनाक समस्याक कारण बादक यात्रा रुकि गेल। आब फेर बाबाक बजौना आएल अछि आ ओ यात्रा पर निकलि पड़ल छथि।

कृष्णा बमक जीवन मात्र कांवर यात्रा धरि सीमित नहि अछि। वैशाली मे जन्मल आ विवाहक बाद मुजफ्फरपुरक चकवासु मे रहनिहार कृष्णा बम विवाहक बाद सेहो पढ़ाइ जारी रखलनि। 1967 मे मैट्रिक पास कए राजनीति विज्ञान मे स्नातकक डिग्री हासिल केलनि। बाद मे सरकारी शिक्षिका बनलीह आ 2013 मे प्रधानाध्यापिकाक पद सं सेवानिवृत्त भेलीह।

#### 4500 किलोमीटर पैदल चलि कैलाश धरि यात्रा

वर्ष 1988 मे कृष्णा बम हरिद्वार सं देवघर धरि करीब एक मासक पैदल यात्रा केलनि। ओकर अगिला वर्ष 1989 मे पुत्र मुकेश कुमारक संग गंगोत्री सं रामेश्वरम धरि करीब 4500 किलोमीटरक पैदल यात्रा मात्र 85 दिन मे पूरा केलनि।

वर्ष 2014 मे ओ कैलाश मानसरोवरक यात्रा पर गेलीह। 2019 मे पाकिस्तान स्थित ऐतिहासिक कटासराज शिव मंदिर पहुंचि भगवान शिवक जलाभिषेक सेहो केलनि।

उम्र आ स्वास्थ्य संबंधी समस्याक कारण 2025 मे ओ देवघरक कठिन डाक कांवर यात्रा सं विराम लेने छलीह। एकर बदला मध्य प्रदेशक ओंकारेश्वर सं जल उठा कए उज्जैनक महाकालेश्वर धरि करीब 130 किलोमीटरक पदयात्रा चारि दिन मे पूरा केलनि।

कांवरिया पथ पर हुनकर सुरक्षा लेल विशेष व्यवस्था कएल गेल अछि। पुलिसकर्मी मानव श्रृंखला बना हुनकर गति आ यात्रा कें सुरक्षित रखबाक प्रयास कए रहल छथि। श्रद्धालु सभ हुनका देखबाक लेल सड़कक कात ठाढ़ रहैत छथि आ बोल बमक संग कृष्णा बमक जयघोष सेहो सुनाइ पड़ैत अछि।

# पृथक मिथिला राज्यक गठन लेल जंतर मंतर पर देल गेल धरना

### प्रदर्शनकारी लोकनि कहलनि, मैथिलक मान-सम्मान आ गौरवशाली पहिचान लेल अलग मिथिला राज्य जरूरी अछि

**नई दिल्ली, समदिया**

अखिल भारतीय मिथिला राज्य संघर्ष समितिक तत्वावधान मे पृथक मिथिला राज्यक गठन लेल रविदिन राष्ट्रीय राजधानी दिल्ली स्थित जंतर मंतर पर आयोजित प्रदर्शन मे हजारो मिथिलावासी आ प्रवासी मैथिल लोकनि अपन सक्रिय सहभागिता देलनि। प्रदर्शनक नेतृत्व समितिक अंतर्राष्ट्रीय संयोजक प्रो. अमरेंद्र कुमार झा कयलनि। बाद मे धरनाक अध्यक्षता डा. परमानन्द यादव आ संचालन तेजनारायण चौधरी कयलनि। अपन आनलाइन संबोधन मे समितिक राष्ट्रीय अध्यक्ष-सह-विद्यापति सेवा संस्थानक महासचिव डा. बैद्यनाथ



चौधरी बैजू कहलनि जे सनातनी मिथिला कें पृथक राज्य घोषित करबाक मांग करैत 120 बरस सं बेसी भए एहि भौगोलिक क्षेत्र मे बंगाल सं बिहार, उड़ीसा आ झारखंड राज्य बनि गेल। मिथिला क्षेत्र लगातार बिहार सं अलग होयबाक मांग कए रहल अछि। मुदा, सरकार लगातार एहि मांगकें अनठियाबैत आबि रहल अछि। जखन कि सामाजिक, भाषायी, राजनैतिक, औद्योगिक, सांस्कृतिक आजादीक एकमात्र समाधान मिथिला राज्यक पृथक गठन अछि। राष्ट्रीय प्रवक्ता सह मीडिया प्रभारी ईंजीनीयर शिशिर कुमार झा कहलनि जे मैथिल लेल बिहारी शब्दक संबोधन मिथिलाक नैतिक पहिचान, मान-सम्मान, सभ्यता-संस्कृति, भाषा आ विकास मे बाधक अछि।

# ई-विधान व्यवस्था अनुरूप विधान सभाक नियमावली मे होयत आवश्यक संशोधन

## नियम समितिक बैठक मे महत्वपूर्ण प्रस्ताव स्वीकृत

**पटना, समदिया**

बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमारक अध्यक्षता मे हुनकर कार्यालय कक्ष मे नियम समितिक बैठक आयोजित कएल गेल। बैठक मे बदलैत समय आ आधुनिक सूचना प्रौद्योगिकीक आवश्यकता अनुरूप बिहार विधान सभाक प्रक्रिया आ कार्य संचालन नियमावली मे आवश्यक संशोधन करबाक विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल।बैठक कें संबोधित करैत अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे बिहार विधान सभा द्वारा ई-विधान (नेवा) व्यवस्था अपनाकए डिजिटल विधान सभाक दिशा मे महत्वपूर्ण डेग उठाओल गेल अछि। आब आवश्यकता अछि जे शून्यकाल, ध्यानाकर्षण सूचना, कार्य स्थगन प्रस्ताव, निवेदन, याचिका तथा अन्य संसदीय सूचना सभ कें ऑनलाइन माध्यम सं सदनक समक्ष प्रस्तुत करबाक स्पष्ट वैधानिक व्यवस्था नियमावली मे सुनिश्चित कएल जाए। ओ कहलनि जे प्रस्तावित संशोधनक उद्देश्य मात्र कागजी प्रक्रिया कें डिजिटल स्वरूप देनाइ नहि अछि, बल्कि सदस्य सभ कें बेसी सुविधाजनक व्यवस्था उपलब्ध करेनाइ, सूचनाक निष्पादन मे समयक बचत करेनाइ, अभिलेख सभ कें सुरक्षित आ स्थायी रूप सं संरक्षित रखनाइ तथा विधान सभाक कार्यप्रणाली कें बेसी दक्ष, पारदर्शी आ प्रभावी बनेनाइ अछि।



अध्यक्ष कहलनि जे नियम मे संशोधन करैत काल ई सुनिश्चित कएल जाए जे नियमक मूल भावना, सदस्य सभक संसदीय अधिकार आ अध्यक्षीय विवेकाधिकार पूर्ण रूप सं अक्षुण्ण रहए। भविष्यक तकनीकी आवश्यकताक ध्यान राखैत नियम सभ कें उपयोगी आ व्यवहारिक बनाओल जाए।

बैठक मे प्रस्तावित संशोधन सभ पर सदस्य सभ विचार-विमर्श कएलनि। विचारोपरांत कतेको महत्वपूर्ण प्रस्ताव पर सहमति बनल आ स्वीकृति देल गेल।

समितिद्वारा कारा सुधार समिति सं संबंधित नियम आ प्रावधान सभ कें प्रक्रिया तथा कार्य संचालन नियमावली मे शामिल करबाक प्रस्ताव स्वीकृत कएल गेल। एकर अतिरिक्त शून्यकाल सहित ध्यानाकर्षण, कार्य स्थगन, निवेदन, याचिका आ गैर सरकारी संकल्प जेकां सभ सूचना सभ कें ऑनलाइन माध्यम सं सदन मे प्रस्तुत करबाक प्रस्ताव पर सेहो सहमति बनल। आवास समितिक कृत्य क्षेत्र मे विस्तार करबाक प्रस्ताव सेहो स्वीकृत भेल।

अध्यक्ष कहलनि जे ई संशोधन बिहार विधान सभाक कार्यप्रणाली कें डिजिटल आ तकनीक-सक्षम बनेबाक दिशा मे एक महत्वपूर्ण कदम सिद्ध होएत। बैठक मे उप मुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव, मंत्री विजय कुमार सिन्हा, लेशी सिंह, सदस्य तारकिशोर प्रसाद आ आलोक कुमार मेहता उपस्थित छलाह। एहि बैठकक उपरांत अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमारक अध्यक्षता मे बिहार विधान सभाक सामान्य प्रयोजन समितिक बैठक सेहो आयोजित कएल गेल। बैठक मे लगभग 2 सं 3 दशक पूर्व गठित एक विशेष समितिक प्रतिवेदन आ ओकर अनुशंसा सभक अनुपालनक समीक्षा सं संबंधित विषय पर विचार-विमर्श कएल गेल। समितिद्वारा सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे पहिने लंबित मामला सभक समीक्षा कएल जाएत। समीक्षा उपरांत आवश्यकता पड़ला पर लंबित कार्रवाई कें समाप्त मानैत मामला सभक निष्पादन कएल जाएत।

सामान्य प्रयोजन समितिक बैठक मे उप मुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव, मंत्री विजय कुमार सिन्हा, केदार प्रसाद गुप्ता तथा सदस्य आलोक मेहता, अरुण मांझी आ माधव आनंद उपस्थित छलाह।

# चेतना समिति केलक निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन




### सैकड़ो रोगी भेलाह लाभान्वित

**पटना, समदिया**

मिथिलाक मैथिली संस्कृति आ समाजक शीर्षस्थ प्रतिनिधि संस्था चेतना समिति द्वारा अपन सामाजिक दायित्वक निर्वहन करैत प्रत्येक मासक दोसर रविदिन विद्यापति भवन मे निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर भोर 9 बजे सं दुपहर 1 बजे धरि चलल। एहि शिविर मे पटनाक कतेको ख्यातिप्राप्त चिकित्सक सहभागी भेलाह आ सैकड़ो रोगी कें चिकित्सकीय परामर्श देलनि।

शिविर मे सहभागी चिकित्सकसभ मे मुख्य रूप सं हड्डी रोग विशेषज्ञ डॉ. एस. एस. झा, डॉ. सुनील कुमार मल्लिक आ डॉ. दिव्येंदु चौधरी, मेडिसिन विशेषज्ञ डॉ. एन. के. झा, डॉ. आशीष कुमार झा आ डॉ. सिद्दीकी रजा, चर्म रोग विशेषज्ञ डॉ. अभिषेक झा आ डॉ. भव्या, नेत्र रोग विशेषज्ञ डॉ. विजय कुमार (दृष्टिकुंज नेत्रालय), दांत रोग विशेषज्ञ डॉ. प्रकाश चंद्र झा आ डॉ. जूही तथा आयुर्वेद विशेषज्ञ वैद्य अमरनाथ मिश्र उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर डॉ. नवीन कुमार द्वारा रक्त शर्करा (ब्लड शुगर) आ रक्तचापक (ब्लड प्रेशर) जांच सेहो कएल गेल। समाजक सभ वर्गक लोकनि एहि निःशुल्क चिकित्सा शिविरक लाभ उठौलनि। शिविर मे रोगीसभक स्वास्थ्य परीक्षण कए आवश्यक परामर्श देल गेल तथा स्वास्थ्य संबंधी जागरूकता पर सेहो बल देल गेल। एहि अवसर पर चेतना समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा, सचिव जयदेव मिश्रक अतिरिक्त समितिक अन्य पदाधिकारी उमेश मिश्र, मंजू झा, मनोज कुमार झा, सतीश चंद्र झा, पूजा झा, विवेकानंद ठाकुर, प्रशांत चंद्र मिश्र, प्रदीप कुमार झा, जयनारायण ठाकुर, प्रगति मिश्र आ शिशिर चंद्र मिश्र उपस्थित छलाह।

# भारत छोड़ो आंदोलन मे बिहारक भूमिका ऐतिहासिक आ निर्णायक : डॉ. प्रेम कुमार

**पटना, समदिया**

भारत छोड़ो आंदोलनक वर्षगांठक अवसर पर बिहार विधान सभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार देशक स्वतंत्रता लेल अपन सर्वस्व न्योछावर कएनिहार अमर सेनानी सभ कें श्रद्धापूर्वक नमन कएलनि। ओ कहलनि जे 9 अगस्त 1942 क महात्मा गांधीक ह्यकरो या मरोह्ण आह्वान स्वतंत्रता संग्राम कें निर्णायक जनआंदोलनक स्वरूप देलक। भारत छोड़ो आंदोलन मे बिहार महत्वपूर्ण आ प्रभावशाली भूमिका निभौने छल। चंपारण सत्याग्रह सं लए कए भारत छोड़ो आंदोलन धरि बिहारक जनता स्वतंत्रता संघर्ष मे अग्रणी भूमिका निभौलक।

अध्यक्ष कहलनि जे 1942 मे प्रमुख नेता सभक गिरफ्तारीक बाद बिहारक छात्र-युवा सभ आंदोलनक कमान अपना हाथ मे लेने छल। पटना मे विद्यार्थी सभ ब्रिटिश शासनक विरोध मे व्यापक प्रदर्शन कएलनि। 11 अगस्त 1942 क पटना सचिवालय पर तिरंगा फहराबए क प्रयासक दौरान ब्रिटिश पुलिसक गोलीबारी मे सात युवा शहीद भए गेलाह। सात शहीद सभक बलिदान बिहारक स्वतंत्रता संग्रामक गौरवपूर्ण अध्याय अछि।

ओ कहलनि जे भारत छोड़ो आंदोलनक प्रभाव मात्र पटना धरि सीमित नहि रहल। बिहारक गाम आ कस्बा सभ मे किसान, विद्यार्थी, महिला आ आमलोक सेहो अंग्रेजी शासनक विरोध मे प्रतिरोध कएलनि। जयप्रकाश नारायण सहित अनेको क्रांतिकारी भूमिगत रहिकए आंदोलन कें आगू बढ़बैत रहलाह।

डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे स्वतंत्रता सेनानी सभक त्याग आइयो लोकतंत्र, संविधान, राष्ट्रीय एकता आ सामाजिक समरसता कें मजबूत बनेबाक प्रेरणा दैत अछि। हुनका अनुसार देशक युवा पीढ़ी कें स्वतंत्रता संग्रामक इतिहास सं प्रेरणा लए लोकतांत्रिक मूल्य सभक संरक्षण आ राष्ट्र निर्माण मे सक्रिय योगदान देबाक संकल्प लेबाक चाही।

### पटना सिटी मे 290 मकान पर बुलडोजर कारबाइक विरोध मे सड़क पर उतरला लोक

**पटना।** पटना सिटीक खाजेकला घाट आ कंगन घाटक लग बसल करीब 290 मकान आ दोकान पर आब बुलडोजर कारबाइक खतरा मंडरा रहल अछि। अंचल अधिकारी सभक दिस सं एहि घर सभ कें तोड़बाक लेल नोटिस जारी कएल गेल अछि, जाहि सं इलाका मे तनावपूर्ण स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। प्रशासनक एहि कारबाइक विरोध मे स्थानीय लोक सड़क पर उतरि कए प्रदर्शन कए रहल छथि। प्रदर्शनकारी लोकक कहब अछि जे ओ सभ दशक सं एहि क्षेत्र मे रहैत आबि रहल छथि, मुदा आब अनचोके नोटिस दए कए हुनका सभ कें बेघर करबाक तैयारी कएल जा रहल अछि।

# पीएमसीएच मे बुजुर्ग सभ लेल आब अलग होयत रजिस्ट्रेशन-दवाइ काउंटर

## 15 अगस्त सं वरिष्ठ नागरिक सभ लेल अलग रजिस्ट्रेशन काउंटर शुरू होएत

**पटना।** पीएमसीएच मे आब बुजुर्ग रोगी सभ कें सामान्य रोगी सभक संग लंबा कतारि मे ठाढ़ नहि रहए पड़तनि। 15 अगस्त सं वरिष्ठ नागरिक सभ लेल अलग रजिस्ट्रेशन काउंटर शुरू कएल जाएत। एकरा संग दवा वितरण लेल सेहो अलग काउंटरक व्यवस्था कएल जाएत।

अधीक्षक डॉ. राजीव कुमार सिंह कहलनि जे बुजुर्ग रोगी सभक सुविधा लेल ई निर्णय लेल गेल अछि। पीएमसीएचक ओपीडी मे प्रतिदिन करीब 3000 रोगी अबैत छथि। एहि मे लगभग 25 प्रतिशत बुजुर्ग रोगी होइत छथि।

वर्तमान मे हुनका सभ कें सामान्य रोगी सभक संगहि रजिस्ट्रेशन कराबए पड़ैत अछि। एहिसं हुनका सभ कें कतारि मे बहुत काल धरि ठाढ़ रहए पड़ैत अछि। विशेष रूप सं गर्मी आ वर्षाक मौसम मे बुजुर्ग सभ कें बेसी परेशानीक सामना करए पड़ैत अछि। नव व्यवस्था अंतर्गत बुजुर्ग रोगी सभ कें रजिस्ट्रेशनक बाद ओपीडी मे चिकित्सकीय जांच लेल सेहो प्राथमिकता देबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। डॉक्टर सं परामर्शक बाद दवा लेबाक लेल सेहो हुनका सभ कें अलग काउंटरक सुविधा भेटतनि।

एहिसं अस्पताल मे प्रतीक्षाक समय कम होएत। पीएमसीएच मे पहिनेसं जेरियाट्रिक विभाग संचालित अछि, जतए वरिष्ठ नागरिक सभक इलाजक विशेष व्यवस्था अछि।

अस्पताल प्रशासनक कहब अछि जे नव काउंटर शुरू भेलाक बाद बुजुर्ग रोगी सभ कें पंजीकरण सं लए कए दवा प्राप्त करबा धरि पूरा प्रक्रिया मे बड्ड राहति भेटतनि।

# अभया दिवस पर महिला चिकित्सक सभ उठौलनि सुरक्षाक आवाज

## मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल सभ मे ठोस व्यवस्थाक मांग

**पटना, समदिया**

पटना ऑब्सट्रिक एंड गायनोकोलॉजिकल सोसायटीक तत्वावधान मे रविदिन आईएमए हॉल मे अभया दिवस मनाओल गेल। एहि अवसर पर महिला चिकित्सकसभ दू वर्ष पूर्व कोलकाता मे एक महिला चिकित्सकक संग भेल दुष्कर्म घटनाक संदर्भ मे सुरक्षाक मांग जोरदार ढंग सं उठौलनि।




महिला चिकित्सकसभ नेशनल मेडिकल काउंसिल (एनएमसी) सं मांग कएलनि जे मेडिकल कॉलेजसभ कें मान्यता देबाक प्रावधान मे महिला चिकित्सक सभक सुरक्षा कें अनिवार्य रूप सं शामिल कएल जाए।

सोसायटीक अध्यक्ष डॉ. प्रज्ञा मिश्रा कहलनि जे महिला चिकित्सकसभक सुरक्षा लेल मेडिकल कॉलेज अस्पताल, जिला अस्पताल आ निजी अस्पतालसभ मे ठोस व्यवस्था होएब आवश्यक अछि। हुनका अनुसार कतेको बेर महिला चिकित्सकसभ कें राति मे ड्यूटी करय पड़ैत अछि, जाहि कारण सुरक्षाक चिंता आ भय बनल रहैत अछि।

ओ कहलनि जे मेडिकल कॉलेज सभक पुस्तकालय मे देर राति धरि अध्ययन करए बाली छात्रा आ चिकित्सक सभ लेल सेहो सुदृढ़ सुरक्षा व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाए।

डॉ. मंजू गीता मिश्रा कहलनि जे जखन महिला चिकित्सकसभ स्वयं सुरक्षित रहताह, तखने ओ रोगीसभक बेहतर उपचार कए सकताह। हुनका अनुसार बिहार मे सेहो समय-समय पर महिला चिकित्सकसभक सुरक्षा सं जुड़ल घटनासभ सामने अबैत रहैत अछि। एहि लेल एहन व्यवस्था जरूरी अछि जाहि सं महिला चिकित्सकसभक मन सं भय समाप्त भ सकय।

कार्यक्रम मे महिला चिकित्सकसभ सभ मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालसभ मे आंतरिक शिकायत समिति कें आओर सशक्त बनेबाक मांग कएलनि। हुनका अनुसार एहन व्यवस्था होअय जाहि सं महिला चिकित्सकसभ निर्भीक भ अपन समस्या आ शिकायत समिति समक्ष राखि सकथि आ शिकायतसभ पर समयबद्ध कार्रवाई सुनिश्चित होअय।

सोसायटीक सचिव डॉ. निभा मोहन कहलनि जे अस्पतालसभ मे महिला चिकित्सकसभक अतिरिक्त स्वास्थ्यकर्मी, नर्सिंग स्टाफ आ अन्य कर्मचारीसभ सेहो कार्यरत रहैत छथि। एहि सभक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक जिम्मेदारी अस्पताल प्रशासनक होइत अछि।

हुनका अनुसार एहि लेल स्पष्ट आ प्रभावी नियम बनाओल जाए, जाहि सं अस्पताल मे कार्य करए बला प्रत्येक व्यक्ति सुरक्षित महसूस कए सकय।

कार्यक्रम मे डॉ. अमिता सिन्हा, डॉ. रंजना सिन्हा, डॉ. सुप्रिया जायसवाल, डॉ. अंजना सिन्हा, डॉ. जरीन सहित कतेको चिकित्सकसभ उपस्थित छलीह।

# पटना नगर निगमक पैघ निर्णय : आब निजी कंपनी सम्हारत सफाइक जिम्मेदारी

### 555.32 करोड़ मे भेल टेंडर

**पटना, समदिया**

पटना नगर निगम आब डोर-टू-डोर कचरा उठाव लेल वाहन खरीदबाक बदला निजी एजेंसीक सहयोग लेत। राजधानी मे एकीकृत ठोस कचरा प्रबंधन व्यवस्था लागू कएल जा रहल अछि। एहि अंतर्गत एकटा निजी एजेंसी कें चारि वर्ष लेल लगभग 555.32 करोड़क ठेका देल जाएत, जाहि मे कचरा उठाव सं लए कए सड़क सफाई धरि समस्त जिम्मेदारी शामिल रहत। एकरा लेल नगर निगम टेंडर जारी कए चुकल अछि आ शीघ्र काज शुरू होएबाक संभावना अछि।

नव व्यवस्था अंतर्गत शहरक सभ 75 वार्ड मे घर आ व्यावसायिक प्रतिष्ठानसभ सं गीला, सूखा सहित चारि प्रकारक कचरा अलग-अलग एकत्र कएल जाएत। एजेंसी एहि कचरा कें घर आ दुकानसभ सं उठाकए गार्बेज ट्रांसफर स्टेशन (जीटीएस) धरि पहुंचाएत। तत्पश्चात कचरा कें प्रसंस्करण स्थल धरि पहुंचेबाक जिम्मेदारी सेहो एजेंसीक रहत।



संग्रहित कचरा कें पृथक्करणक बाद रामचक बैरिया स्थित डंपिंग यार्ड पहुंचाओल जाएत, जतए वेस्ट-टू-एनर्जी संयंत्रक निर्माण प्रस्तावित अछि।

नव व्यवस्था मे मात्र कचरा उठाव नहि, बल्कि शहरक सड़क सफाई सेहो एजेंसीक जिम्मा रहत। रातिकालीन मैनुअल स्वीपिंग, ई-रिक्शा, हाथठेला, ट्रैक्टर सहित कचरा उठाव आ सफाई मे उपयोग होमए बला संसाधनसभक व्यवस्था एजेंसी स्वयं करत।

नगर निगम शहर कें छह अंचल मे विभाजित कएने अछि। सभ अंचल मे मैनुअल सड़क सफाइक व्यवस्था लागू रहत।

शहरक सफाई व्यवस्था मजबूत बनेबाक उद्देश्य सं नगर निगम पूर्व मे 725 नव वाहन खरीदबाक स्वीकृति देने छल। मुदा विभागीय स्तर पर एकीकृत ठोस कचरा प्रबंधन व्यवस्था लागू करबाक निर्देश भेटलाक बाद वाहन खरीद प्रक्रिया रोकि देल गेल।वर्तमान मे जर्जर आ खराब वाहनसभक कारण लगभग 40 प्रतिशत क्षेत्र मे डोर-टू-डोर कचरा उठाव व्यवस्था प्रभावित अछि। 75 वार्ड कें पांच-पांच सेक्टर मे बांटल गेल अछि, मुदा प्रायः प्रत्येक वार्डक पांच मे सं दू सेक्टर प्रभावित रहैत अछि।

नगर निगमक अनुसार वाहन खराब होएबाक सूचना भेटिते संबंधित सेक्टर मे वैकल्पिक वाहन भेजि कचरा उठाव सुनिश्चित कएल जाइत अछि।

पूरी योजना अंतर्गत शहरक 4,04,509 घर आ प्रतिष्ठान कें शामिल कएल जाएत। एहि मे 3,42,892 आवासीय घर, अपार्टमेंट आ छात्रावास शामिल अछि, जखनकि 61,617 व्यावसायिक प्रतिष्ठानसभ सं सेहो नियमित कचरा उठाव कएल जाएत। अपर नगर आयुक्त राजन सिन्हा कहलनि जे नव व्यवस्था सं शहरवासी कें कचरा उठाव आ सफाइक बेहतर सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। संगहि स्वच्छता रैंकिंग मे सुधार होएत आ पटना कें फाइव स्टार सं सेवन स्टार रेटिंग धरि पहुंचेबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि।

# मासिक नाट्य शृंखला अंतर्गत ओ डियर ग्लोबल विलेजक भेल शानदार प्रस्तुति

## ई प्रस्तुति प्रसिद्ध मैथिली नाट्य संस्था भंगिमा, पटनाक छल

**पटना, समदिया**

चेहरा पर तनाव लेने दर्शक जखन विद्यापति भवन सं घुरि रहल छलाह तं जेना सदमा मे रहथि। शहरी ऐशो-आरामक जद्दोजहद मे गाम मे जे किछु छूटि गेलनि, से जेना हुनका कोनो पैघ सदमा जकां लागल रहनि। पढ़ाई-लिखाई आ अन्य-अन्य जरूरी काज सभक लेल एक-एक कए बिकाइत जा रहल पुश्तैनी/अर्जित जमीनक टुकड़ी जेना हुनका अपन जड़ि सं कटबाक आ उपटबाक उद्यम लगलनि तं नौकरीपेशा भेलाक बाद गाम अयबा पर गाम द्वारा स्वीकृतिक संकटक तरुआरि लटकैत अनुभव भेलनि। विद्यानंद झाक मैथिली कथा जन्मदिन आ सुकांत सोमक कथा त्रिशंकुक कथा कोलाज ओ डियर ग्लोबल विलेजक जखन किशोर केशवक कसल निर्देशन मे रवि दिन विद्यापति भवन मे प्रस्तुति भेल तं ई जेना शहरी दर्शक लोकनि कें भीतर तक झकझोरि देलकनि। ई प्रस्तुति प्रसिद्ध मैथिली नाट्य संस्था भंगिमा, पटनाक छल।



वस्तुतः एहि कथा सब मे भूमंडलीकरणक बाद मिथिलाक गाम-गाम मे भेल परिवर्तन, तेजी सं शहर दिस भगैत आबादी, खाली होइत गाम आ एहि नव तरहक विस्थापनक ओजह सं उपजल भौगोलिक पहिचान सं जुड़ल विभिन्न समस्यादि दिस तर्जनी-संकेत कयल गेल अछि। भूमंडलीकरण अस्तित्व, पहिचान आ स्वीकृतिक एहि नव संकट कें जन्म देलक अछि। एहि प्रस्तुति मे बैजू झा, प्रीति कुमारी, नवी ठाकुर, शिवम कुमार झा, अनिमेष सिंह आ अमित कुमार मिश्र आदि कलाकार जेना जान फूंकि देलनि।

मिथिला-मैथिलीक शीर्षस्थ संस्था चेतना समिति, पटनाक सचिव जयदेव मिश्र आ भंगिमा, पटनाक सचिव किशोर केशव जनतब देलनि जे एहि प्रस्तुतिक संगहि मासिक नाट्य शृंखलाक श्रीगणेश भए गेल। चेतना समिति आ भंगिमाक संयुक्त तत्वावधान मे एहि शृंखलाक अंतर्गत अगस्त 2026 सं अगस्त 2027 धरि सब मासक दोसर रवि कें मैथिली कथा, कविता, उपन्यास आ ललित निबंध केंद्रित प्रस्तुति सब बेरा-बेरी होयत। एहि शृंखला मे प्रस्तुति करबाक लेल भारत आ नेपालक अन्य मैथिली नाट्य संस्था सब कें सेहो सादर आमंत्रित कयल जा रहल अछि।

# अज्ञात अपराधी सभ किराना व्यवसायी कें मारलक गोली

» पेट मे लागल दू गोली, हालति चिंताजनक

## अनुमंडलीय अस्पताल मे प्राथमिक उपचारक बाद कएल गेल रेफर





**मधुबनी, समदिया**

जयनगर अनुमंडल क्षेत्रक कमला रोडक लग पूर्व सं घात लगौने बाइक सवार अपराधी सभ किराना व्यवसायी कें गोली मारि घायल कए देलक आ रुपैया सं भरल थैली लए कए फरार भए गेल। घायल व्यवसायीक पहचान जयनगर निवासी टिंकू महतो (लगभग 42 वर्ष) केर रूप मे भेल अछि। घायलव्यवसायी कें स्थानीय लोकक सहयोग सं जयनगर अनुमंडलीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल, जतय प्राथमिक उपचारक बाद गंभीर स्थिति कें देखैत मधुबनी रेफर कएल गेल। सदर अस्पताल सं सेहो नीक इलाज लेल मधुबनी क्रिब्स हॉस्पिटल रेफर कएल गेल, जतय सं चिकित्सक सभ दरभंगा पारस अस्पताल रेफर करबाक सलाह देलनि। कहल जा रहल अछि जे व्यवसायीक पेट मे दू गोली लागल अछि आ हुनकर स्थिति चिंताजनक अछि। घटनाक सूचना भेटिते जयनगर एसडीपीओ सदानंद कुमार, इंस्पेक्टर सह थानाध्यक्ष रमन कुमार सहित पुलिस बल घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिस घटनास्थल सं एकटा जिंदागोली आ खाली खोखा बरामद कएलक। घटना राति करीब 10 बजकर 22 मिनट पर भेल बताओल जा रहल अछि। पुलिस घटनास्थलक आसपास लगाओल गेल सीसीटीवी कैमरा केर फुटेज खंगालि रहल अछि। पुलिसक अनुसार सीसीटीवी फुटेज मे अपराधीसभक चेहरा आ घटना कें अंजाम दैत दृश्य कैद भेल अछि। फुटेजक आधार पर अपराधीक पहचान आ गिरफ्तारी लेल कारबाइ तेज कएल गेल अछि। जयनगर एसडीपीओ सदानंद कुमार घटना संबंधी सूचना वरिष्ठ पुलिस पदाधिकारी कें देलनि। सूचना पाबि मधुबनी सं एसएसपी योगेंद्र कुमार आ ग्रामीण एसपी शिवम धाकड़ जयनगर पहुंचि घटनास्थलक बारीकी सं निरीक्षण कएलनि। एसएसपी योगेंद्र कुमार एकटा विशेष टीम गठित कए अपराधी सभ कें शीघ्र सं शीघ्र गिरफ्तार करबाक निर्देश देलनि। एसएफएल टीम सेहो घटनास्थल पर पहुंचि बिखरल खूनक नमूना सहित अन्य महत्वपूर्ण साक्ष्य एकत्रकएलक। एसएसपी योगेंद्र कुमार घायल व्यवसायीक परिजन कें आश्वासन देलनि जे अपराधी सभ कें शीघ्र कानूनक शिकंजा मे आनल जायत।

# उप-शास्त्रीय गायन प्रतियोगिता मे मांडवी कुमारी प्रथम

**सीतामढ़ी, समदिया**



पीएम श्री केंद्रीय विद्यालय जवाहरनगरक छात्रा मांडवी कुमारी संकुल स्तरीय राष्ट्रीय एकता पर्व उप- शास्त्रीय गायन प्रतियोगिता मे प्रथम स्थान प्राप्त कए विद्यालयक नाम रोशन कएलनि। अपन शानदारप्रस्तुति सं मांडवी प्रतियोगिता मे पहिल स्थान प्राप्त कएलनि। आब हुनकर चयन संभाग स्तरीय राष्ट्रीयएकता पर्व उप-शास्त्रीय गायन प्रतियोगिता लेल भेल अछि। मांडवीक उपलब्धि सं विद्यालय परिवारक संग हुनकर अभिभावक मे सेहो खुशीक माहौल अछि। अभिभावक अपन बेटीक सफलता पर प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे संभाग स्तरीय प्रतियोगिता लेल मांडवीक चयन हुनका लेल गर्व आ खुशीक विषय अछि। एहि उपलब्धि लेल ओ विद्यालय परिवारक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। मांडवी अपन सफलताक श्रेय विद्यालयक संगीत शिक्षक संजय कुमारक कुशल मार्गदर्शन आ निरंतर अभ्यास कें देलनि। ओ टीमक अन्य अनुरक्षक रिजवाना, कु. शहनाज आ फरहीन द्वारा देल गेल प्रोत्साहनआ सहयोग लेल विशेष आभार व्यक्त कएलनि। मांडवीक शानदार सफलता पर विद्यालयक प्राचार्य पंकज अग्रवाल, प्रधानाध्यापक आर.के. रंजन, कार्यक्रम प्रभारी ओम प्रकाश प्रियदर्शी, सदस्य अजीत सिंह, रंजन कुमार, अक्षय कुमार आ रणजीत कुमार सिंह सहित सभ शिक्षक-शिक्षिकागण हुनका बधाइ देलनि। विद्यालय परिवारक कहब अछि जे मांडवीक ई उपलब्धि अन्य विद्यार्थीक लेल सेहो प्रेरणादायक अछि। शिक्षा संग कला आ सांस्कृतिक गतिविधि कें बढ़ावा देबाक विद्यालयक प्रयासक ई सुखद परिणाम अछि।

# एनएच-22 फूलकाहां मोड़ पर सघन वाहन जांच, सात वाहन सं 12 हजार जुर्माना

**सीतामढ़ी, समदिया**



एनएच-22 पर रवि को भुतही थाना पुलिस द्वारा फूलकाहां मोड़ के समीप सघन वाहन जांच अभियान चलाओल गेल। एसआई विवेक कुमारक नेतृत्व मे पुलिस बल फूलकाहां मोड़ लग बैरिकेडिंग कए छोट-बड़ सभ वाहनक जांच कएलक। एहि दौरान चालकक हेलमेट, ड्राइविंग लाइसेंस, रजिस्ट्रेशन सर्टिफिकेट आ इंश्योरेंस सहित आवश्यक कागजातक बारीकी सं जांच कएल गेल। जांच अभियानक दौरान दू पहिया वाहन पर ट्रिपल लोडिंग कए चलनिहार चालक सभ पर सेहो पुलिसक विशेष नजरि रहल। कागजात अधूरा भेटल आ बिना हेलमेट यात्रा करैत पकड़ल गेल वाहन चालकक विरुद्ध कारबाइ कएल गेल। अभियानक दौरान सात वाहन सं कुल 12 हजार टाकाक चालान काटल गेल। पुलिसक टीम वाहन चालक सभ कें यातायात नियमक पालन करबाक सख्त हिदायत देलक। एसआईविवेक कुमार कहलनि जे सड़क पर चलैत समय सुरक्षा मानकक अनदेखी नहि करबाक चाही। हेलमेट आसीट बेल्ट अपन सुरक्षाक लेल जरूरी अछि, पुलिसक डर सं बचबाक लेल नहि। पुलिस कहलनि जे अपराध नियंत्रण आ सड़क दुर्घटना रोकबाक उद्देश्य सं क्षेत्र मे आगू सेहो एहि तरहक सघन वाहन जांच अभियान लगातार चलाओल जाएत।

# मेरा युवा भारतक सहयोग सं सदर अस्पताल मे रक्तदान शिविर आयोजित

**सीतामढ़ी, समदिया**




स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर मनाओल जा रहल पखवाड़ाक अंतर्गत 9 अगस्त कें मेरा युवा भारत, जिला प्रशासन आ जिला स्वास्थ्य विभागक सहयोग सं सदर अस्पताल स्थित रक्त केंद्र मे रक्तदान शिविर आयोजित कएल गेल। शिविर मे युवा सहित अन्य लोक उत्साहपूर्वक भाग लैत स्वैच्छिक रक्तदान कएलनि। बताओल गेल जे 5 अगस्त 2026 कें जिलाधिकारीक अध्यक्षता मे आयोजित बैसार मे स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर पखवाड़ा मनएबाक निर्णय लेल गेल छल। ओहि क्रम मे 9 अगस्त कें रक्तदान शिविर आयोजित कएल गेल। मेरा युवा भारतक स्वयंसेवक सेहो रक्तदान कए एहि मानवसेवाक पहल मे अपन सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित कएलनि आ अन्य युवा सभ कें रक्तदान लेल प्रेरित कएलनि। शिविर मे रक्तदाता सभ कें रक्तदानक महत्वक जानकारी दैत कहल गेल जे रक्तदान महादान अछि। एक व्यक्ति द्वारा कएल गेल रक्तदान जरूरतमंद रोगीक जीवन बचाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभासकैत अछि। शिविरक उद्देश्य युवा आ आम नागरिक मे स्वैच्छिक रक्तदानक प्रति जागरूकता बढ़ेबाकसंग जरूरतमंद रोगी लेल रक्तक उपलब्धता सुनिश्चित करब छल।जिला युवा अधिकारी, मेरा युवा भारतक राकेश कुमार कहलनि जे रक्तदान मानवसेवाक श्रेष्ठ उदाहरणअछि। मेरा युवा भारतक उद्देश्य युवा सभ कें सामाजिक सरोकार आ राष्ट्र निर्माणक गतिविधि मे सक्रियभागीदारी लेल प्रेरित करब अछि। स्वतंत्रता दिवस पखवाड़ाक अंतर्गत आयोजित एहि शिविर सं युवा सभमे सेवा, संवेदना आ सामाजिक उत्तरदायित्वक भावना मजबूत करबाक प्रयास कएल गेल अछि। मेरा युवाभारतक दिस सं कहल गेल जे रक्तदान सामाजिक जिम्मेदारीक संग मानवताक सेवाक महत्वपूर्ण माध्यमसेहो अछि। पखवाड़ाक माध्यम सं युवा सभ कें समाजहित, सेवा आ राष्ट्र निर्माणक गतिविधि सं जोड़बाक प्रयास निरंतर जारी अछि।

# छात्र सभ कें देल गेल नेतृत्वक जिम्मेदारी

## डीएवी पब्लिक स्कूल मे भव्य अलंकरण समारोह

**दरभंगा, समदिया**

डीएवी पब्लिक स्कूल, दरभंगाक दिस सं लहेरियासराय स्थित प्रेक्षागृह मे भव्य अलंकरण समारोहकआयोजन उत्साह आ गरिमापूर्ण वातावरण मे कएल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य छात्र सभ मे नेतृत्व क्षमता, आत्मविश्वास, अनुशासन, जिम्मेदारी आ सेवाक भावना विकसित करब छल। कार्यक्रमक शुभारंभ विद्यालयक प्राचार्या स्निग्धा स्नेहा, मुख्य अतिथि जिलाधिकारी कौशल कुमार, विशिष्ट अतिथि वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रड्डी जला रड्डी आ सम्मानित अतिथि उर्वशी रानी वैदिक मंत्रोच्चारणक बीच दीप प्रज्वलित कए कएलनि। एहि अवसर पर अभिभावक आ विभिन्न विद्यालयक प्राचार्य उपस्थितछलाह। प्राचार्या स्निग्धा स्नेहा कहलनि जे विद्यालयक उद्देश्य मात्र शैक्षणिक ज्ञान देब नहि, बल्कि छात्र सभ कें जिम्मेदार, संवेदनशील आ संस्कारवान नागरिक बनएब अछि। नेतृत्व कोनो पद नहि, बल्कि जिम्मेदारीक निर्वहन करबाक आ अपन आचरण सं उदाहरण प्रस्तुत करबाक अवसर अछि।समारोह मे छात्र परिषदक नवनियुक्त पदाधिकारी सभ कें अलंकृत कए जिम्मेदारी सौंपल गेल। सीनियरविंग मे स्कूल कैप्टन ज्योत्स्ना जॉन रॉय, वाइस कैप्टन नव्या सरावगी, सेक्रेटरी अमृत राज, हेड बॉय अनयमिश्रा आ हेड गर्ल सुमेधा कुमारी चुनल गेलीह। जूनियर विंग मे हेड बॉय शुभ भारद्वाज आ हेड गर्लविद्या कें दायित्व देल गेल।जिलाधिकारी कौशल कुमार कहलनि जे छोट-छोट जिम्मेदारीक ईमानदारी सं निर्वहन भविष्यक पैघ दायित्वक तैयारी अछि। वरीय पुलिस अधीक्षक बच्चा सभ कें आलोचना सहबाक क्षमता विकसित करबाकआ नशा तथा मोबाइल सं दूर रहबाक सलाह देलनि।समारोह मे छात्र सभ गीत आ नृत्यक आकर्षक प्रस्तुति देलनि। मंच संचालन दीपेंद्र कुमार, विपुल पराशर, दीपिका आ देवयानी मेहता कएलनि।

# रन फॉर नेशन मैराथन मे दौड़ल सैकड़ो युवा, फिटनेसक संग देलनि राष्ट्रभक्तिक संदेश

**दरभंगा, समदिया**




हर कदम फिटनेस लेल, हर दौड़ राष्ट्र लेल केर संकल्पक संग अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद् (अभाविप), दरभंगा आ खेलो भारतक संयुक्त तत्वावधान मे रविदिन कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय परिसर मे रन फॉर नेशन मैराथन 2026क आयोजन कएल गेल। मैराथन मे पैघ संख्यामे छात्र-छात्रा, युवा आ महिला-पुरुष प्रतिभागी उत्साहक संग शामिल भेलाह। कार्यक्रमक अंतर्गत पुरुष वर्ग लेल पांच किलोमीटर आ महिला वर्ग लेल तीन किलोमीटरक दौड़ आयोजित कएल गेल। मुख्य अतिथि नगर विधायक सह भाजपा बिहार प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे युवाक ऊर्जा कें सकारात्मक दिशा देला सं समाज आ राष्ट्र कें नव गति देल जा सकैत अछि। खेल आ शारीरिक गतिविधि व्यक्तित्व निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। सरकार सेहो खेल प्रतिभाक करियर विकास पर जोर दैत अछि। विशिष्ट अतिथि कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक कुलपति प्रो. लक्ष्मी निवास पांडेयकहलनि जे शिक्षा संग शारीरिक स्वास्थ्य सेहो सर्वांगीण विकास लेल आवश्यक अछि। अभाविप उत्तरबिहार प्रांत मंत्री पुरुषोत्तम कुमार युवा सभ कें राष्ट्र निर्माणक शक्ति बतबैत सकारात्मक सोचक संगसमाज मे परिवर्तनक वाहक बनेबाक आह्वान कएलनि। खेलो भारतक प्रांत सह-संयोजक सत्यम झा खेलकें अनुशासन, आत्मविश्वास आ स्वस्थ जीवनक माध्यम बतौलनि।निर्धारित समय पर फ्लैग-ऑफक संग मैराथन शुरू भेल। भारत माता की जय, वंदे मातरम् आ खेलेगा युवा-जीतेगा भारत केर नारा सं पूरा परिसर राष्ट्रभावना सं गूंजि उठल। प्रतिभागीक सुविधा लेल पेयजल, ओआरएस, मेडिकल टीम, प्राथमिक उपचार, स्वयंसेवक आ सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल छल। मैराथनक बाद उत्कृष्ट प्रदर्शन कएनिहार प्रतिभागी कें पुरस्कृत कएल गेल। प्रथम पुरस्कार मे साइकिल,द्वितीय पुरस्कार मे स्मार्ट वॉच आ स्मार्ट बोतल तथा तृतीय पुरस्कार मे स्पोर्ट्स शूज देल गेल। एकरअतिरिक्त टॉप-50 पुरुष आ टॉप-50 महिला प्रतिभागी कें मेडल आ प्रमाणपत्र देल गेल। मंच संचालनहरिओम झा कएलनि। विभाग संयोजक मनोज मिश्रा आयोजनक सफलता मे सहयोग देनिहार विश्वविद्यालय प्रशासन, पुलिस-प्रशासन, चिकित्सा टीम, स्वयंसेवक, मीडिया प्रतिनिधि आ सभ प्रतिभागीक प्रति आभार व्यक्त कएलनि।

## गोवर्धनपुर मे उर्स-ए-आला हज़रत अकीदत आ मोहब्बतक संग मनाओल गेल

**सीतामढ़ी, समदिया**

जामिया मुस्तफ़विया रज़विया गोवर्धनपुर मे उर्स-ए-आला हज़रत इमाम अहमद रज़ा ख़ान फ़ाज़िल-ए-बरेलवी कें बहुत अकीदत आ मोहब्बतक संग मनाओल गेल। एहि अवसर पर जामियाक असातिज़ा आ तलबाक अतिरिक्त गाम आ आसपासक इलाका सं पैघ संख्या मे उलमा-ए-किराम आ अकीदतमंद लोकनि उपस्थित भेलाह। महफ़िल मे उलमा-ए-किराम आला हज़रतक इल्मी, दीनी आ समाजी ख़िदमात पर विस्तार सं प्रकाशदेलनि। संगहि लोकनि कें हुनका द्वारा बताओल गेल बाट पर चलबाक ताकीद कएलनि। नात-ओ- मनक़बत आ ख़ुसूसी तक़रीरक बाद सलात-ओ-सलाम पेश कएल गेल। कार्यक्रमक अंत मे मुल्क आ मिल्लतक सलामती, अम्न-ओ-अमान, जामियाक तरक़्क़ी तथा सभ लोकक फ़लाह आ बहबूदी लेल ख़ुसूसी दुआ कएल गेल। उर्स-ए-आला हज़रतक ई महफ़िल निहायत पुर-अकीदत आ रूहानी वातावरण मे संपन्नभेल।

# चारि पैघ कारबाइ मे 309 लीटर नेपाली शराब जब्त, चारि अभियुक्त गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**



भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगर द्वारा लगातार चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 8 आ 9 अगस्त 2026 कें सीमाक्षेत्र मे चारि अलग-अलग कारवाइ सफलतापूर्वक कएल गेल। एहि कारवाइ मे कुल 309 लीटर नेपाली शराब बरामद कए जब्त कएल गेल। कारवाइक दौरान चारि व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल, जखन कि तस्करी मे प्रयुक्त दूटामोटरसाइकिल आ तीनटा साइकिल सेहो जब्त कएल गेल। जी कंपनी जानकीनगरक कारबाइ करीब 19:40 बजे जी कंपनी, जानकीनगर, 48म वाहिनी एसएसबीक कंपनी मुख्यालय कें सूचना भेटल जे एसएसबीक सरकारी वाहन कें देखिकऽ एक व्यक्ति अपन मोटरसाइकिल छोड़ि बेला गाम दिस भागि गेल अछि। सूचनाक आधार पर विशेष गश्ती दल कें तत्काल घटनास्थल पर पठाओल गेल। टीम सीमा स्तंभ संख्या 277/1 सं करीब 3.5 किलोमीटर भारतीय क्षेत्र मे ग्राम बेला टोल, थाना बासोपट्टीक लग लावारिस मोटरसाइकिलक तलाशी लेलनि। तलाशी दौरान मोटरसाइकिलक स्टोरेज आ सीट तर सं सौरभ सोफीक 90 बोतल, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 27 लीटर नेपाली शराब बरामद भेल। घटनास्थल सं हीरो पैशन एक्स-प्रो मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। एहि कारवाइ मे कोनो व्यक्ति गिरफ्तार नहि भेल। एफ कंपनी मुख्यालय कमलाक कारवाइ 8 अगस्त 2026 कें करीब 22:30 बजे एफ कंपनी मुख्यालय कमलाक नाका पार्टी सीमा स्तंभ संख्या 271/WP-1 सं करीब 400 मीटर भारतीय क्षेत्र मे ग्राम अकौन्हाक लग नाका ड्यूटी पर तैनात छल। एहिदौरान नेपालक दिस सं भारत दिस आबि रहल दू व्यक्ति कें रोकि हुनका लग मौजूद कैरी बैगक तलाशी लेल गेल। तलाशी मे नेपाली सोफीक 105 बोतल, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 31.5 लीटर शराब बरामद भेल। दुनू व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल। डी कंपनी, बीओपी अखराघाटक कारबाइ करीब 06:34 बजे डी कंपनीक बीओपी अखराघाटक गश्ती दल सीमा स्तंभ संख्या 291/14 सं करीब 30 मीटर भारतीय क्षेत्र मे नदीक लग नियमित गश्ति करैत छल। एहि दौरान गश्ती दल किछु व्यक्ति कें नदी पार कए साइकिल पर बोरा लादैत देखलक। एसएसबी जवान कें देखिते किछु व्यक्ति नदी मे छलांगलगाकऽ नेपाल दिस भागबाक प्रयास कएलक। गश्ती दल तत्परता सं पीछा कए एक व्यक्ति कें पकड़िलेलनि, जखन कि अन्य व्यक्ति नेपाल दिस भागि निकलल। घटनास्थल सं 720 बोतल नेपाली शराब, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 216 लीटर, आ तीनटा साइकिल बरामद कएल गेल।ए कंपनी माधवपुरक कारवाइ 9 अगस्त 2026 कें करीब 9:45 बजे ए कंपनी, माधवपुर, 48म वाहिनी एसएसबीक विशेष गश्ती दल सीमा स्तंभ संख्या 296/1 सं करीब 150 मीटर भारतीय क्षेत्र मे विशेष गश्ति करैत छल। एहि दौरान नेपालक दिस सं मोटरसाइकिल पर भारत आबि रहल एक संदिग्ध व्यक्ति कें रोकि तलाशी लेल गेल। तलाशी दौरान मोटरसाइकिलक स्टील टंकी सं नेपाली सोफीक 115 बोतल, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 34.5 लीटर शराब बरामद भेल। घटनास्थल सं हीरो स्प्लेंडर प्लस मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल आ एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल। कुल 309 लीटर नेपाली शराब बरामद चारू कारवाइ मे कुल 309 लीटर नेपाली शराब, दूटा मोटरसाइकिल आ तीनटा साइकिल जब्त कएल गेल, जखन कि चारि व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल। चारू मामिला मे आवश्यक जब्ती आ गिरफ्तारीक कारबाइ पूरा कएलाक बाद गिरफ्तार अभियुक्त सभ आ जब्त सामग्री कें संबंधित थाना—बासोपट्टी, देवधा, साहरघाट आ मधवापुर— कें आगांक वैधानिक कारबाइ लेल विधिवत सुपुर्द कएल गेल। कमांडेंट जवानक सतर्कता आ कारबाइक कएलनि सराहना एहि अवसर पर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट कहलनि जे भारत-नेपाल सीमाक सुरक्षा आ सीमाक्षेत्र मे होमयवला अवैध गतिविधि पर प्रभावी रोक लगायब बलक प्राथमिक जिम्मेवारी अछि। सीमापर तैनात जवान सभ द्वारा प्राप्त सूचनापर त्वरित कारवाइ, सतर्क गश्ति आ नाका ड्यूटीकमाध्यम सं तस्करीक प्रयास कें लगातार विफल कएल जा रहल अछि। उन्होने कहलनि जे अवैध शराब, मादक पदार्थ आ अन्य प्रतिबंधित वस्तुक तस्करीक विरुद्ध 48म वाहिनीद्वारा आगू सेहो पूरा सख्ती आ समन्वयक संग अभियान जारी राखल जायत। सीमा सुरक्षाक संगस्थानीय प्रशासन आ संबंधित एजेंसीसभक संग नीक समन्वय स्थापित कए तस्करी नेटवर्क पर प्रभावी अंकुश लगाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। कमांडेंट कारवाइ मे शामिल अधिकारी आ जवानसभकसतर्कता, साहस, त्वरित प्रतिक्रिया आ कर्तव्यनिष्ठाक सराहना करैत कहलनि जे सीमा सुरक्षा मे प्रत्येक जवानक सजगता महत्वपूर्ण अछि। 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगर भारत-नेपाल सीमाक सुरक्षा संग-संग सीमाक्षेत्र मे अवैध तस्करी आ अन्य गैरकानूनी गतिविधिक विरुद्ध अपन अभियान निरंतर जारी रखत।

# झंझारपुर आ फुलपरास मे अपराध समीक्षा बैसार, ई-साक्ष्य ऐपक अनिवार्य उपयोग पर जोर

## अररिया संग्राम आ घोघरडीहा थानाध्यक्ष कें शो-कॉज

» डेटा-आधारित पुलिसिंग सं कानून-व्यवस्था होयत सुदृढ़

झंझारपुर, समदिया



अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी कार्यालय, झंझारपुर आ फुलपरास मे शनिदिन अलग-अलग अपराध समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे झंझारपुर आ फुलपरास अनुमंडलक सभ अंचल निरीक्षक आ थाना प्रभारी सहभागी भेलाह। झंझारपुर एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा आ फुलपरास एसडीपीओ अमित कुमारक अध्यक्षता मे भेल बैसार मे कानून-व्यवस्था, नव कानूनक क्रियान्वयन आ लंबित मामिलाक निष्पादन पर विस्तृत समीक्षा कएल गेल आ कतेको महत्वपूर्ण निर्देश देल गेल। बैसार मे बीएनएसएसक अंतर्गत पुलिसिंग कें आधुनिक आ पारदर्शी बनेबाक लेल ई-साक्ष्य ऐपक अनिवार्य उपयोग पर विशेष जोर देल गेल। छापेमारी, तलाशी, जब्ती आ बयान दर्ज करबाक समय वीडियोग्राफी आ फोटोग्राफी सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं साक्ष्यक विश्वसनीयता बढ़य आ न्यायालय मे दोषी कें सजा दिलेबाक प्रक्रिया सुगम हो। असामाजिक तत्व पर नकेल कसबाक लेल सभ थाना कें नियमित रूप सं एंटी-क्राइम वाहन चेकिंग चलाबय लेल कहल गेल। गंभीर मामिला मे फरार आरोपीक विरुद्ध एनबीडब्लू आ कुर्की-जब्तीक प्रक्रिया तेज करैत गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। दुनू एसडीपीओ कहलनि जे सुप्रीम कोर्ट आ हाईकोर्ट मे लंबित मामिला आ जनहित याचिकाक पर वरिष्ठ अधिकारीक निगरानी मे प्राथमिकताक आधार पर कारबाइ सुनिश्चित कएल जाय। श्रावणी मेला मे सुरक्षा, भीड़ प्रबंधन आ श्रद्धालुसभक सुविधा लेल विशेष योजना बनाकए अतिरिक्त पुलिस बल तैनात करबाक निर्णय सेहो लेल गेल। भूमि विवाद कें कानून-व्यवस्थाक संकट बने सं रोकबाक लेल बीएनएसएसक धारा 126/135क अंतर्गत त्वरित निरोधात्मक कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। सहयोग पोर्टल पर दर्ज शिकायतसभक समयबद्ध ढंग सं निष्पादन सुनिश्चित करबाक लेल सेहो कहल गेल। झंझारपुर अनुमंडल मे 113.91 प्रतिशत क्लियरेंस रेट झंझारपुर अनुमंडल मे कुल 194 मामिला दर्ज भेल, जखन कि 221 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। अनुमंडल स्तर पर क्लियरेंस रेट 113.91 प्रतिशत रहल। निष्पादनक मामिला मे झंझारपुर थाना 142.10 प्रतिशतक संग सर्वोच्च रहल। भैरव स्थान थाना 141.17 प्रतिशत आ भेजा थाना 131.25 प्रतिशतक निष्पादन दर प्राप्त कएलक। ओतहि अररिया संग्राम थाना कमजोर रहल, जतय 18 मे सं मात्र 12 मामिलाक निष्पादन भेल आ क्लियरेंस रेट 66.66 प्रतिशत रहल। फुलपरास अनुमंडल मे 132.53 प्रतिशत क्लियरेंस रेट फुलपरास अनुमंडल मे कुल 209 मामिला दर्ज भेल, जखन कि 277 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। अनुमंडल मे क्लियरेंस रेट 132.53 प्रतिशत रहल। फुलपरास थाना 204.54 प्रतिशतक संग सर्वोच्च स्थान पर रहल। लौकहा थाना 134.61 प्रतिशत आ ललमनिया थाना 122.22 प्रतिशतक निष्पादन दर हासिल कएलक। ओतहि घोघरडीहा थाना 86.20 प्रतिशतक संग कमजोर रहल। घोघरडीहा थाना मे 29 मे सं मात्र 25 मामिलाक निष्पादन भेल। नीक प्रदर्शन करबाक लेल झंझारपुर, भैरव स्थान, फुलपरास आ लौकहा थाना अध्यक्षक प्रशंसा कएल गेल। लक्ष्य सं पछुआयल अररिया संग्राम आ घोघरडीहा थाना अध्यक्ष कें शो-कॉज जारी कए लंबित कांडक निष्पादन मे तत्काल सुधार आनबाक निर्देश देल गेल। संगहि चेतावनी देल गेल जे प्रदर्शन मे सुधार नहि भेल तं सख्त विभागीय कारबाइ कएल जायत। बैठकक अंत मे स्पष्ट कहल गेल जे पुलिसिंगक कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जायत। नव तकनीकक उपयोगक संग निष्पक्ष अनुसंधान आ जन-सुरक्षा पुलिसक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि।

# 501 कांवरियाक जत्था बाबा कुशेश्वरस्थान लेल बिदा, जयंतीपुर चौक पर डीएसपी पियौलनि शरबत

## सावनक दोसर सोमबारी कें बाबा कुशेश्वरस्थान मे करताह जलाभिषेक



अलीनगर, समदिया

अलीनगर प्रखंड क्षेत्रक जयंतीपुर दाथ सं रविदिन 501 कांवरियाक जत्था बाबा कुशेश्वरस्थान महादेव मंदिर मे जलाभिषेक लेल रवाना भेल। कांवरिया सभ पहिने महीनाम घाट स्थित भूतनाथ महादेव मंदिर परिसर सं जल उठौलनि। तकर बाद जयंतीपुर दाथ, शिवनगर घाट, सुपौल बाजार आ बैर चौक होइत बिलासपुर लेल प्रस्थान कएलनि, जतय राति मे विश्रामक व्यवस्था कएल गेल अछि। कांवरियासभक रातिक विश्राम आ भोजनक व्यवस्था जयंतीपुर निवासी राजेश साहूद्वारा कएल गेल अछि। राजेश साहू पछिला किछु वर्ष सं बिलासपुर मे रहि कए अपन घर बना चुकल छथि। हुनका द्वारा कांवरियासभक लेल भोजन, ठहरबाक व्यवस्था आ सेवा-सत्कार कएल जाएत। राति मे श्रद्धालुसभक मनोरंजन लेल महादेव-पार्वतीक झांकीक आयोजन सेहो कएल गेल अछि। कांवरियाक जत्था जखन जयंतीपुर चौक पर पहुंचल तं बेनीपुर डीएसपी बासुकीनाथ झा दल-बलक संग हुनकर स्वागत कएलनि। डीएसपी कांवरिया सभ कें शरबत पिआओलनि आ बाबा कुशेश्वरस्थान लेल रवाना कएलनि। एहि दौरान कांवरिया सभ मे बहुत उत्साह देखल गेल। भक्तिमय डीजेक धुन आ भगवान शिवक जयकारा सं पूरा क्षेत्र गूंजैत रहल। कांवरिया सभझांकीक आनंद लैत बाबा कुशेश्वरस्थानक दिस आगू बढ़ैत रहलाह। जत्था मे शामिल श्रद्धालु सभ सावनक दोसर सोमारी कें बाबा कुशेश्वरस्थान महादेव मंदिर पहुंचि जलाभिषेक करताह। कांवरियाक जत्था आगू बढ़ैत रहल आ पूरा क्षेत्र भक्तिमय आ शिवमय बनल रहल।

# खेग्रामसक 13-14 अगस्त कें जयनगर प्रखंड-अंचल पर होयत आंदोलन

मधुबनी, समदिया



अखिल भारतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर सभा (खेग्रामस)क आह्वान पर 13-14 अगस्त 2026 कें प्रखंड-अंचल कार्यालय, जयनगरक समक्ष होमयवाला दिन-रातिक सत्याग्रह आंदोलनक तैयारी कें लए जयनगरकराजपूताना टोला मे विशाल आमसभा आयोजित कएल गेल। अध्यक्षता खेग्रामसक प्रखंड संयोजक कॉमरेड तस्लीम कएलनि। आमसभा मे सैकड़ो गरीब मजदूर, भूमिहीन आ ग्रामीण सहभागी भेलाह। सभाक संबोधित करैत भाकपा-मालेक प्रखंड सचिव भूषण सिंह कहलनि जे गरीब आ भूमिहीन परिवार कें उजाड़ला सं पहिने सरकार पुनर्वासक व्यवस्था करय। वर्षो सं सरकारी आ गैर-मजरूआ जमीन पर बसल परिवार कें बासगीत पर्चा देल जाय आ भू-हदबंदीक अंतर्गत पूर्व मे पर्चा प्राप्त भूमिहीन सभ कें जमीन पर दखल- कब्जा दिलाओल जाय। ओ राशन कार्डक कथित छंटनी पर रोक लगाबय, पात्र गरीब परिवार कें नियमित राशन उपलब्ध कराबय आ सामाजिक सुरक्षा पेंशन देबाक मांग कएलनि। कहलनि जे जयनगर अंचल कार्यालय मे दाखिल-खारिज, एलपीसी, परिमार्जन, भूमि मापी, अभियान बसेरा, प्रमाण-पत्र जारी करबा सहितविभिन्न कार्य मे कथित लापरवाही आ बिचौलियागिरी पर रोक लगाओल जाय। संगहि आवेदनक निर्धारितसमय-सीमा मे पारदर्शी ढंग सं निष्पादन सुनिश्चित कएल जाय। भूषण सिंह जयनगर अनुमंडलीय अस्पताल मे कथित चिकित्सकीय लापरवाही सं पांच वर्षीय पार्थिक कुमारक भेल मृत्युक निष्पक्ष जांच करबाक, दोषी पाओल गेल लोक सभ पर कारबाइ करबाक आ मृतकक परिजन पर दर्ज प्राथमिकीक निष्पक्ष समीक्षा करबाक मांग सेहो कएलनि। आमसभा कें संबोधित करैत कॉमरेड तस्लीम कहलनि जे गरीबक जमीन, आवास, राशन, पेंशन आ रोजगारक सवाल कें लए आंदोलन कें आरो तेज कएल जायत। ओ 13-14 अगस्त कें प्रस्तावित सत्याग्रह आंदोलन मे पैघ संख्या मे सहभागी भए एकरा सफल बनेबाक अपील कएलनि। आमसभा मे राजलाल पासवान, पहाड़ी सदाय, शिबो देवी, महेंद्री देवी, रामावतार राम, रघू राम, मोहन पासवान, रीता देवी, सुनील राम, सवीला खातून, जहाना खातून, जानकी देवी, अमृत सिंह, तेजी लाल कामत, रानी देवी, कुशमा देवी, देबू पासवान सहित सैकड़ो लोक उपस्थित छलाह।

# भोगेंद्र झा सामाजिक, राजनीतिक आ आर्थिक परिवर्तनक प्रणेता छलाह : रामनरेश पांडेय




बिस्फी, समदिया

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टीक राष्ट्रीय आह्वान पर चलि रहल पदयात्राक चारिम दिन राज्य सचिव रामनरेश पांडेय बिस्फी अंचलक बरहा पहुंचि स्मृति शेष स्वतंत्रता सेनानी, पूर्व सांसद आ महान साम्यवादी भोगेंद्र झाक जन्मदिवस पर हुनकर स्मारक पर पुष्पांजलि अर्पित कएलनि। एहि उपरांत हुनकर स्मृति मे रघेपुरापंचायत मे पदयात्राक शुभारंभ कएल गेल। भोगेंद्र झाद्वारा स्थापित हरिजन संस्कृत महाविद्यालयक परिसर मे आयोजित नुक्कड़ सभा कें संबोधित करैत रामनरेश पांडेय कहलनि जे आइ देश मे कॉरपोरेट राज चलि रहल अछि। किसान, मजदूर, छात्र आ नौजवानक विरुद्ध नीति बना कए संविधान आ लोकतंत्रक हत्या कएल जा रहल अछि। देशक शिक्षा व्यवस्था सेहो बेहाल भए गेल अछि। राज्य सचिव कहलनि जे 15 अगस्त कें सीपीआईक राष्ट्रीय स्तर पर आयोजित पदयात्रा आ 1 सितंबर कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे होमयवाला रैली मे मधुबनी सं सैकड़ो साथी सहभागी हेता। केंद्र आ बिहारसरकार किसान, मजदूर, छात्र आ नौजवानक हितक बात नहि करैत अछि। पूंजीपति सभ कें लाभ पहुंचाबय लेल सरकार नीति बना रहल अछि। केंद्र आ बिहार सरकार नौजवान सभ कें रोजगार देबा आ कानूनक राज स्थापित करबा मे असफल रहल अछि। भोगेंद्र झाक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित करबाक संग रघेपुरा पंचायतक बरहा मे आयोजित पदयात्रा मे जिला मंत्री मिथिलेश झा, राज्य परिषद सदस्य मनोज मिश्रा, बिस्फी अंचल मंत्री महेश यादव, जिला कार्यकारिणी सदस्य अशेश्वर यादव, उदय महाराज, शाखा मंत्री धीरज पासवान, बिल्लू पासवान सहित दर्जनाधिक साथी सहभागी भेलाह।

## पूर्व सांसद भोगेंद्र झाक 103म जयंती पर विद्यापति सेवा संस्थान देलक श्रद्धांजलि

दरभंगा, समदिया



पूर्व सांसद स्व. भोगेंद्र झाक 103म जयंती पर विद्यापति सेवा संस्थानक सदस्य सभ रविदिन भावपूर्ण श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। श्रद्धासुमन अर्पित करैत संस्थानक महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी 'बैजू' कहलनि जे पूर्व सांसद भोगेंद्र झा मिथिलाक एहन कर्तव्यनिष्ठ सपूत छलाह, जे मिथिला आ मैथिलीक विकास लेल आजीवन संघर्षरत रहलाह। बिजली, बाढ़ि, सुखाड़ सहित कतेको विकासात्मक मुद्दा कें लए संसद सं सड़क धरि कएल गेल हुनकर संघर्षक कारण ओ मिथिलाक जन-जनक स्मृति मे सदैव जीवंत रहताह। मैथिली अकादमीक पूर्व अध्यक्ष पं. कमला कांत झा कहलनि जे लोकसभा मे पहिल बेर अपन मातृभाषा मैथिली मे शपथ लए कए इतिहास रचयवाला भोगेंद्र झाक कीर्तिमान आ मैथिली कें आठम अनुसूची मेशामिल कराबय मे हुनकर योगदान लेल ओ सदैव इतिहासक पन्ना मे अमर रहताह। संस्थानक कार्यकारीअध्यक्ष डॉ. बुचरू पासवान हुनका मिथिला-मैथिलीक विकास लेल सतत चिंतनशील रहनिहार हितचिंतक बतेलनि। सचिव प्रो. जीवकांत मिश्र दिवंगत पुण्यात्मा कें नेक लोक, कुशल सामाजिक कार्यकर्ता, मिलनसारस्वभावक इमानदार नेता आ मिथिला-मैथिलीक विकासक समर्पित हितैषी बतेलनि। वरिष्ठ साहित्यकार मणिकांत झा पूर्व सांसद कें मिथिला-मैथिलीक विकास लेल समर्पित समाजसेवी बतेलनि। मीडिया संयोजक प्रवीण कुमार झा दिवंगत नेता कें श्रद्धासुमन अर्पित करैत कहलनि जे समाजसेवाक बाट पर स्वस्थ आस्वच्छ राजनीतिको साधनिहार मजबूत स्तंभक रूप मे भोगेंद्र झा सदैव प्रेरणास्रोत बनल रहताह। एहिअवसर पर विनोद कुमार झा, प्रो. विजय कांत झा, प्रो. चंद्रशेखर झा 'बूढ़ाभाई', दुर्गानंद झा, आशीष चौधरी, नवल किशोर झा, गिरिधारी झा सहित अन्य लोक सेहो पूर्व सांसद भोगेंद्र झा कें श्रद्धासुमन अर्पित कएलनि।

# जिला मे महंगाई बेलगाम, चीनी 53 रुपैया किलो आ सरसो तेल 202 रुपैया लीटर

मधुबनी, समदिया

मधेपुर बाजार सहित जिला मे महंगाई सं आम लोकक कमर टूटि रहल अछि। बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक जिलाध्यक्ष राम नारायण यादव बाजारक जायजा लए कए कहलनि जे चीनीकदाम 53 रुपैया प्रति किलो आ सरसों तेल 202 रुपैया प्रति लीटर पहुंचि गेल अछि।राम नारायण यादव कहलनि जे जखन दुकानदार सभ सं महंगाईक कारण पूछल गेल तं हुनका सभककहब छल जे बाजार मे ग्राहक नहि अछि आ चारू कात मंदीक माहौल अछि। एकरा बावजूद रोजमर्राक जरूरी खाद्य सामग्रीक दाम लगातार बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे पछिला एक सं दू मासक भीतर आलू, प्याज, तेल, रिफाइन आ चीनी सहित रोजमर्राक जरूरी वस्तुक दाम मे करीब 15 सं 20 रुपैया प्रति किलो धरि बढ़ोतरी भेल अछि। तेल आ रिफाइनक दाम मे सेहो भारी उछाल आएल अछि, जाहि संगृहिणीसभक घरेलू बजट पूरा तरहे बिगड़ि गेल अछि। यूनियनक जिलाध्यक्ष कहलनि जे महंगाईक मारसभ सं बेसी गरीब आ मध्यमवर्गीय परिवार पर पड़ि रहल अछि। एक दिस आमदनीक साधन सीमितअछि, तं दोसर दिस जरूरी सामान किनब सेहो कठिन भए गेल अछि। प्रशासन कें तत्काल हस्तक्षेप कए बाजार मे मूल्य नियंत्रण सुनिश्चित करबाक संग कालाबाजारी पर रोक लगाबय चाही। ओतबे नहि, हरियर तरकारीक भाव सेहो आसमान छू रहल अछि। देशी परवल 50 रुपैया प्रति किलो बिकि रहल अछि। महंगाईक लगातार बढ़ैत असर सं आम लोकक घरेलू खर्च पर अतिरिक्त बोझ पड़ि रहल अछि।

# चुनावी प्रक्रियाक लेल विद्यालय मे बाल संसदक गठन

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय औंसी बभनगामा उत्तरक सभागार मे विद्यालयक प्रधानाध्यापक मोहम्मद जियाउद्दीनक अध्यक्षता मे शिक्षक-शिक्षिका आ छात्र-छात्राक उपस्थिति मे बाल संसदक गठन लेल चुनावी प्रक्रिया आयोजित कएल गेल। बाल संसदक चुनाव विधिवत प्रक्रिया अंतर्गतमतपत्रक माध्यम सं मतदान कराकऽ संपन्न कराओल गेल। बच्चा सभ मे लोकतांत्रिक प्रक्रिया आ चुनावक महत्वक समझ विकसित करबाक दृष्टिएं ई एकटा महत्वपूर्ण पहल साबित भेल। बाल संसदकचुनाव मे प्रधानमंत्री पद पर मो. हनजला विजयी भेलाह, जखन कि उप प्रधानमंत्री पद पर मो. अजहर निर्वाचित भेलाह। शिक्षा एवं संस्कृति मंत्री पद पर सना परवीन आ उप शिक्षा मंत्री पद पर सादिका तबस्सुम विजयी घोषित भेलथि। खेल मंत्री पद पर फमीमा प्रवीण आ उप खेल मंत्री पद पर अरफा यास्मीन विजयी भेलथि। स्वास्थ्य एवं स्वच्छता मंत्री पद पर साक्षी कुमारी तथा उप स्वास्थ्य मंत्री पदपर तस्कीन परवीन विजयी घोषित भेलथि। जल एवं पर्यावरण मंत्री पद पर शहनाज बेगम आ उप जल एवं पर्यावरण मंत्री पद पर केहकशां विजयी भेलथि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक मो. जियाउद्दीन सभ विजयी मंत्री सभ कें माला पहिरा कए आ मिठाई खुआकए बधाई आ शुभकामना देलनि। पूरा मतदान प्रक्रिया कें सफल बनाबय मे शिक्षक-शिक्षिकाक महत्वपूर्णयोगदान रहल। शिक्षक अनुज कुमार सुमन, प्रवेश कुमार यादव, अभिषेक कुमार, राहुल कुमार लव, रहमतुल्लाह, सुनील कुमार शर्मा, इनामुल हक, आशीष गुप्ता, राजेश कुमार पासवान, शांता कुमारी, बुलबुल कुमारी, स्वीटी कुमारी आ आयशा हयात निर्वाचन मे विजयी घोषित सभ मंत्री सभ कें शुभकामना देलनि।

# गुरुक प्रति श्रद्धा आ राष्ट्र प्रति समर्पण स्वयंसेवकक असली पहिचान : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

बेनीपुर, समदिया



भारत माताक प्रति श्रद्धा आ राष्ट्रप्रेम कें आत्मसात करब स्वयंसेवकक असली पहचान अछि। भारतीय जनता पार्टीक नेतृत्व मे देशस्तर पर सांस्कृतिक राष्ट्रवादक भावना जाहि तरह सं बढ़ि रहल अछि, से एहिबातक प्रमाण अछि जे राष्ट्रप्रेमी लोकसभक दायरा लगातार विस्तृत भए रहल अछि। संघ परिवारक वरिष्ठ स्वयंसेवक आ स्थानीय सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर रविदिन बेनीपुर मे राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघद्वारा आयोजित गुरुदक्षिणा कार्यक्रम मे सहभागी भेलाक बाद उक्त विचार व्यक्त कएलनि। सांसद डॉ. ठाकुर स्वयंसेवक सभ लेल गुरुदक्षिणा कार्यक्रमक महत्त्व कें रेखांकित करैत कहलनि जे गुरुदक्षिणा मात्र एकटा परंपरा नहि, बल्कि राष्ट्रसेवा, संस्कार, अनुशासन आ समर्पणक भावना कें सुदृढ़ करबाक पावन अवसर अछि। ओ कहलनि जे राष्ट्र निर्माण मे समर्पित भाव सं सेवा करब राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक मूल पहचान अछि। संघक स्वयंसेवकसभक राष्ट्र निर्माणक प्रति समर्पण सदैव प्रेरणादायी रहल अछि।

# बालेन सरकारक हिटलरशाही आ तानाशाही खत्म करबाक लेल बनाओल गेल अछि प्रोग्रेसिव फ्रंट : प्रभुसाह



जनकपुरधाम, समदिया

आम जनता पार्टीक अध्यक्ष आ पूर्व मंत्री प्रभु साह कहलनि जे बालेन सरकारक हिटलरशाही आ तानाशाही समाप्त करबाक लेल प्रोग्रेसिव फ्रंटक गठन कएल गेल अछि। शनिदिन काठमांडू मे आयोजित प्रोग्रेसिव फ्रंटक घोषणा सभा कें संबोधित करैत अध्यक्ष साह कहलनि जे देश मे असली लोकतंत्र कें समाप्तकरबाक प्रयास कएल जा रहल अछि आ लोकतंत्र लगभग पूरा तरहे समाप्त कए देल गेल अछि। अध्यक्ष साह कहलनि जे हुनका सभक प्रयास देश कें एकटा प्रगतिशील समाधान देबाक अछि। हालक दिन मे नेपाल कें संकट मे धकेलबाक प्रयास कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे एक दिस घमंडी नेपाल बनेबाकप्रयास भए रहल अछि, मुदा हुनका सभक उद्देश्य घमंडमुक्त नेपाल बनायब अछि। एकतरफा आ एकाधिकारवादी राजनीति कें बढ़ावा देबाक बदला सह-अस्तित्व पर आधारित सहयोगक राजनीति जरूरी अछि। ओ कहलनि जे देश मे सर्वसत्तावाद नहि, बल्कि एहन शासन व्यवस्था चाही जे सभ कें स्वीकार्य हो। आबलोकतंत्र कें मजबूत नहि कएल जा रहल अछि, बल्कि लोकतंत्र कें छीनल जा रहल अछि। एहि कारण असली लोकतंत्रक स्थापना करबाक आवश्यकता अछि। प्रभु साह कहलनि जे नकली चेहराक माध्यम सं नकली शासन व्यवस्था थोपबाक प्रयास भए रहल अछि। हुनका सभक पक्ष असली चेहरा आ असली शासनक माध्यम सं सुशासन स्थापित करबाक अछि। ओ कहलनि जे वर्तमान संघर्ष विदेशी दलाल आराष्ट्रीय स्वाधीनताक बीचक संघर्ष अछि। प्रोग्रेसिव फ्रंट देश कें अराजक तानाशाह सभ सं बचाबय लेल संघर्ष करत। साह कहलनि जे ई फ्रंट प्रतिगमनक विरोध करत आ देश मे लोकतांत्रिक मूल्यक रक्षा लेल अपन संघर्ष जारी रखत।

## राम युवा कमिटीक नव पदाधिकारी सभक शपथग्रहण

जनकपुरधाम, समदिया



जनकपुरधामक सामाजिक आ धार्मिक कार्य मे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह करैत आबि रहल राम युवा कमिटीक नव निर्वाचित पदाधिकारीसभक पद आ गोपनीयताक शपथग्रहण समारोह भव्यताक संग संपन्न भेल। समारोहक मुख्य अतिथि मधेश प्रदेशक मुख्यमंत्री कृष्ण प्रसाद यादव छलाह। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री यादव कहलनि जे युवा कोनो राष्ट्रक मुख्य स्तंभ होइत छथि। राष्ट्र निर्माण मे युवाक महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि। राम युवा कमिटी सामाजिक आ धार्मिक कार्य मे महत्वपूर्ण योगदान दए रहल अछि। नवरात्रि हो अथवा विवाह पंचमी महोत्सव, सभ आयोजन मे राम युवा कमिटीक जिम्मेवारीआरो बढ़ि जाइत अछि। सरोज कुमार साहक अध्यक्षता मे आयोजित शपथग्रहण समारोह मे नव निर्वाचित अध्यक्ष विजय कुमार साह, वरिष्ठ उपाध्यक्ष शिव ठाकुर, उपाध्यक्ष दीपक कुमार साह, महासचिव सुभाष चंद्र साह, सचिव लोकेश्वर झा, कोषाध्यक्ष विनय साह तथा सदस्य अमर ठाकुर, संदीप कुमार साह, जीतेंद्र कुमार भगत, महावीर साह (गोपाल), धर्मेंद्र साह आ सुदीप कुमार भंडारी कें पद आ गोपनीयताक शपथ देल गेल। एहि अवसर पर निवर्तमान अध्यक्ष सरोज कुमार साह नव अध्यक्ष विजय कुमार साह कें कमिटीकजिम्मेवारी हस्तांतरित कएलनि। शपथग्रहण समारोह मे पूर्व मेयर बजरंग प्रसाद साह, जनकपुरधाम उद्योग वाणिज्य संघक अध्यक्ष सुरेंद्र भंडारी, प्रमोद कुमार चौधरी, निर्मल चौधरी, मनीष रमण साह सहित कतेको गणमान्य लोक सहभागी भेलाह।

# मधेपुरक ललबाराही मे 6 दिन सं अन्हार, खराब ट्रांसफॉर्मर नहि बदलला सं लोक परेशान

मधुबनी, समदिया

मधेपुर प्रखंडक ललबाराही गाम मे अगस्तक मंगलदिन सं बिजली व्यवस्था पूरा तरहे चरमराएल अछि। ट्रांसफॉर्मर सं मात्र दू फेज चालू रहबाक कारण गामक आधा मोहल्ला मे विगत छह दिन सं बिजली आपूर्ति बंद अछि। बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक जिलाध्यक्ष राम नारायण यादव कहलनि जे बुधदिन पावर हाउस सं सूचना देल गेल छल जे ट्रांसफॉर्मर खराब भए गेल अछि आ एकरा बदलय पड़त। विभागक दिस सं कहल गेल छल जे ट्रांसफॉर्मर बदलबाक प्रक्रिया शुरू कए देल गेल अछिआ आइ सांझ धरि नहि तं दोसर दिन नव ट्रांसफॉर्मर लगा देल जायत। मुदा आइ धरि खराब ट्रांसफॉर्मर नहि बदलल गेल अछि आ राति करीब 2 बजे सं बिजली सेहो नहि आएल अछि। राम नारायण यादवकहलनि जे जखन कखनो एक-एक घंटा लेल बिजली अबैत अछि तं वोल्टेज एतेक कम रहैत अछि जे कोनो उपकरण नहि चलि पबैत अछि। गामक आटा चक्की बंद भए गेल अछि, जाहि कारण लोक सभ कें आटा पिसेबा मे परेशानी भए रहल अछि। भीषण गर्मी आ अन्हारक कारण बच्चा आ बुजुर्गसभक स्वास्थ्य पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ि रहल अछि। ओ बिजली विभागक कनीय अभियंता सं मांग कएलनि जे खराब ट्रांसफॉर्मर कें अविलंब बदलि ललबाराही मे सुचारू बिजली आपूर्ति बहाल कराओल जाय।

# एक कॉल पर मदति : सहरसा मे डायल-112 बनल आम लोकक आपातकालीन संगी

## घायल कें अस्पताल पहुंचेबा मे निभा रहल महत्वपूर्ण भूमिका

सहरसा, समदिया




जिला मे बढ़ैत जनसंख्या आ लगातार विस्तार पाबि रहल शहरी तथा ग्रामीण क्षेत्रक बीच डायल-112 पुलिस आम लोकनिक लेल वरदान साबित भए रहल अछि। आपातकालीन स्थिति मे एक कॉल पर पुलिसघटनास्थल पर पहुंचि लोकनिक समस्या कें त्वरित ढंग सं समाधान करबाक संग जरूरतमंद कें तत्काल सहायता उपलब्ध करा रहल अछि। जिलाक सोनवर्षा राज, सलखुआ, बनमा इटहरी, सिमरी बख्तियारपुर, महिषी, सत्तरकटैया, कहरा, सौरबाजार, पतरघट आ नवहट्टा सहित सभ प्रमुख क्षेत्र मे डायल-112 सेवा लोकनिक लेल उपयोगी साबित भए रहल अछि। एकर अतिरिक्त सहरसा नगर निगम, सिमरी बख्तियारपुर नगर परिषद तथा बनगांव, सौरबाजार, नवहट्टा आ सोनवर्षा नगर पंचायत क्षेत्र मे सेहो आपातकालीनसहायता लेल पुलिसक टीम सक्रिय रहैत अछि।दुर्गम क्षेत्र मे सेहो पहुंचि रहल पुलिस जिलाक भौगोलिक स्थिति कें देखैत डायल-112 केर भूमिका आर महत्वपूर्ण भए जाइत अछि। जिलाकसीमा सुपौल, मधेपुरा, दरभंगा आ खगड़िया जिला सं सटल अछि। कतेको एहन ग्रामीण आ सीमावर्ती क्षेत्र अछि, जतय आवागमन आइयो कठिन अछि आ किछु क्षेत्र मे लोकनिक आन-जाय लेल पानिक बाटक सहारा लेबय पड़ैत अछि। एहि सभक बावजूद डायल-112 केर पुलिस टीम उपलब्ध संसाधनक माध्यम संजरूरतमंद लोक धरि पहुंचबाक निरंतर प्रयास करैत अछि। सड़क दुर्घटना मे गोल्डन ऑवर मे मदति जिला मे राष्ट्रीय राजमार्ग आ नीक सड़कक विस्तारक संग सड़क दुर्घटनाक घटना सभ सेहो सामने अबैतरहैत अछि। एहन मामिला मे डायल-112 केर टीम घायल सभ कें तत्काल अस्पताल पहुंचेनाय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि। समय पर चिकित्सा सुविधा उपलब्ध भेला सं कतेको घायल लोकक जान बचेनाय मे मदद भेटैत अछि। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक नेतृत्व मे पुलिस मित्रक भावना सं आम लोकनि कें त्वरित आ नीक सहायता उपलब्ध कराबय पर जोर देल जा रहल अछि। डायल-112 केर सक्रियता सं जिला मे पुलिस आ आम लोकनिक बीच विश्वासक संबंध सेहो मजबूत भए रहल अछि।

# भाकपा केलक सोनबरसा-बथनाहा मे जनसंपर्क सह पदयात्रा

सीतामढ़ी, समदिया




भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (भाकपा)क राष्ट्रव्यापी आह्वान पर केंद्र सरकारक नीतिक विरुद्ध रविदिन सोनबरसा आ बथनाहा अंचल मे जनसंपर्क सह पदयात्रा निकालल गेल। कार्यक्रमक नेतृत्व भाकपाक जिलासचिव जयप्रकाश राय कएलनि। लाल झंडाक संग दर्जनाधिक किसान, मजदूर, युवा आ पार्टी कार्यकर्तापदयात्रा मे सहभागी भेलाह।पदयात्राक दौरान कार्यकर्ता सभ केंद्र सरकारक विरुद्ध नारा लगबैत गाम आ पंचायत मे लोक सभ सं जनसंपर्क कएलनि आ हुनकर स्थानीय समस्यासभक जानकारी लेलनि। सभा कें संबोधित करैत जिला सचिव जयप्रकाश राय महंगाई, बेरोजगारी, किसानक समस्या, पलायन आ जिला मे बाढ़िक स्थिति कें लए केंद्र आ राज्य सरकार पर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे सत्ताक परिवर्तन आइ देशक सभ सं पैघआवश्यकता बनि गेल अछि।यूथ फेडरेशनक राज्य सचिव मो. गयासुद्दीन युवासभक बेरोजगारी आ निजीकरणक मुद्दा पर सरकार कें घेरैत कहलनि जे रोजगारक अधिकार लेल संघर्ष निरंतर जारी रहत। पार्टीक नेता सभ आगामी 1 सितंबर 2026 कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे प्रस्तावित राष्ट्रीय रैली मे सीतामढ़ी जिला सं पैघ संख्या मे किसान, मजदूर आ युवा सभ कें सहभागी बनेबाक आह्वान कएलनि। पदयात्रा मे यूथ फेडरेशनक राज्य सचिव मो. गयासुद्दीन, जिलाध्यक्ष पप्पू भगत, बथनाहा अंचल सचिव उपेंद्र ठाकुर, धर्मलाल कापर, संजीत कुमार, आनंद पासवान, रणजीत कुमार सहित दर्जनाधिक कार्यकर्ता आ ग्रामीण सहभागी भेलाह।

# सरकार, प्रशासन आ अपराधीक सहारे चलि रहल छथि सम्राट चौधरी : माकपा

## भागवत यादवक श्रद्धांजलि सभा मे उमड़ल भीड़

मधुबनी, समदिया



भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी)क रहिका अंचल अंतर्गत खरौआ ब्रांच कमिटीक तत्वावधान मे सीपीआईएम खरौआ ब्रांच सचिव भागवत यादवक श्रद्धांजलि सह संकल्प सभाक आयोजन कएल गेल।सभा सं पहिने हुनकर तैलचित्र पर सभ नेता सभ पुष्पांजलि अर्पित कएलनि। सभाक अध्यक्षता सोनधारी यादव कएलनि। सभा कें संबोधित करैत माकपाक बिहार राज्य सचिव ललन चौधरी कहलनि जे भागवतयादव एकटा सच्चा कम्युनिस्ट छलाह। ओ जनताक हित लेल सदैव संघर्ष करैत रहलाह। मार्क्सवादी विचारधारा आ हाथ मे लाल झंडा लए लोकक बीच काज करैत रहलाह। विगत 27 जुलाई कें अपराधी सभ हुनकर हत्या कए देलक। ओ कहलनि जे कियो हमरा सभ कें मारि सकैत अछि, मुदा मार्क्सवादीविचारधारा कें कियो झुका नहि सकैत अछि। आइ बिहार मे सरकार, प्रशासन आ अपराधी मिलि कए सरकारक मुखिया सम्राट चौधरी बनल छथि आ बिहार कें रसातल मे पहुंचा देलनि। प्रशासनिक विफलता,बढ़ैत अपराध आ महंगाईक सवाल पर 10 अगस्त कें देशभरि जेल भरो आंदोलन कएल जायत। न्याय लेल सभ लोक आगू आबथि आ बिहार कें बदलबाक संघर्ष मे सहभागी बनथि। माकपाक मधुबनी जिला सचिव मनोज कुमार यादव कहलनि जे भागवत यादव किसान, मजदूर आ नौजवानक हित लेल तथा अपराधी आ सामंती शक्तिक विरुद्ध सदैव लड़ैत रहलाह। हुनकर कुर्बानी व्यर्थ नहि जाएत। ओ रहिका-खरौआ मे लाल झंडा कें विस्तार देबाक आ जनताक हित लेल संघर्ष कें तेज करबाक आह्वान कएलनि।ओ कहलनि जे भागवत यादवक सिद्धांत आ विचार कें आगू बढ़ाकऽ तथा लाल झंडा कें मजबूत कए कएहुनका सच्ची श्रद्धांजलि देल जा सकैत अछि। ओ प्रशासन कें चेतावनी दैत अपराधी कें यथाशीघ्रगिरफ्तार करबाक मांग कएलनि। सभा कें माकपाक वरिष्ठ नेता विजय नाथ मिश्र, माकपाक जिला सचिव मंडल सदस्य दिलीप झा, माकपाक जिला कमिटी सदस्य बिंदु यादव, हरिहर झा, राम भरोस राय, इंद्रजीत राय, उमेश ठाकुर, राम बाबू यादव सहित अन्य नेता सभ संबोधित करैत भागवत यादव कें श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि।

# 58 वर्षक बाद सहरसा मे रौनियार वैश्य महासभाक जिलास्तरीय सम्मेलन



सहरसा, समदिया

कोसीक धरती पर 58 वर्षक बाद डीबी रोड स्थित पूजा रिसॉर्ट मे रविदिन अखिल भारतीय रौनियार वैश्य महासभाक जिलास्तरीय महासम्मेलन आयोजित कएल गेल। सम्मेलन मे समाजक पैघ संख्या मेपदाधिकारी, वरिष्ठ सदस्य, युवा आ महिला सभ सहभागी भेलाह। एहि दौरान समाजक एकता, संगठन,शिक्षा, सामाजिक विकास आ युवासभक भूमिका सहित विभिन्न मुद्दा पर विचार-विमर्श कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाध्यक्ष मनोज गुप्ता कएलनि, जखन कि आयोजन प्रदेश उपाध्यक्ष बजरंग गुप्ताक मार्गदर्शन मे भेल। राष्ट्रीय अध्यक्ष कृष्ण प्रसाद गुप्ता कहलनि जे बिहारक अधिकांश विधानसभा क्षेत्र मे रौनियार समाजक मतदाताक संख्या महत्वपूर्ण होइतहु राजनीतिक भागीदारी अपेक्षाकृत कम अछि। तें समाज कें संगठित कए राजनीतिक जागरूकता बढ़ेनाय जरूरी अछि। एहि लेल पूरा बिहार मे रथयात्रा निकालल जायत। प्रदेश नेता हरिहर प्रसाद गुप्ता समाजक सामाजिक, आर्थिक आ राजनीतिक स्थितिपर विस्तार सं प्रकाश देलनि। युवा जिलाध्यक्ष रवि गुप्ता युवा सभ सं एकजुट भए समाजक हित मे काजकरबाक आह्वान कएलनि। सम्मेलन मे राष्ट्रीय महामंत्री विशाल आनंद सहित महासभाक कतेकोपदाधिकारी आ समाजक वरिष्ठ सदस्य उपस्थित छलाह।

# हर घर तिरंगा अभियानक संग एसएसबी ग्रामीण आ बच्चा सभक संग निकाललक तिरंगा रैली

जयनगर, समदिया



स्वतंत्रता दिवस 2026 कए उपलक्ष्य मे भारत सरकार द्वारा संचालित हर घर तिरंगा-2026 आ वंदे मातरम् अभियानक अंतर्गत 9 अगस्त 2026 कें 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक डी समवाय गंगौर आ ओकर अधीनस्थ सीमा चौकी फुलहर तथा सीमा चौकी अखराघाट द्वारा स्थानीय ग्रामीण आ बच्चासभक सहभागिता सं विभिन्न राष्ट्रभक्ति आ जन-जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत वंदे मातरम् राष्ट्रीय गीतक सामूहिक गायन सं कएल गेल। एसएसबीक जवान सभ स्थानीय ग्रामीण आ बच्चा सभ कें राष्ट्रीय ध्वजक महत्व, ओकर गरिमा आ सम्मान तथा हर घर तिरंगा अभियानक उद्देश्यक संबंध मे जानकारी देलनि। ग्रामीण सभ कें अपन-अपन घर पर तिरंगा फहराबय आ स्वतंत्रता दिवस कें राष्ट्रभक्ति आ उत्साहक संग मनाबय लेल प्रेरित कएल गेल। अभियानक अंतर्गत स्थानीय ग्रामीण आ बच्चासभक सहभागिता सं साइकिल आ पैदल तिरंगा रैली सेहो निकालल गेल। अखराघाट क्षेत्र मे साइकिल तिरंगा रैली आयोजित भेल, जाहि मे सहभागी सभ हाथ मेतिरंगा लए राष्ट्रभक्तिक नाराक संग उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। ओतहि फुलहर क्षेत्र मे ग्रामीण आबच्चासभक संग पैदल तिरंगा रैली निकालल गेल। रैलीक दौरान सहभागी सभ हर घर तिरंगा, वंदे मातरम्आ भारत माता की जयक नारा सं स्वतंत्रता दिवस आ राष्ट्रध्वजक प्रति सम्मानक संदेश देलनि। साइकिलआ पैदल रैलीक माध्यम सं सीमाक्षेत्रक ग्रामीण सभ कें राष्ट्रीय एकता, अखंडता, देशभक्ति आ राष्ट्रध्वजक सम्मानक प्रति जागरूक कएल गेल। ग्रामीण आ बच्चा सभ पूरा उत्साहक संग रैली मे भाग लए हर घरतिरंगा-2026 अभियानक प्रति अपन समर्थन आ सहभागिता प्रकट कएलनि। कार्यक्रमक दौरान एसएसबीकजवान सभ ग्रामीण सभ सं अपील कएलनि जे स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर अपन घर पर तिरंगाफहराबी आ अपन परिवार तथा आसपासक लोक सभ कें सेहो राष्ट्रीय ध्वजक सम्मान आ हर घर तिरंगा अभियानक प्रति जागरूक करथि।एहि आयोजनक मुख्य उद्देश्य सीमाक्षेत्र मे जनसहभागिता बढ़ेनाय, स्थानीय नागरिकसभक संग सौहार्दपूर्णसंबंध कें मजबूत करनाय तथा युवा आ बच्चा सभ मे राष्ट्रप्रेम आ राष्ट्रीय गौरवक भावना कें प्रोत्साहित करनाय रहल।

# लोजपा रामविलास पंचायत अध्यक्षक केलक मनोनयन

## सिहौल मे रामतपेश्वर पासवान आ बारा मे रामू मुखिया बनलाह पंचायत अध्यक्ष

सहरसा, समदिया




जिलाक सत्तरकटैया प्रखंड अंतर्गत लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क संगठन कें पंचायत स्तर पर मजबूत करबाक उद्देश्य सं रविदिन सिहौल आ बारा पंचायत मे पंचायत अध्यक्षक मनोनयन कएल गेल। सिहौल पंचायत मे रामतपेश्वर पासवान आ बारा पंचायत मे रामू मुखिया कें पंचायत अध्यक्षक जिम्मेवारी देल गेल। एहि अवसर पर लोजपा (रामविलास)क प्रखंड अध्यक्ष सागर कुमार कहलनि जे पंचायत स्तर पर मजबूत संगठन पार्टीक सभ सं पैघ ताकत अछि। नव मनोनीत पंचायत अध्यक्षक नेतृत्व मे पार्टी संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत कएल जायत। संगहि आम लोकक समस्या सभ कें मजबूती सं उठाकऽ ओकरसमाधान लेल प्रयास कएल जायत।ओ पार्टी कार्यकर्ता सभ सं एकजुट भए संगठन कें मजबूत करबाक दिशा मे सक्रिय रूप सं काज करबाक अपील कएलनि। प्रखंड अध्यक्ष दुनू नव मनोनीत पंचायत अध्यक्ष कें बधाई आ शुभकामना दैत कहलनिजे हुनका विश्वास अछि जे ओ सभ पूरी निष्ठा आ जिम्मेवारीक संग पार्टी संगठन कें मजबूत करबा मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निभेता। मनोनयनक अवसर पर पार्टीक कार्यकर्ता आ समर्थक सभ उपस्थित छलाह।

# जान दए देब, जमीन नहि देबक नाराक संग किसान-मजदूर आंदोलन तेज करबाक केलक घोषणा

सीतामढ़ी, समदिया



अगस्त क्रांति दिवसक 84म वर्षगांठ पर आंदोलनक धरती पुनौरा सं किसान आ मजदूर सभ संघर्षक अगिला चरणक बिगुल फूंकलनि—जान दए देब, जमीन नहि देब। भारत छोड़ो आंदोलनक करू अथवा मरूक तर्ज पर कॉरपोरेट जमीन छोड़ू, बिहार सरकार सेटेलाइट सीतापुरम प्रोजेक्ट वापस लिअक नारा बुलंद करैत आंदोलन कें तेज करबाक घोषणा कएल गेल। महापंचायतक अध्यक्षता भूमि बचाओ संघर्ष समितिक संरक्षक बैद्यनाथ हाथी तथा संयोजक संतोष कुमारक अध्यक्षता मे गठित अध्यक्ष मंडली कएलनि। संचालन समन्वयक किशोरी हाथी कएलनि। विषय प्रवेश करबैत प्रो. आनंद किशोर कहलनि जे तीन माससं सेटेलाइट सीतापुरम प्रोजेक्ट वापस लेबाक मांग कें लए संघर्षरत किसान सभ सं बातचीत नहि करब तथा बिना मांगक लैंड पूलिंग लागू कए 45 प्रतिशत जमीन छीनि संपत्तिक संवैधानिक अधिकार [अनुच्छेद 300(क)] सं वंचित करैत जमीन लॉक करब बिहार सरकारक लोकतंत्र पर सीधा हमला अछि। डॉ. किशोर बिहार शहरी आयोजना तथा विकास विधेयक 2012 आ 2025 मे कॉरपोरेट पक्षधर तथा किसान विरोधी नियमावली पर सेहो विस्तार सं प्रकाश देलनि। संयुक्त किसान मोर्चा, बिहारक संयोजक अशोक प्रसाद सिंह कहलनि जे लैंड पूलिंग तथा भूमि अधिग्रहण कॉरपोरेट हित मे किसानक जमीन लूटबाक योजना अछि। महापंचायत मे पटना, फतुहा, पुनपुन, सोनपुर, हरदिया आ दीदारगंजक सेटेलाइट आंदोलन सं जुड़ल डेढ़ दर्जन साथी अपन विचार रखलनि। जमीन बचाओ संघर्ष मोर्चा, पटना अध्यक्ष देव कुमार सिंह कहलनि जे जखनकिसान सभ कें विधानसभा आ न्यायालय सं न्याय नहि भेटि रहल अछि तं एहन व्यवस्था रहबाक औचित्य की अछि। ओ कहलनि जे एकर विरुद्ध आंदोलन कएल जायत। मनीष कुमार कहलनि जे सभ सेटेलाइट प्रोजेक्ट सं जुड़ल साथी आब पटना मे पैघ जुटान कए मुख्यमंत्रीक घेराव करबाक निर्णय लेता। सोनपुरक नीतेश कृष्णा राज्यस्तर पर समन्वय समिति गठित कए सभ 12 सेटेलाइट क्षेत्र मे एकजुटआंदोलन चलाबयक निर्णय लेबाक प्रस्ताव रखलनि।रीगा प्रमुख लक्ष्मी प्रसाद यादव सेटेलाइट सीतापुरम प्रोजेक्ट वापस लेबाक प्रत्येक संघर्ष कें समर्थन देबाकसंग आम लोक सं एहि आंदोलन कें मजबूत करबाक अपील कएलनि। रामसागर ठाकुर आत्मदाह करबाकचेतावनी देलनि। जालंधर यदुवंशी कहलनि जे किसानक विरोधक बावजूद सरकार टाउनशिपक विस्तार कएकिसान सभ कें विद्रोह लेल मजबूर कए रहल अछि। पटना सं आएल धर्मेंद्र सिंह, पंकज सिंह, धनंजय मधु,मनोज कुमार सिंह, पवन कुमार सिंह, ओमप्रकाश मिश्र, रामायण सर, लगुलशन कुमार, नगर परिषदक पूर्व अध्यक्ष मनोज कुमार, वरिष्ठ वामपंथी नेता उमाशंकर सिंह, इफ्तखार अहमद, नगर उप आयुक्त आशुतोष कुमार, दिनेशचंद्र द्विवेदी, प्रगतिशील किसान संघक सत्यनारायण सिंह, धीरज कुमार सिंह, अनवर हुसैन, नवीन कुमार सिंह, अमरेंद्र राय, शंभूकुमार यादव, चंद्रदेव मंडल सहित अन्य किसान नेता सभ अपन विचार रखलनि तथा सेटेलाइट सीतापुरम प्रोजेक्ट वापस होय धरि आंदोलन जारी रखबाक अपील कएलनि।महापंचायत मे सर्वसम्मति सं प्रस्ताव पारित कए एक पखवाड़ाक बाद समाहरणालय पर धरना-प्रदर्शन करबाक, जनप्रतिनिधिसभक गाम प्रवेश पर विरोध करबाक, प्रत्येक पखवाड़ा आंदोलनक एकटा कार्यक्रम करबाक, उच्च न्यायालय मे मजबूती सं मामिला लड़बाक, सीतापुरम सं जुड़ल गाम सभ मे किसान पंचायत करबाक तथा प्रदेशक सभ सेटेलाइट प्रोजेक्ट आंदोलनक संग समन्वय स्थापित कए आंदोलन कें तेज करबाक निर्णय लेल गेल। अंत मे अध्यक्ष बैद्यनाथ हाथी धन्यवाद ज्ञापन कएलनि।

# जिला मे नव राशन कार्ड लेल 5,920 आवेदन प्राप्त, 4,919 कार्ड बनेबाक लक्ष्य

## पात्र लाभुकक आवेदनक जांच जारी, योग्य पाओल गेल तं जरूर बनत राशन कार्ड

सहरसा, समदिया




पंचायत विकास दिवसक अवसर पर नव राशन कार्ड बनेबाक प्रक्रिया अंतर्गत जिलाक सभ 10 प्रखंड संकरीब 5,920 आवेदन प्राप्त भेल अछि। विभागक दिस सं जिला मे 4,919 नव राशन कार्ड बनेबाक लक्ष्यनिर्धारित कएल गेल छल। प्राप्त आवेदनक जांच भारत सरकारक स्मार्ट ई-पीडीएस पोर्टल पर कएल जा रहल अछि। जांच मे पात्र पाओल गेल सभ लाभुकक नियमानुसार राशन कार्ड बनाओल जायत। प्रखंडवार प्राप्त आवेदन मे कहरा सं 894, नवहट्टा सं 421, सौरबाजार सं 531, सोनवर्षा सं 595, पतरघट सं 537, महिषी सं 604, सत्तरकटैया सं 507, बनमा इटहरी सं 518, सलखुआ सं 521 आ सिमरीबख्तियारपुर सं792 आवेदन शामिल अछि। आवेदनक बाद लाभुक कें कार्यालयक चक्कर लगाबयक आवश्यकता नहि विभागीय निर्देश अनुसार नव राशन कार्ड बनेबाक अथवा वर्तमान राशन कार्ड मे संशोधन लेल आरटीपीएस केंद्रक संग स्मार्ट ई-पीडीएस पोर्टलक माध्यम सं सेहो आवेदन कएल जा सकैत अछि। प्राप्त आवेदनकभौतिक सत्यापन निर्धारित प्रक्रियाक अंतर्गत कराओल जा रहल अछि। तकर बाद नियमानुसार अग्रसारणआ आखरी निर्णयक कारबाइ कएल जायत। अधिकारीसभक अनुसार पोर्टल पर एकसंग पैघ संख्या मेआवेदन प्राप्त भेलाक कारण फिलहाल आवेदनक जांच प्रक्रिया अपेक्षाकृत धीम अछि। एहि कारण नव राशन कार्ड लेल आवेदन कएनिहार लाभुक सभ कें घबरायबाक आवश्यकता नहि अछि। पात्रताक जांच पूराभेलाक बाद योग्य लाभुकसभक राशन कार्ड अवश्य बनाओल जायत। विभाग स्पष्ट कएलक अछि जेलाभुक सभ कें अनावश्यक रूप सं कार्यालयक चक्कर लगाबयक जरूरत नहि अछि। राशन कार्ड निर्गमन सं पहिने आवश्यक सभ प्रक्रिया पूरा कएल जा रहल अछि। राशन कार्ड जारी करबाक संबंध मे अलग सं निर्देश प्राप्त भेलाक बाद आगांक कारबाइ कएल जायत।

# जतय यात्री नहि, यात्रा चलैत अछि



कुमार नितेश

कांवर यात्राक पहिल डेग कहियो कोनो एकटा यात्रीक नहि होइत अछि। ओ सदियो सं चलि आबि रहल यात्राक अगिला डेग होइत अछि। कारण एतय यात्री नहि चलैत छथि, यात्रा चलैत अछि। गंगा मे जल बदलैत रहैत अछि, मुदा ओकर प्रवाह बनल रहैत अछि। तहिना श्रावणी पथ पर यात्री बदलैत रहैत छथि, मुदा यात्रा निरंतर चलैत रहैत अछि। प्रत्येक सावन नव-नव कन्हा गंगाजल उठबैत अछि। नव आंखि पहिल बेर सुल्तानगंजक घाट सभ कें विस्मय सं निहारैत अछि। नव स्वर पहिल बेर बोल बम, बोलो बम आ हर हर महादेवक जयघोष मे अपन स्वर मिलबैत अछि। मुदा पथ नव नहि होइत अछि। ओ हुनका सभ सं बहुत पहिने सं ओतय उपस्थित अछि। ओ प्रतीक्षा करैत अछि जे कोइ आबय, अपन पहिल पग रखय आ ओहि परंपराक अंग बनि जाय, जे कोनो एक पीढ़ीक नहि, बल्कि अनगिनत पीढ़ीक साझा साधना अछि।

पहिल बेर कांवर उठेबाक लेल निकलल व्यक्तिक लेल सभ किछु नव होइत अछि - उत्साह, जिज्ञासा आ आश्चर्य। गंगाक विस्तृत तट, उत्तरवाहिनी धारा, अजगैबीनाथक आशीर्वाद, घाट पर उमड़ैत श्रद्धा, गेरुआ वस्त्रक अथाह समुद्र, दोकान मे सजल कांवर, घंटीक ध्वनि, रौद आ गंगाजलक भेटल सुगंध, दूर-दूर धरि गूंजैत जयघोष आ एहि सभक बीच धड़कैत सुल्तानगंजक जीवंत नगर। एतेक किछु एक्के बेर सामने उपस्थित भए जाइत अछि जे मोन किछु क्षण लेल मात्र निहारैत रहि जाइत अछि। बुझबाक प्रयास बाद मे करैत अछि। घाट सं पथ धरि पहुंचबाक छोट सन दूरी सेहो तखन एकटा अनुभव बनि जाइत अछि। यात्रा एखन आरंभो नहि भेल रहैत अछि, मुदा ओकर धड़कन सुनाइ पड़य लगैत अछि।

**श्रावणी पथ : कड़ी-11**

बहुतो लोक मानैत छथि जे यात्रा तखन आरंभ होइत अछि, जखन पहिल पग आगू बढ़ैत अछि। मुदा सत्य ई अछि जे यात्राक आरंभ ताहि सं पहिनहि भए चुकल रहैत अछि। ओ तखन शुरू होइत अछि जखन श्रद्धापूर्वक गंगाजल भरल जाइत अछि। जखन कांवर दुनू हाथ सं उठा कए कान्ह पर राखल जाइत अछि। जखन मोन पहिल बेर शिवक स्मरण करैत अछि। ओहि क्षण भीतर एकटा एहन यात्रा आरंभ भए जाइत अछि, जकरा कोनो आंखि नहि देखि सकैत अछि। बाहर सं मात्र एकटा यात्री देखाइ पड़ैत अछि, मुदा भीतरक साधक जागि चुकल रहैत अछि।



तखन एकटा क्षण अबैत अछि। पग उठैत अछि। अथवा कहल जा सकैत अछि - पग उठाओल जाइत अछि। देखय मे ओ साधारण क्षण बुझाइत अछि, मुदा वास्तव मे ओ सभ सं असाधारण क्षण होइत अछि। ओहि एक पगक संग मनुष्य अपन दैनिक जीवनक सीमा सभ सं बाहर निकलि अबैत अछि। घर, परिवार, काज, पद, प्रतिष्ठा आ परिचय किछु समय लेल पाछां छूटि जाइत अछि। आगू मात्र पथ होइत अछि आ ओहि पथ पर चलैत अनगिनत लोक। सभक परिचय एक्के टा-सभ भोलेनाथक दरबारक यात्री छथि।

ककरो कान्ह पर साधारण कांवर अछि, तं ककरो लग अलंकृत कांवर। कोइ मौन छथि तं कोइ निरंतर बोल बमक उद्घोष करैत छथि। तैयो सभ एक्के दिशा मे बढ़ि रहल छथि। एहि यात्राक ई सबसं पैघ विशेषता अछि - व्यक्ति अलग-अलग, मुदा संकल्प एक।

किछु दूर चललाक बाद प्रायः ई स्मरणो नहि रहैत अछि जे सुल्तानगंज कहिया पाछां छूटि गेल। संभवतः कारण ई अछि जे ताधरि यात्री यात्रा कें लए कए चलैत अछि। तकर बाद यात्रा स्वयं यात्री कें अपन संग लए कए चलय लगैत अछि। पैर थाकैत अछि, तैयो चलैत रहैत अछि। रौद प्रखर होइत अछि, कहियो बरखा होइत अछि। मार्ग कठिन होइत जाइत अछि, तैयो गति नहि रुकैत अछि। मानू स्वयं नीलकंठ अपन धैर्यक किछु अंश प्रत्येक यात्रीक भीतर राखि देने होथि आ पशुपतिनाथ प्रत्येक पग पर हुनकर रक्षा करैत संग-संग चलि रहल होथि।

श्रावणी पथक ई अनुभूति एकरा साधारण पदयात्रा सं अलग करैत अछि। एतय दूरी मात्र किलोमीटर मे नहि नापल जाइत अछि। एतय प्रत्येक पगक संग भीतर किछु-ने-किछु बदलैत अछि। आरंभ मे जे व्यक्ति मात्र बैद्यनाथ धाम धरि पहुंचबाक चिंता मे रहैत अछि, धीरे-धीरे ओ यात्राक अर्थ बुझय लगैत अछि। ओकरा अनुभव होइत अछि जे शिव धरि पहुंचनाइ मात्र मंदिर धरि पहुंचनाइ नहि अछि। शिव धरि पहुंचबाक अर्थ अपने भीतर धैर्य जगौनाइ, सेवा सीखब, अनुशासन स्वीकार करब आ अपन अहंकार कें पाछां छोड़ब अछि। एहि यात्राक ई सभ सं पैघ प्रसाद अछि।

तखन बुझाइत अछि जे ई यात्रा मात्र बैद्यनाथ दिस नहि, सदाशिव दिस सेहो अछि। बैद्यनाथ लोकक दुःख हरैत छथि। विश्वनाथ संपूर्ण सृष्टिक संरक्षण करैत छथि। नीलकंठ विष कें अपन भीतर धारण कए लोकक रक्षा करैत छथि। महाकाल समयक सेहो स्वामी छथि, तें हुनका समक्ष कालक अभिमान सेहो नहि टिकैत अछि। आ सदाशिव ओहि सत्यक प्रतीक छथि जे कहियो नष्ट नहि होइत अछि। श्रावणी पथ एहि सभ रूपक एकटा प्रवाह अछि। यात्री कोनो एक नामक स्मरण करथि वा दोसरक, हुनकर दिशा अंततः ओहि अनंत शिवत्व दिस होइत अछि।

गंगा सेहो ई संदेश दैत अछि। ओकर जल प्रत्येक क्षण बदलैत अछि, मुदा गंगा समाप्त नहि होइत अछि। तहिना यात्रीक चेहरा बदलैत अछि, पीढ़ी बदलैत अछि, समय बदलैत अछि, समाज बदलैत अछि, मुदा श्रद्धाक प्रवाह बनल रहैत अछि। संभवतः एहि कारणें एहि यात्राक संबंध मात्र समय सं नहि, महाकाल सं अछि। मात्र एकटा मंदिर सं नहि, सदाशिव सं अछि। मात्र एकटा तीर्थ सं नहि, ओहि सनातन चेतना सं अछि, जे युग सं एहि धरतीक आत्मा बनल अछि। एहि पथ पर चलैत एकटा आर सत्य स्पष्ट होइत अछि। परंपरा कोनो ग्रंथक पन्ना मे सुरक्षित रहला मात्र सं जीवित नहि रहैत अछि। ओ तखन जीवित रहैत अछि जखन लोक ओकरा अपन जीवन मे उतारैत छथि। जं प्रत्येक वर्ष लाखो लोक एहि मार्ग पर नहि चलथि, जं हुनकर कंठ सं बोल बमक स्वर नहि गूंजय, जं हुनकर कान्ह पर गंगाजल नहि होय, तं ई मार्ग मात्र एकटा सड़क बनि कए रहि जायत। जे एकरा श्रावणी पथ बनबैत अछि, से अछि सामूहिक आस्था - जे प्रत्येक सावन एकरा फेर सं जीवित कए दैत अछि।

प्रत्येक पीढ़ी एहि यात्रा मे अपन पहिल पग रखैत अछि। कोनो बालक अपन पिता संग अबैत अछि। कोनो युवक अपन मित्र सभ संग निकलैत अछि। कोनो वृद्ध अपन जीवनक साध पूरा करबाक लेल अबैत छथि। कोनो महिला परिवारक मंगलकामना लए कए चलैत छथि। सभक कथा अलग-अलग अछि, मुदा पथ सभ कें एकटा सूत्र मे बान्हि दैत अछि। एहि क्षण व्यक्ति अपन छोट सन जीवन सं ऊपर उठि एकटा शाश्वत परंपराक सहभागी बनि जाइत अछि। जखन लाखो कन्हा एक संग आगू बढ़ैत अछि, तखन ई अनुभूति आरो गहींर भए जाइत अछि जे व्यक्ति क्षणभंगुर अछि, मुदा यात्रा शाश्वत अछि। एकटा यात्री लौटि जायत, दोसर आबि जायत। एकटा पीढ़ी विदा भए जायत, दोसर पीढ़ी ओकर स्थान लेत। गंगाक जल बदलैत रहत, मुदा ओकर धारा बनल रहत। तहिना श्रावणी पथ पर चेहरा बदलैत रहत, मुदा श्रद्धाक प्रवाह कहियो नहि रुकत। कारण ओकर आधार कोनो व्यक्ति नहि, सदाशिव छथि। ओकर विस्तार कोनो एक युग मे नहि, महाकालक अनंत धारा मे अछि। संभवतः एहि कारणें श्रावणी पथ पर पहिल पग कोनो एक व्यक्तिक नहि होइत अछि।

ओ ओहि अनंत यात्राक अगिला पग होइत अछि, जे पीढ़ी-दर-पीढ़ी शिवक दिशा मे बढ़ैत आबि रहल अछि। ओहि एक पग मे मात्र आगू बढ़बाक संकल्प नहि होइत अछि, बल्कि स्वयं कें ओहि सनातन परंपराक हाथ मे समर्पित कए देबाक भाव सेहो होइत अछि, जे हम सभ सं पहिने छल, हमरा सभक संगो अछि आ हमरासभक बादो रहत।

यात्रा मे व्यक्ति क्षणभंगुर अछि, मुदा परंपरा शाश्वत अछि। व्यक्ति समय मे जन्म लैत अछि आ समय मे विलीन भए जाइत अछि, मुदा सदाशिवक प्रवाह बनल रहैत अछि। महाकालक सत्ता बनल रहैत अछि। विश्वनाथक करुणा बनल रहैत अछि। बैद्यनाथक कृपा बनल रहैत अछि। संभवतः एहि सत्य कें प्रत्येक वर्ष लाखो कंठ फेर सं जीवित कए दैत अछि।

# भारत-बांग्लादेशक संबंध शेख हसीना सं आगू बढ़बाक चाही

ऋषि गुप्ता

बांग्लादेश जुलाई आंदोलनक दोसर वर्षगांठ मना रहल अछि। एहि आंदोलनक परिणामस्वरूप तत्कालीन प्रधानमंत्री शेख हसीना सत्ताच्युत भेल छलीह। पछिला दू वर्ष मे बांग्लादेश 2024क घटनाक्रम सं आगू बढ़ि चुकल अछि। पहिने मुहम्मद यूनुसक नेतृत्व मे अंतरिम सरकार बनल आ आब प्रधानमंत्री तारिक रहमानक नेतृत्व मे निर्वाचित सरकार अछि। ढाका मे किछु लोकक मानब अछि जे बांग्लादेश आब कानून-व्यवस्था दिस आगू बढ़ि रहल अछि। मुदा पहिल प्रश्न एखनहुं बनल अछि - की शेख हसीनाक राजनीतिक यात्रा समाप्त भए गेल अछि? 5 अगस्त कें दिल्लीक फॉरेन कॉरेस्पोंडेंट्स क्लब ऑफ साउथ एशिया मे आयोजित पत्रकार सम्मेलन मे हसीना अपन पिता शेख मुजीबुर रहमान कें स्मरण कएलनि। ओ बांग्लादेशक स्वतंत्रताक लेल अपन परिवारक बलिदानक चर्चा करैत कहलनि जे ओ फेर वापस औतीह आ अपन प्रिय लोक सभक संग रहतीह। हसीना पत्रकार सम्मेलन मे प्रत्यक्ष नहि, बल्कि ऑडियो माध्यम सं जुड़लीह, जखनकि हुनकर पुत्र सजीब वाजेद अमेरिका सं सहभागी भेलाह। अपन भाषण मे हसीना 2024क जुलाई-अगस्त आंदोलन कें सुनियोजित हमला बतौलनि, देशक वर्तमान सुरक्षा पर प्रश्न उठौलनि आ कहलनि जे ओ हर हाल मे अपन देश वापस जेतीह। एहि सं दोसर प्रश्न उठैत अछि - की हसीना शीघ्र बांग्लादेश वापस जा सकैत छथि?



शीघ्र बांग्लादेश वापस जा सकैत छथि?

## वापसी जे संभवतः तुरंत नहि होयत

बांग्लादेशक जनता आ मीडियाक अतिरिक्त कूटनीतिक आ अंतरराष्ट्रीय जगत मे सेहो ई प्रश्न चर्चा मे अछि जे शेख हसीना कहिया वापस औतीह। कारण बांग्लादेशक राजनीतिक घटनाक्रमक प्रभाव संपूर्ण दक्षिण एशिया पर पड़ि सकैत अछि। जं ओतय फेर अस्थिरता बढ़ैत अछि तं निवेश, व्यापार आ क्षेत्रीय संबंध प्रभावित भए सकैत अछि। नई दिल्लीक कूटनीतिक जानकार सेहो हसीनाक वापसीक संबंध मे भारतक सोच आ रणनीति कें बुझबाक प्रयास कए रहल छथि। मुदा वर्तमान परिस्थिति मे हुनकर शीघ्र वापसीक संभावना कम देखाइ पड़ैत अछि। हसीना सत्ता सं बाहर भेलाक बाद अवामी लीगक कार्यकर्ता आ समर्थक सभक स्थिति सेहो कमजोर भेल अछि। बहुतो लोक या तं भूमिगत छथि अथवा गिरफ्तारीक बाद जेल मे छथि। एहन परिस्थिति मे हुनकर वापसी लेल पैघ राजनीतिक आंदोलन ठाढ़ करब सहज नहि बुझाइत अछि। तथापि बांग्लादेशक इतिहास आंदोलन, राजनीतिक संघर्ष आ नेतृत्व परिवर्तन सं भरल रहल अछि। वर्तमान सत्तारूढ़ बांग्लादेश नेशनलिस्ट पार्टी (बीएनपी) सेहो किछु समय धरि संकट मे छल। तारिक रहमान दीर्घ समय धरि ब्रिटेन मे निर्वासन मे रहलाह। जमात-ए-इस्लामीक राजनीतिक भविष्य सेहो कतेको बेर संकट मे पड़ल। मुदा आब बीएनपी सत्ता मे अछि आ जमात संसद मे विपक्षक नेतृत्व करैत अछि। एहि इतिहास कें देखैत अवामी लीगक राजनीतिक पुनरागमन कें पूर्णतः असंभव नहि कहल जा सकैत अछि। मुदा ओकरा लेल कतेक समय लागत, से कहब कठिन अछि।

## भारत पर पड़त प्रभाव

नई दिल्ली मे शेख हसीनाक पत्रकार सम्मेलनक बाद बांग्लादेशक विदेश मंत्रालय तीव्र प्रतिक्रिया व्यक्त कएलक। मंत्रालयक कहब छल जे फरार आ नरसंहारक दोषी ठहराओल गेल शेख हसीना कें भारत मे मीडिया सं प्रत्यक्ष संवाद करबाक अवसर देल गेल, जाहि सं बांग्लादेशक जनभावना आहत भेल अछि। एहि प्रतिक्रिया सं स्पष्ट अछि जे हसीना देश सं बाहर रहितो बांग्लादेश सरकारक लेल राजनीतिक चिंताक विषय बनल छथि।

# झारखंड मे किएक नहि शांत भए रहल अछि छात्र सभक आक्रोश

मनीष कुमार

राजधानी रांची मे जयपाल सिंह स्टेडियम सं लए कए अल्बर्ट एक्का चौक धरि छात्र सभ अनिश्चितकालीन धरना मे बैसल छथि। हुनकर मांग कोनो व्यक्तिक इस्तीफा वा कोनो एकटा जांच नहि, बल्कि संपूर्ण नियुक्ति प्रक्रिया कें पारदर्शी बनौनाइ अछि।

झारखंड लोक सेवा आयोग (जेपीएससी) आ झारखंड कर्मचारी चयन आयोग (जेएसएससी)क भर्ती परीक्षाक अधिसूचना जारी भेलाक बाद वर्षो धरि लंबित रहनाइ, प्रश्नपत्र लीक आ कथित अनियमितता सं तंग अभ्यर्थी सभक आंदोलन आब आरो तेज भए गेल अछि। जेपीएससी द्वारा 19 अप्रैल कें आयोजित 14म प्रारंभिक परीक्षा (पीटी)मे कथित धांधली आ ओएमआर शीट मे कएल गेल गड़बड़ीक बात सामने अएलाक बाद छात्र सभक नाराजगी बेसी भड़कि उठल।

सफल अभ्यर्थीक योग्यता पर उठल प्रश्न

परीक्षाक परिणाम जारी भेलाक बाद मेरिट सूची तैयार करबाक प्रक्रिया पर प्रश्न उठाओल गेल। एहि बीच सोशल मीडिया पर एकटा ओएमआर शीट सेहो वायरल भेल। ओहि अनुसार, पेपर-1 मे एकटा परीक्षार्थी 100 मे मात्र 48 प्रश्नक उत्तर देने छल, तैयो ओकरा सफल घोषित कएल गेल। हंगामा बढ़लाक बाद राज्य सरकार सीआईडी जांचक घोषणा कएलक। एहि बीच आयोगक अध्यक्ष एल. खियांग्ते इस्तीफा दए देलनि। विवाद बढ़लाक बाद जेपीएससी संयुक्त सिविल सेवा (मुख्य) परीक्षा सहित नौटा अन्य भर्ती परीक्षा रद्द कए देलक।




जेपीएससीक भांति जेएसएससी सेहो विवाद मे रहल अछि। जेएसएससी-सीजीएल (ग्रेजुएट लेवल) परीक्षा मे प्रश्नपत्र लीकक संग कतेको प्रकारक अनियमितताक आरोप लागल। 2026क फील्ड वर्कर भर्ती परीक्षा कें लए कए सेहो कतेको प्रकारक शिकायत सामने आएल अछि।

झारखंड मे एहि सं पहिनो सरकारी नोकरी लेल आयोजित परीक्षा या तं रद्द भेल अछि अथवा स्थगित कएल गेल अछि। एहि कारण लाखो युवाक आयु-सीमा समाप्त भेल जा रहल अछि। फलतः हुनकर भीतर आक्रोश चरम पर अछि। छात्र सभ विगत सात वर्ष मे जेपीएससी आ जेएसएससीक सभ प्रमुख परीक्षाक निष्पक्ष जांच सीबीआई आ ईडी सं करयबाक मांग कए रहल छथि।

आंदोलन मे ओ अभ्यर्थी सभ सेहो सम्मिलित छथि, जे 2015 सं सरकारी नोकरीक लेल आवेदन करैत आबि रहल छथि, मुदा आइ धरि बेरोजगार छथि। अल्बर्ट एक्का चौक पर प्रदर्शन करैत जेएसएससी-सीजीएलक परीक्षार्थी प्रदीप तिर्की कहैत छथि जे कतए धरि प्रतीक्षा करब? दसटा परीक्षा देलहुं, सातटा मे सफल रहलहुं, मुदा आइयो बेरोजगार छी। परीक्षाक कोनो निश्चित वार्षिक कैलेंडर नहि अछि, जाहि अनुसार समय पर भर्ती भए सकय। राज्य मे स्थानीय नियोजन नीति निर्धारित नहि अछि, जाहि कारण बाहरी अभ्यर्थी सभ कें स्थान भेटि रहल अछि।

दोसर दिस मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन लगातार सभ आरोपक जांच आ दोषी सभक विरुद्ध कठोर कारबाइ करबाक बात कहैत रहल छथि। तैयो छात्र सभक असंतोष कम नहि भए रहल अछि।

# लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान 2026

# ‘जाल’ उपन्यास लेल सच्चिदानंद सच्चू कें देल जायत

**रपट**

लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान 2026 ‘जाल’ उपन्यास लेल मैथिलीक महत्त्वपूर्ण उपन्यासकार सच्चिदानंद सच्चू कें देल जायत। तीन सदस्यीय निर्णायक-मंडलक सर्वसम्मति सं लेल गेल निर्णयक अनुसार आमंत्रित पांडुलिपिक आधार पर देल जायवला लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान मैथिलीक महत्त्वपूर्ण उपन्यासकार आ पत्रकार सच्चिदानंद सच्चू कें हुनकर उपन्यास जाल लेल 28 सितंबर, 2026 कें नई दिल्ली मे आयोजित सम्मान-अर्पण कार्यक्रम मे देल जायत। ई घोषणा लक्ष्मी-हरि स्मृति उपन्यास सम्मान सह कथेतर गद्य सम्मानक संयोजक, लेखक-संपादक गौरीनाथ द्वारा निर्णायक-मंडलक ऑनलाइन मीटिंगक बाद कयल गेल अछि। कथेतर गद्य मे कोनो पांडुलिपि सम्मान आकि प्रकाशन योग्य नहि पाओल गेल। ज्ञातव्य अछि जे एहि सम्मानक आरंभ मैथिली-हिंदीक लेखक श्रीधरम आ हुनकर पत्नी प्रोमिला अपन माता-पिता महालक्ष्मी आ हरिदास जीक स्मृति मे 2021 मे कयने छलाह। हरिदासक आत्मकथा जनम जुआ मति हारहु मूल मैथिली आ हिंदी मे अंतिका प्रकाशन सं प्रकाशित आ चर्चित अछि। एहि वर्षक निर्णायक-मंडल मे महत्त्वपूर्ण आलोचक कमलानंद झा, वरिष्ठ कवि केदार कानन आ युवा कवि लेखक राम नरेश यादव शामिल छलाह।

एहि योजनाक अंतर्गत अंतिका प्रकाशन द्वारा सम्मान लेल चयनित भेल कृतिक प्रकाशन सेहो कयल जाइत अछि। प्रकाशित पुस्तकक लेखकीय प्रतिक संग सम्मान स्वरूप 21,000 टाका, स्मृति-चिह्न, मानपत्र आ अंगवस्त्र 28 सितंबर कें आयोजित एकटा सादगीपूर्ण सम्मान समारोह सह विमोचन कार्यक्रम मे लेखक कें प्रदान कयल जायत।

सच्चिदानंद सच्चूक जन्म 6 सितंबर, 1978 कें हटाढ़ रुपौली, जिला मधुबनी मे भेलनि। अल्लाह हो राम आ लालटेनगंज हुनकर विशिष्ट आ चर्चित उपन्यास अछि। पत्रकारिता सं संबद्ध सच्चू केर पहिचान एकटा जनधर्मी रचनाकारक रूप मे रहल अछि जे मैथिली उपन्यास कें नव ऊंचाइ प्रदान करैत छथि।

सच्चिदानंद सच्चू कें ई सम्मान दोसर बेर भेटतनि। एहि सं पहिने वर्ष 2021 मे ई सम्मान हुनका हुनकर उपन्यास लालटेनगंज लेल आ 2022 मे विभा रानी कें कनियां एक घुंघरुआवाली लेल देल गेल छल। वर्ष 2023 मे निर्णायक-मंडलक सदस्य सभ द्वारा कोनो पांडुलिपि कें योग्य नहि पाओल गेलाक कारण उपन्यास-केंद्रित संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल छल। तहिना वर्ष 2024 आ 2025 मे सेहो ई स्थिति बनल रहल, जाहि स्थिति मे वरिष्ठ उपन्यासकार गंगेश गुंजन, सुभाष चंद्र यादव आ विभूति आनंद कें विशिष्ट उपन्यासकार सम्मान सं सम्मानित करैत मैथिली उपन्यासक स्थिति-परिस्थिति पर हम सभ चर्चा-परिचर्चा होइत रहल अछि। नियमानुसार एहि सम्मान सं सम्मानित रचनाकार तीन वर्षक बाद पुनः अपन नव पांडुलिपि पठा सकैत छथि।



जाल उपन्यासक पांडुलिपिक सर्वसम्मति सं चयन करैत चयन-समितिक सदस्य लोकनि अपन संक्षिप्त टिप्पणी एहि प्रकारें देलनि -

**कमलानंद झा :** उपन्यास जाल शीर्षक मे जतबे छोट, अपन औपन्यासिक संरचना आ ठाठ मे ओतबे व्यापक आ विस्तृत उपन्यास अछि। जाल शीर्षक अभिधा मे अपन नामक सार्थकता तं सिद्ध करितै अछि व्यंजना मे सेहो विशेष अर्थ ध्वनित करैत अछि। कथाक केंद्र मे मलाह जाति आ ओकर समाज अछि; जकर जीवनधूरी जाल होइछ। दोसर दिस नेता बिदेसर मिसर सौंसे गाम पर अपन राजनीतिक जाल पसारने अछि। एहि अन्हरजालक आगू मलाह सभक जाल झूस बुझाइछ। एहि जाल सं कियो बचि नहि सकैत अछि, ओकर एकमात्र बेटी सुनीतो नहि। उपन्यास जालक मूल कथा प्रेम अछि, मुदा एहि प्रेम कथा कें अन्य रोचक आ अर्थवान प्रासंगिक कथा सभक संगे एहि कलात्मकता संग प्रस्तुत कयल गेल अछि जे कथा मे कतहु टूट वा फांक नहि बुझाइत अछि। उपन्यास मे मिथिला समाजक लगभग सभ हिस्सा अपन सीमा आ सामर्थ्य संग उपस्थित अछि, जे उपन्यास कें बहुलतावादी पाठ बनबैत अछि। उपन्यासक अधिकांश चरित्र अपन निजी वैशिष्ट्य सं युक्त अछि। ...मिथिला संग भारतीय राजनीति केर विद्रूपता, समाज मे कोढ़ जकां पसरैत धर्मांधता, अमानवीय वर्णश्रेष्ठता आ अपहृत स्त्री अस्मिता आदि समकालीन समस्या आ मुद्दा सभ निपट नांगट रूप मे आबि उपन्यास कें संपूर्णता प्रदान करैत अछि।

**केदार कानन :** जाल मैथिलीक एक महत्त्वपूर्ण आ विचारोत्तेजक उपन्यास थिक जे मैथिली उपन्यासक नव क्षितिजक उद्घाटन करैत अछि। प्रेम केंद्रित उपन्यास रहितो आजुक जीवन मे पैसल कुटिल राजनीति आ छल-छद्मक बहुत धारदार आ मेंही चित्रण एहि उपन्यास मे भेल अछि। कथा-पात्रक चयन आ प्रस्तुति, संवादक चुस्ती आ भाषाक मनोहर छवि-छटा, नव कथानक पर गतानल औपन्यासिक वितान एहि कृति कें महत्त्व प्रदान करैत अछि। निस्संदेह आजुक मैथिली उपन्यास मध्य ई विशेष रेखांकित करबा योग्य कृति थिक। उपन्यासकार कें बधाइ आ शुभकामना।

**राम नरेश यादव :** जाल उपन्यासक जड़ि मे महेसर आ सुनीताक प्रेम कथा अछि। मुदा ई उपन्यास मिथिलाक सामाजिक आ राजनीतिक पटल धरि नीक विस्तार पौने अछि। ई उपन्यास एक्कैसम शताब्दीक दोसर दशकक मिथिला समाजक सोच-विचार, उलझन आ षडयंत्रक दस्तावेजक रूपें दर्जा प्राप्त करबा मे सफल रहल अछि। समाज मे जातिक रोग आ भ्रष्ट आचरणक घून लागल छै। तैयो समाज निते बदलि रहल छै। मिथिला समाज मे बढ़ैत जा रहल अंतरधार्मिक आ अंतरजातीय विवाहक यथार्थ उपन्यास मे वर्णित उदाहरण सं मेल खाइत अछि। नेता सभक किरदानी आ ठिकेदार सभक बेइमानी सं आमजन त्राहिमाम कए रहलाह अछि। जाति आ धर्मक तानी-भरनी सं बुनल जाल मे लोक ओझरायल अछि। जाल तं कटबे करत, मुदा से कहिया? उपन्यासकार ई प्रश्न पाठकक सोझां ठाढ़ करैत छथि।

सर्व सम्मति सं भेल निर्णयक आधार पर सच्चिदानंद सच्चू कें नव उपन्यास जाल लेल सम्मानित करबाक घोषणा करैत लेखक संपादक गौरीनाथ प्रसन्नता संग कहलनि, सच्चू जी वास्तव मे मैथिली उपन्यासक नइं मात्र नव जमीन कोड़ि-तामि रहल छथि, मैथिली उपन्यास कें भारतीय भाषाक उपन्यासक समक्ष ठाढ़ करबा योग्य सेहो बना रहल छथि। एक संग तीन टा महत्त्वपूर्ण उपन्यासक एहन रचनाकार मैथिली मे ताकब, हमरा जनैत कठिन हैत।

एहि उपलब्धि लेल सेहो हम सच्चू जी कें बधाइ देब जरूरी बुझैत छी। अंत मे धन्यवाद ज्ञापन करैत कथाकार-आलोचक आ महालक्ष्मी-हरिदासक सुपुत्र श्रीधरम कहलनि जे एहि वर्षक ई कार्यक्रम 28 सितंबर, 2026 कें नई दिल्ली मे संपन्न हैत। ओहि अवसर पर जाल उपन्यासक लोकार्पण आ एहि पर चर्चाक आयोजन सेहो कयल जायत। निर्णायक लोकनिक काज श्रमसाध्य छल आ ओ लोकनि ई कठिन काज जाहि तत्परता संग कयलनि, ओहि लेल धन्यवाद छोट शब्द थिक।

# की जेन-जी केंं आगू राखि राहुल जीतताह यूपी चुनाव!



उत्तर प्रदेशक राजनीति मे पूर्वांचलक इलाका सदिखन सत्ता तक पहुंचबाक कुंजी मानल जाइत रहल अछि। 2024 लोकसभा चुनाव मे प्रयागराज संसदीय सीट पर कांग्रेस प्रत्याशी उज्ज्वल रमण सिंहक जीत आ आसपासक क्षेत्र सभ मे समाजवादी पार्टी-कांग्रेस गठबंधनक प्रदर्शन सं पूर्वांचलक राजनीतिक समीकरण बदलल छल। एहि क्रम मे आब 2027 विधानसभा चुनावक आहटिक बीच लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी प्रयागराजक दौरा कए दिल्ली लौटल छथि। शनिदिन प्रयागराज मे आयोजित ह्यछात्रसभक गूंजह्ल कार्यक्रमक माध्यम सं राहुल गांधी सीधा जेन-जी पीढ़ीक युवा सभ सं संवाद कएलनि, जे प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी आ उच्च शिक्षाक संकट सं जूझि रहल छथि। केपी ग्राउंड मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे हजारो छात्र सभ भाग लेलनि, जतय राहुल गांधी शिक्षा, रोजगार आ भर्ती परीक्षाक अनिश्चितताक मुद्दा प्रमुखता सं उठेलनि। इलाहाबाद विश्वविद्यालयक छात्र सभ फीस वृद्धि, छात्रसंघ चुनाव, विश्वविद्यालयक खराब स्थिति, शिक्षकसभक कमी आ प्रशासनिक उत्पीड़न जकां मुद्दा राहुल गांधीक समक्ष रखलनि। छात्रसभक आरोप छल जे विश्वविद्यालय प्रशासन अनचोके भारी फीस वृद्धि कए देने अछि आ विभिन्न पाठ्यक्रम सभ मे सीट संख्या घटा देने अछि, जाहि सं गरीब आ मध्यमवर्गीय छात्र सभ शिक्षा सं वंचित भए रहल छथि। प्रयागराज, जे एक समय देशक प्रतियोगी परीक्षाक प्रमुख केंद्र आ छात्र राजनीतिक नर्सरी मानल जाइत छल, ओतय पढ़निहार छात्र सभ अपन समस्या विस्तार सं रखलनि। विशेष रूप सं फीस वृद्धि आ सीट कटौतिक मुद्दा जोरदार ढंग सं उठाओल गेल। संवादक दौरान छात्र सभ उत्तर प्रदेश सिपाही भर्ती, यूपी एसआई परीक्षा आ आरओ-एआरओ परीक्षा मे बेर-बेर पेपर लीक हेबाक आ परीक्षा रद्द हेबाक पीड़ा सेहो साझा कएलनि। छात्र सभ कहलनि जे वर्षौंक मेहनतक बाद परीक्षा रद्द भए जाइत अछि अथवा न्यायालय मे लंबित भए जाइत अछि। छात्रसभक आरोप छल जे जखन ओ लोक फीस वृद्धि अथवा पेपर लीकक विरोध मे शांतिपूर्ण प्रदर्शन करैत छथि, तखन पुलिस द्वारा लाठीचार्ज कएल जाइत अछि आ एफआईआर दर्ज कए हुनक भविष्य प्रभावित कएल जाइत अछि। सरकारी नियुक्ति मे देरी, विज्ञापन जारी होए मे विलंब आ परीक्षा एजेंसीसभक जवाबदेही नहि तय होएबाक मुद्दा सेहो राहुल गांधीक समक्ष उठाओल गेल।

**पूर्वांचल मे कोन दिस बहत 'गंगा'?**

राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे राहुल गांधी छात्रसभक माध्यम सं पूर्वांचलक राजनीति साधबाक प्रयास कए रहल छथि। विशेष रूप सं 2027 विधानसभा चुनाव सं पूर्व युवासभक मुद्दा केंं केंद्र मे आनबाक रणनीति देखाइ पड़ैत अछि। 2024 मे प्रयागराज लोकसभा सीट जीतलाक बाद कांग्रेस एहि क्षेत्र मे फेर सक्रिय भेल अछि। राहुल गांधीक एहि दौराक प्रभाव प्रतापगढ़, कौशांबी, जौनपुर, भदोही, वाराणसी, मिजार्पुर आ आजमगढ़ जकां जिला सभ पर पड़बाक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। पूर्वांचलक लगभग प्रत्येक जिला सं लाखो युवा प्रयागराज मे पढ़ाई करैत छथि। जखन ई छात्र सभ अपन गाम-नगर लौटताह, तखन एहि कार्यक्रमक राजनीतिक संदेश व्यापक स्तर पर फैलि सकैत अछि। समाजवादी पार्टी आ कांग्रेस गठबंधनक मानब अछि जे जं युवा आ छात्र वर्ग हुनक पक्ष मे संगठित होइत अछि, तखन 2027 विधानसभा चुनाव मे पूर्वांचलक दर्जनों सीटक समीकरण बदलि सकैत अछि। प्रतियोगी छात्रसभक असंतोषक कारण सरकार पर भर्ती प्रक्रिया पारदर्शी बनेबाक आ भर्ती कैलेंडर जारी करबाक दबाव सेहो बढ़ि सकैत अछि।

राजनीतिक जानकार सभक अनुसार राहुल गांधीक प्रयागराज दौरा मात्र छात्र संवाद नहि, बल्कि 2027 विधानसभा चुनाव लेल युवा-केंद्रित राजनीतिक कथा गढ़बाक सुनियोजित रणनीतिक हिस्सा अछि। कांग्रेस कोटा, देहरादून आ आब प्रयागराज मे छात्र सभ सं संवाद कए ई संदेश देबय चाहैत अछि जे ओ जातीय राजनीति सं ऊपर उठि शिक्षा, रोजगार आ पेपर लीक जकां वास्तविक मुद्दा सभ पर चुनावी लड़ाइ लड़य चाहैत अछि। जखनकि सत्तारूढ़ भाजपाक तर्क अछि जे राज्य सरकार पारदर्शी ढंग सं नियुक्ति दए रहल अछि आ पेपर लीक माफिया सभ पर कठोर कारबाइ कएल जा रहल अछि। मुदा प्रयागराजक धरती सं उठल ह्यछात्रसभक गूंजह्ल स्पष्ट कए देने अछि जे 2027 विधानसभा चुनाव मे पूर्वांचलक युवा मतदाता निर्णायक

## राहुल गांधी-अखिलेश यादव केंं बिहार किएक बजा रहल छथि तेजस्वी?



बांकीपुर उपचुनाव मे राजद प्रत्याशी रेखा गुप्ताक जमानत जब्त हेबाक बाद नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव फेर सं बिहारक राजनीति मे सक्रिय होइत देखाइ पड़ि रहल छथि। शुक्र दिन ओ बिहारक पुलिस महानिदेशक विनय कुमार सं भेंट कए सीवान मे छात्रसभक प्रदर्शनक दौरान एके-47 सं फायरिंगक मामिलाक जिम्मेदारी तय करबाक मांग कएलनि। एहि संगहि ओ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आ समाजवादी पार्टीक अध्यक्ष अखिलेश यादव केंं बिहार आबय लेल न्योता देलनि।

सीवान मे 25 जुलाई केंं छात्रसभक प्रदर्शनक दौरान एक पुलिसकर्मी द्वारा एके-47 सं फायरिंग करबाक वीडियो सामने आएल छल। एहि घटनाक बाद संबंधित पुलिसकर्मी केंं निलंबित कए विभागीय जांच शुरू कएल गेल। पुलिसक अनुसार प्रदर्शनक दौरान अपन आ सरकारी संपत्तिक सुरक्षाक लेल हवा मे चारि राउंड फायरिंग कएल गेल छल। मुदा विपक्षक आरोप अछि जे छात्र सभ पर पुलिसक कारबाइ जरूरत सं बेसी कठोर छल।

### निष्पक्ष जांचक मांग

तेजस्वी यादव कहलनि जे जं एके-47 चलाबयक आदेश नहि छल तखन पुलिसकर्मी हथियार लए फायरिंग किएक कएलक। हुनकर कहब अछि जे मात्र एक सिपाही पर दोष दए मामिला समाप्त नहि कएल जा सकैत अछि। ओ एहि संपूर्ण घटनाक निष्पक्ष जांच आ दोषी अधिकारी सभ पर कारबाइक मांग कएलनि।

तेजस्वी यादव राहुल गांधी आ अखिलेश यादव केंं मात्र राजनीतिक समर्थन लेल नहि, बल्कि एहि मुद्दा केंं राष्ट्रीय स्तर पर उठाबय लेल बिहार आबयक निमंत्रण देने छथि। ओ संसद मे एहि विषय केंं उठेबाक लेल दुनू नेता केंं धन्यवाद सेहो देलनि।

तेजस्वीक योजना अछि जे राहुल गांधी आ अखिलेश यादव बिहार आबि पुलिस कारबाइ मे घायल छात्र सभ सं भेंट करथि। एकर माध्यम सं छात्र आंदोलनक मुद्दा विपक्षी दलसभक साझा अभियानक हिस्सा बनि सकैत अछि आ राज्य सरकार पर राजनीतिक तथा नैतिक दबाव बढ़ि सकैत अछि।

### संसद सं सड़क धरि विपक्ष केंं एकजुट करबाक प्रयास

एके-47 फायरिंगक मुद्दा पहिनहि संसद मे विपक्षक निशान पर अछि। विपक्ष छात्र सभ पर कथित पुलिस अत्याचार आ सीवान फायरिंगक मुद्दा पर सरकार सं जवाब मांगि चुकल अछि। सुप्रीम कोर्ट सेहो शांतिपूर्ण प्रदर्शनक अधिकार केंं संवैधानिक अधिकार बतबैत पुलिसक कथित ज्यादती पर सवाल उठा चुकल अछि।

एहन परिस्थिति मे तेजस्वी यादव चाहैत छथि जे राहुल गांधी आ अखिलेश यादवक बिहार आगमन सं ई मुद्दा राष्ट्रीय विपक्षक साझा अभियानक रूप लए। राहुल गांधी लोकसभा मे विपक्षक नेता छथि, जखनकि अखिलेश यादव देशक प्रमुख विपक्षी नेता मे सं एक छथि।

### सरकार आ कानून-व्यवस्था पर निशाना

तेजस्वी यादव एहि क्रम मे बिहार मे बढ़ैत अपराधक मुद्दा सेहो उठा रहल छथि। हुनकर आरोप अछि जे राज्यक छवि पुलिस राज्यक रूप मे बनैत जा रहल अछि। ओ भरत तिवारी एनकाउंटर मामिलाक उल्लेख करैत सरकार पर लीपापोती करबाक आरोप सेहो लगेलनि। हुनका अनुसार ओ शीघ्र रोहतास जाइ एक मजदूरक परिवार सं सेहो भेंट करताह।

### तेजस्वीक पैघ राजनीतिक दांव

राहुल गांधी आ अखिलेश यादव केंं बिहार बजेबाक पाछां तेजस्वी यादवक तीन प्रमुख उद्देश्य देखाइ पड़ैत अछि। पहिल, सीवान एके-47 फायरिंग मामिलाक जिम्मेदारी तय करबाक दबाव बढ़ेनाइ। दोसर, घायल छात्रसभक संग विपक्षक एकजुटता देखेनाइ। आ तेसर, बिहारक कानून-व्यवस्था आ छात्र मुद्दा केंं राष्ट्रीय राजनीतिक बहसक विषय बनेनाइ।

## कर्नाटक मंत्रिमंडल मे फेरबदल करबाक तैयारी मे शिवकुमार महिला प्रतिनिधित्वक कमी आ असंतोष बनल चुनौती

कर्नाटकक मुख्यमंत्री डी.के. शिवकुमार शीघ्रहि फेर दिल्ली दौरा कए सकैत छथि। मंत्रिमंडल मे महिला मंत्रीक अनुपस्थिति, भ्रष्टाचारक आरोप झेलि रहल एक विधायकक समावेश, पूर्व मुख्यमंत्री सिद्धारमैयाक निकटस्थ एकटा पिछड़ा वर्ग नेता केंं स्थान नहि भेटनाइ आ कतेको वरिष्ठ विधायकसभक असंतोषक बीच कांग्रेस नेतृत्व मंत्रिमंडल मे फेरबदलक विचार कए रहल अछि। 3 अगस्त केंं शपथ लेल 19 नव मंत्रीसभक विभाग बंटवारा एखन धरि नहि भेल अछि। 13 अगस्त सं शुरू होमय बला विधानमंडलक मानसून सत्र सं पूर्व कांग्रेस एहि मुद्दासभक समाधान करबाक प्रयास मे जुटल अछि। भाजपा आ जेडी(एस) सेहो मंत्रिमंडल विस्तारक विवाद पर सरकार केंं घेरबाक तैयारी मे अछि।



कांग्रेसक एक विधायक कहलनि जे शीघ्रहि मंत्रिमंडल मे किछु परिवर्तन कएल जाएत आ एक महिला मंत्री केंं सेहो शामिल कएल जाएत। मंत्रिमंडल गठनक बाद असंतोष कांग्रेस लेल कोनो नव बात नहि अछि, मुदा राज्य आ केंद्र स्तर पर पार्टीक भीतर कतेको शक्ति केंद्र हेबाक कारण मंत्री पद लेल विभिन्न स्तर पर लॉबिंग देखल जा रहल अछि। पार्टीक प्रयास अछि जे वर्षों सं कांग्रेसक समर्थन करैत आबि रहल विभिन्न जाति आ समुदायक संतुलित प्रतिनिधित्व सुनिश्चित कएल जाए। वर्तमान 33 सदस्यीय शिवकुमार मंत्रिमंडल जातीय संतुलनक दृष्टि सं पूर्व मुख्यमंत्री सिद्धारमैयाक 34 सदस्यीय मंत्रिमंडल सं किछु भिन्न अछि। सबसं पैघ भेद महिला मंत्रीक अनुपस्थिति, अनुसूचित जाति आ मुस्लिम प्रतिनिधित्व मे वृद्धि तथा लिंगायत प्रतिनिधित्व मे कमी अछि।

3 अगस्त केंं जारी पहिल सूची मे गायत्री शांतिकौड़ा एकमात्र महिला मंत्रीक रूप मे शामिल छलीह, मुदा हुनक नाम पर विवाद उत्पन्न भेला बाद ओ शपथ नहि लए सकलीह। सिद्धारमैया अपन पूर्व सहयोगी उमाश्री केंं महिला कोटाक लेल समर्थन केने छलथि। कांग्रेस सूत्र सभक अनुसार आब उमाश्री केंं मंत्रिमंडल मे शामिल कएल जा सकैत अछि। वर्तमान मंत्रिमंडल मे 7 लिंगायत, 6 वोक्कालिगा, 7 अनुसूचित जाति, 3 अनुसूचित जनजाति, 3 मुस्लिम आ 1 ईसाई प्रतिनिधि छथि। महिला पिछड़ा वर्गक उम्मीदवार शामिल भेला पर पिछड़ा वर्गक संख्या आरो बढ़ि सकैत अछि।

कांग्रेस सूत्रसभक अनुसार नव मंत्रिमंडलक जातीय संतुलन हालहि मे संपन्न जातीय सर्वेक्षणक आंकड़ासभक आधार पर तैयार कएल गेल अछि। सर्वेक्षण मे पिछड़ा वर्गक आबादी लगभग 42 प्रतिशत बताओल गेल अछि, जखनकि वोक्कालिगा आ लिंगायत समुदायक हिस्सा लगभग 15-15 प्रतिशत बताओल गेल अछि। पूर्व मुख्यमंत्री सिद्धारमैया हवेरी क्षेत्रक विधायक बसवराज शिवन्नवर केंं मंत्रिमंडल मे शामिल करबाक पक्षधर छथि। हुनक समावेश सं कुरुबा समुदाय आ पिछड़ा वर्गक प्रतिनिधित्व बढ़ि सकैत अछि। मुख्यमंत्री शिवकुमार आब जातीय सर्वेक्षण लागू करबाक प्रतिबद्धता सेहो व्यक्त केने छथि। 7 अगस्त केंं कांग्रेसक पिछड़ा वर्ग प्रकोष्ठक बैठक मे ओ कहलनि जे सरकार सामाजिक न्याय सुनिश्चित करबाक लेल सर्वेक्षणक निष्कर्ष लागू करबाक पक्ष मे अछि।

कांग्रेसक भीतर असंतोषक एक प्रमुख कारण ई सेहो अछि जे कतेको विधायक अपन जाति अथवा क्षेत्र सं पहिनहि पर्याप्त प्रतिनिधित्व हेबाक कारण मंत्री नहि बनि सकल छथि। पार्टी युवा चेहरा केंं अवसर देबाक रणनीति पर सेहो जोर दए रहल अछि। भ्रष्टाचारक आरोप झेलि रहल बल्लारी ग्रामीण क्षेत्रक विधायक बी. नागेंद्र आ पूर्व मंत्री बी.जेड. जमीर अहमद केंं मंत्रिमंडल मे स्थान देल जाएब सेहो चर्चा मे अछि। पार्टी सूत्रसभक अनुसार अपन-अपन समुदायक बीच प्रभावशाली पकड़ हेबाक कारण हुनका सभक चयन कएल गेल अछि।

प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष बी.के. हरिप्रसाद कहलनि जे लगभग सभ जिला केंं प्रतिनिधित्व देबाक प्रयास कएल गेल अछि। हुनकर कहब अछि जे अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति, पिछड़ा वर्ग, अल्पसंख्यक, ईसाई, वोक्कालिगा आ लिंगायत सभके प्रतिनिधित्व देल गेल अछि, मुदा सभके संतुष्ट करब संभव नहि अछि। ओ कहलनि जे महिलासभके अवसर भेटबाक चाही आ एहि विषय पर पार्टी नेतृत्व सं चर्चा कएल जाएत।

## पीएम मोदी सं भेंट करत शरद पवारक एनसीपी-एसपीक सभ सांसद

महाराष्ट्रक राजनीति मे शरद पवार नेतृत्व बला राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरद पवार गुट) आ एनडीएक बीच नजदीकीक चर्चा एक बेर फेर तेज भए गेल अछि। एहि बीच पार्टी सांसद सुप्रिया सुले घोषणा कएलनि जे एनसीपी (एसपी)क सभ 8 सांसद सोमदिन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं भेट करताह।

सुप्रिया सुले कहलनि जे सोम दिन भोर 11 बजे संसद भवन स्थित प्रधानमंत्री कार्यालय मे प्रतिनिधिमंडलक बैठक होएत। हुनकर अनुसार एहि भेटक उद्देश्य महाराष्ट्र सं जुड़ल महत्वपूर्ण आ लंबा समय सं लंबित मुद्दा सभ पर प्रधानमंत्रीक ध्यान आकृष्ट करब अछि। सुले कहलनि जे संसदक कार्यवाही लगातार बाधित रहबाक कारण सांसद सभ सीधा प्रधानमंत्री सं भेट कए राज्यक समस्या सभ रखबाक निर्णय लेने छथि।

### पानि संकट सं किसान आत्महत्याक मुद्दा धरि उठत

सुप्रिया सुलेक अनुसार महाराष्ट्र एखन कतेको गंभीर चुनौतीक सामना कए रहल अछि। एहि मे पानि संकट, किसानसभक आत्महत्या, तीव्र शहरीकरण आ विकास योजना सभ सं जुड़ल समस्या प्रमुख अछि।

**की अछि राजनीतिक योजना**

हुनका अनुसार सांसद स्थानीय क्षेत्र विकास योजना (एमपीएलएडी) अंतर्गत भेटए बला 5 करोड़ रुपैयाक उपयोग मे सेहो व्यवहारिक कठिनाइ आबि रहल अछि। सुले आरोप लगौलनि जे राज्य सरकारक पर्याप्त सहयोग नहि भेटबाक कारण विकास योजना सभ प्रभावित भएह्ल रहल अछि। एनसीपी (एसपी)क मानब अछि जे एहि मुद्दासभक समाधान लेल केंद्र आ राज्य सरकारक बीच नीक समन्वय आवश्यक अछि, जाहि सं आम लोक केंं प्रत्यक्ष लाभ भेटि सकय।



### एफसीआरए संशोधन विधेयकक विरोध

सुप्रिया सुले प्रस्तावित विदेशी अंशदान विनियमन अधिनियम (एफसीआरए) संशोधन विधेयक पर पार्टीक विरोध सेहो स्पष्ट कएलनि।

हुनका अनुसार एनसीपी (एसपी) वर्तमान स्वरूप मे एहि विधेयकक समर्थन नहि करैत अछि। पार्टीक मांग अछि जे सरकार या तं एहि विधेयक केंं वापस लए अथवा संयुक्त संसदीय समिति (जेपीसी)क पास विचार लेल पठाबए।

सुले कहलनि जे एतेक महत्वपूर्ण कानून मे बदलाव सं पूर्व व्यापक चर्चा आ सभ पक्षक विचार आवश्यक अछि।

छात्र आंदोलन आ नीट विवाद पर एसआईटीक मांग

सुप्रिया सुले छात्र आंदोलन आ नीट विवादक मुद्दा सेहो उठौलनि। हुनका अनुसार जंतर-मंतर पर भेल छात्र प्रदर्शन सं जुड़ल घटनाक्रमक जांच लेल विशेष जांच दल (एसआईटी) गठित कएल जाए। हुनका कथित पेलेट गन आ आंसू गैस प्रयोगक आरोपसभक निष्पक्ष जांचक मांग कएलनि। सुले कहलनि जे सभ तथ्य सामने आनबाक लेल स्वतंत्र जांच आवश्यक अछि।

### परिसीमन विधेयक पर एखन आखरी रुख नहि

परिसीमन विधेयक संबंधी प्रश्न पर सुप्रिया सुले कहलनि जे एखन धरि संसद मे कोनो आधिकारिक मसौदा प्रस्तुत नहि भेल अछि, तें पार्टी एखन आखरी प्रतिक्रिया नहि दए सकैत अछि।

हुनका अनुसार इंडिया गठबंधनक नेता सभदिन भोर मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगेक नेतृत्व मे बैठक करैत छथि। परिसीमन विधेयक संसद मे आबलाक बाद सहयोगी दलसभक संग विचार-विमर्श कए संयुक्त रणनीति तय कएल जाएत। सुले स्पष्ट कएलनि जे एहि मुद्दा पर एनसीपी (एसपी) एकल निर्णय नहि लेत, बल्कि कांग्रेस, समाजवादी पार्टी, शिवसेना (यूबीटी), तृणमूल कांग्रेस आ अन्य सहयोगी दलसभक संग चर्चा कए सामूहिक रुख तय कएल जाएत। एहि बीच सोम दिन होमय बला प्रधानमंत्री मोदी आ एनसीपी (एसपी) सांसदसभक भेटि पर राजनीतिक नजरि टिकल अछि। देखबाक विषय होयत जे महाराष्ट्रक मुद्दा सभ पर केंद्र सरकार की आश्वासन दैत अछि आ एहि संवाद सं कोनो नव राजनीतिक समीकरण बनैत अछि कि नहि।

# रोसड़ा शहर कें जाम सं भेटत मुक्ति, 8718.95 लाखक लागति सं बाइपास सड़कक भेल शिलान्यास

## सांसद शांभवी चौधरीक संग पथ निर्माण मंत्री कुमार शैलेंद्र कएलनि शिलान्यास

समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा शहर मे लगातार बनल रहनिहार जामक समस्या सं आब लोक कें शीघ्र राहति भेटबाक उम्मीद अछि। बाजार क्षेत्र मे वाहनक बढ़ैत दबाव कें कम करबाक उद्देश्य सं रोसड़ा बाइपास सड़क निर्माण परियोजनाक रविदिन विधिवत शिलान्यास कएल गेल। कलवार बालापर चौकक लग आयोजित कार्यक्रम मे बिहार सरकारक पथ निर्माण विभागक मंत्री इंजीनियर कुमार शैलेंद्र बाइपास सड़क निर्माण कार्यक शिलान्यास कएलनि। एहि परियोजनाक कुल लागत 8718.95 लाख टका बताओल गेल अछि आ बाइपास सड़कक कुल लंबाइ करीब 14 किलोमीटर रहत। कार्यक्रम मे विशिष्ट अतिथिक रूप मे समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी आ केंद्रीय जल शक्ति राज्यमंत्री डॉ. राजभूषण चौधरी उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक अध्यक्षता स्थानीय विधायक वीरेंद्र कुमार कएलनि। एहि अवसर पर मंत्री अशोक चौधरी, वारिसनगरक पूर्व विधायक अशोक कुमार मुन्ना, विभूतिपुर विधायक अजय कुमार, वारिसनगर विधायक मांजरिक मृणाल, बिहार विधान परिषद सदस्य सर्वेश कुमार आ डॉ.तरुण कुमार सहित पैघ संख्या मे जनप्रतिनिधि आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह। बाइपास सड़क निर्माणक लेल मध्य विद्यालय कलवाड़ा परिसर मे कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। अतिथिक मिथिलाक परंपरा अनुसार स्वागत कएल गेल। तकर बाद दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमकशुभारंभ भेल। परियोजनाक अंतर्गत रोसड़ा बाइपासक उत्तरी हिस्सा मे बालापर चौक सं ढरहा, लालपुर,मुहम्मदपुर आ पबरा होइत सड़क बनाओल जाएत। ओतहि दक्षिणी हिस्सा मे रहुआ सं दौलतपुर धरि बाइपास सड़कक निर्माण कएल जाएत। बाइपास सड़क बनि गेलाक बाद रोसड़ा बाजार सं होइत गुजरनिहार भारी आ बाहरी वाहन कें वैकल्पिकमार्ग भेटत। एहि सं बाजार मे वाहनक दबाव कम होयत आ जामक समस्या सं लोक कें बहुत हद धरि राहति भेटबाक उम्मीद अछि। व्यापारी, स्थानीय व्यवसायी आ बाजार आबय-जाय बला लोक कें सेहो एकर सीधा लाभ भेटत। शहरक यातायात व्यवस्था सुगम होयबाक संग आसपासक क्षेत्रक विकास कें सेहो गति भेटबाक संभावना अछि। सांसद शांभवी चौधरी कहलनि जे चुनावक समय क्षेत्रक लोक सं जे वादा कएल गेल छल, तकरा पूराकरबाक दिशा मे लगातार काज कएल जा रहल अछि। समस्तीपुरक विकास लेल ओ आगू सेहो पूराप्रतिबद्धताक संग काज करैत रहताह। रोसड़ा मे बाइपास सड़कक निर्माण क्षेत्र लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। स्थानीय विधायक वीरेंद्र कुमार कहलनि जे रोसड़ा-बहेड़ी मुख्य सड़कक चौड़ीकरण आ रोसड़ा बाइपासक निर्माण भेला सं क्षेत्रक लोक कें आवागमन मे बहुत सुविधा होयत। ओ कहलनि जे रोसड़ा मे औद्योगिक क्षेत्र विकसित करबाक लेल सेहो लगातार प्रयास कएल जा रहल अछि। सड़क आ आधारभूत संरचनाक विकास सं व्यापारक विस्तारक संग रोजगारक नव अवसर पैदा होयत। विभूतिपुर विधायक अजय कुमार सरकारक विकास योजनाक क्रियान्वयन कें लए सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे क्षेत्रककतेको लोक कें कतेको मास सं पेंशन नहि भेटल अछि। कतेको स्थान पर सड़क निर्माणक काज सेहो रुकल अछि। हुनकर कहब छल जे जखन सरकारक दिस सं पर्याप्त राशि उपलब्ध कराओल जएबाक बात कहल जाइत अछि, तं योजनाक क्रियान्वयन मे आबि रहल समस्या कें दूर करबाक आवश्यकता अछि। पथनिर्माण मंत्री इंजीनियर कुमार शैलेंद्र कहलनि जे बाइपास सड़कक निर्माण गुणवत्तापूर्ण ढंग सं कराओल जाएत। निर्माण कार्य मे कोनो प्रकारक अनियमितता बर्दाश्त नहि कएल जाएत। ओ अधिकारी लोकनि कें चेतावनी दैत कहलनि जे सड़क निर्माण मे गड़बड़ी भेटल तं सभ सं पहिने विभागक संबंधित पदाधिकारी पर कारबाइ कएल जाएत। मंत्री कहलनि जे ओ स्वयं सिविल इंजीनियर छथि आ सड़क निर्माणक तकनीकी बारीकी सं नीक जकां परिचित छथि। एहि कारण निर्माणक गुणवत्ताक लगातार निगरानी कएलजाएत। सरकारक उद्देश्य मात्र सड़क बनबेनाइ नहि, बल्कि दीर्घकाल धरि टिकाउ आ गुणवत्तापूर्ण सड़क उपलब्ध कराएब अछि। बाइपास सड़कक निर्माण पूरा भेला सं रोसड़ा शहरक यातायात व्यवस्था मे महत्वपूर्ण सुधार होयबाक उम्मीद अछि। बहुत दिन सं जामक समस्या सं परेशान शहरवासी लेल ई परियोजना राहतदायक साबित भए सकैत अछि।

## बल्लीपुर-डुमरा सड़कक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरणक शिलान्यास

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक बल्लीपुर पंचायतक गलगल चौक पर रविदिन बल्लीपुर चौक सं डुमरा चौक धरि समस्तीपुर-बहेरी मुख्य पथक चौड़ीकरण आ मजबूतीकरण कार्यक शिलान्यास कएल गेल। पथ निर्माण विभागक दिस सं 87 करोड़ 18 लाख 95 हजार टकाक लागत सं 4.607 किलोमीटर सड़कक निर्माण आ उन्नयन कराओल जाएत। पथ निर्माण मंत्री ई. कुमार शैलेंद्र, खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण मंत्री डॉ. अशोक चौधरी, सांसद शांभवी चौधरी, एमएलसी डॉ. तरुण चौधरी, विभूतिपुर विधायक अजय कुमार, वारिसनगर विधायक मांजरिक मृणाल आ रोसड़ा विधायक बीरेंद्र कुमार सहित जनप्रतिनिधि संयुक्त रूप सं नारियलफोड़ि कार्यक शुभारंभ कएलनि। पथ निर्माण मंत्री कहलनि जे सड़क क्षेत्रक विकासक महत्वपूर्ण आधार अछि। निर्माण कार्य मे गुणवत्ताक संग कोनो समझौता नहि कएल जाएत। डॉ. अशोक चौधरी कहलनि जेनीक



सड़क सं किसान, विद्यार्थी आ आम लोक कें आवागमन मे सुविधा भेटत आ व्यापारिक गतिविधि कें सेहो गति भेटत। सांसद शांभवी चौधरी कहलनि जे सड़क निर्माण सं ग्रामीण क्षेत्रक संपर्क मजबूत होयत। विधायक बीरेंद्र कुमार कहलनि जे परियोजना सं शिवाजीनगर सहित आसपासक लोक कें आवागमन मे राहति भेटत। शिलान्यास कें लए कए स्थानीय लोक मे उत्साह देखल गेल।

# समस्तीपुर मे निकलल भव्य हर घर तिरंगा साइकिल रैली

## जिलाधिकारी हरियर झंडी देखाय कए कएलनि शुभारंभ

समस्तीपुर, समदिया



हर घर तिरंगा कार्यक्रमक अंतर्गत रविदिन समस्तीपुर मे राष्ट्रप्रेम आ देशभक्तिक भावना सं ओत-प्रोत भव्य हर घर तिरंगा साइकिल रैलीक आयोजन कएल गेल। समस्तीपुर समाहरणालय परिसर सं निकलल एहि साइकिल रैली कें जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा हरियर झंडी देखाय कए रवाना कएलनि।एहि अवसर पर जिलाधिकारी कहलनि जे हर घर तिरंगा अभियान राष्ट्रध्वजक प्रति सम्मान आ देशक प्रति गौरवक भावना कें जन-जन धरि पहुंचयबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। तिरंगा हमर राष्ट्रीय एकता, अखंडता, स्वाभिमान आ गौरवक प्रतीक अछि। ओ जिलावासीक आह्वान करैत कहलनि जे हर घर तिरंगा अभियान मे उत्साहपूर्वक भाग लैत अपन-अपन घर पर तिरंगा फहराबी आ राष्ट्रक प्रति अपन प्रतिबद्धता प्रकट करी। समाहरणालय परिसर सं प्रारंभ भेल साइकिल रैली मे जिला प्रशासनक पदाधिकारी आ कर्मी, शिक्षा विभागक पदाधिकारी, विभिन्न विद्यालयक प्रधानाध्यापक आ शिक्षक सहित अन्य लोक उत्साहपूर्वक शामिल भेलाह। हाथ मे तिरंगा लेने राष्ट्रभक्तिक भावना सं भरल सहभागी सभ पूरा उत्साहक संगसाइकिल रैली मे भाग लेलनि। रैलीक दौरान पूरा क्षेत्र देशभक्ति आ राष्ट्रप्रेमक भावना सं ओत-प्रोत रहल। हर घर तिरंगा अभियानक उद्देश्य आम नागरिक मे राष्ट्रध्वजक प्रति सम्मान आ अपनत्वक भावना केंआरो मजबूत करब तथा स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर देशक एकता, अखंडता आ राष्ट्रीय गौरवक प्रति जनसहभागिता बढ़ेबाक अछि। जिला प्रशासन द्वारा अभियानक अंतर्गत विभिन्न गतिविधिक माध्यम सं आम लोक कें जोड़बाक आ बेसी सं बेसी घर धरि तिरंगा पहुंचयबाक लेल व्यापक प्रयास कएल जा रहल छि। कार्यक्रम मे उप विकास आयुक्त सूर्य प्रताप सिंह, अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमार, नगर आयुक्त ज्ञान प्रकाश, समस्तीपुर सदरक अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार, जिला जनसंपर्क पदाधिकारी रजनीश कुमार राय, जिला आपूर्ति पदाधिकारी अली एक राम, जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी जूही कुमारी सहित सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी आ कर्मी, विभिन्न विद्यालयक प्रधानाध्यापक, समस्तीपुर सदरक प्रखंड शिक्षापदाधिकारी तथा अन्य संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।रैली मे शामिल पदाधिकारी, कर्मी आ सहभागी सभ राष्ट्रध्वजक सम्मान, राष्ट्रीय एकता आ देशक अखंडता अक्षुंण रखबाक संदेश देलनि। कार्यक्रम सं जिला मे स्वतंत्रता दिवसक प्रति उत्साह आ देशभक्तिक भावना आरो प्रबल भेल। जिला प्रशासन जिलावासीक आह्वान केने अछि जे हर घर तिरंगा अभियान मे सक्रिय रूप सं भाग लिअ, अपन घर पर सम्मानपूर्वक तिरंगा फहराबी आ एहि राष्ट्रीय अभियान कें जन-जनक अभियान बनाबी।

# बीपीएससी अध्यापक संघक प्रखंड इकाई गठित, राजन कुमार बनलाह अध्यक्ष

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक प्लस टू उच्च विद्यालय शिवाजीनगरक सभागार मे रविदिन बीपीएससी अध्यापक संघ, जिला इकाई समस्तीपुरक तत्वावधान मे शिवाजीनगर प्रखंड इकाईक गठन लेल बैसार आयोजितकएल गेल। एहि बैसार मे प्रखंड क्षेत्रक विभिन्न विद्यालय सं पैघ संख्या मे बीपीएससी विद्यालय अध्यापक लोकनि सहभागी भेलाह। बैसारक अध्यक्षता राजन कुमार कएलनि। एहि अवसर पर शिक्षक लोकनि संगठन कें मजबूत करबाक आशिक्षक हित सं जुड़ल मुद्दा पर एकजुट भए काज करबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रम मे पहुंचल संघक जिला अध्यक्ष अभिलाष कुमार वर्मा, जिला उपाध्यक्ष पुरुषोत्तम कुमार आ जिला सचिव पंकज कुमार कें शिक्षक लोकनि पाग, माला आ चादर भेंट कए सम्मानित कएलनि। सम्मान समारोहक दौरान शिक्षकलोकनि मे उत्साहक वातावरण रहल। तकर बाद उपस्थित विद्यालय अध्यापक लोकनिक सर्वसम्मति सं शिवाजीनगर प्रखंड इकाईक पदाधिकारीक चयन कएल गेल। एहि क्रम मे राजन कुमार कें प्रखंड अध्यक्ष तथा विपिन कुमार पटेल कें उपाध्यक्ष आ कोषाध्यक्षक दायित्व देल गेल। नवनिर्वाचित पदाधिकारी लोकनि कें उपस्थित शिक्षक लोकनि बधाई देलनि आ शिक्षक हित मे सक्रियतापूर्वक काज करबाक शुभकामना देलनि। संघक जिला अध्यक्ष अभिलाष कुमार वर्मा कहलनि जे संगठनक मुख्य उद्देश्य शिक्षक लोकनि कें एकजुट कए हुनकर हित आ अधिकारक लेल मजबूती सं आवाज उठाएब अछि। ओ कहलनि जे प्रखंड स्तर पर संगठनक गठन सं शिक्षकक समस्या सभ कें नीक ढंग सं सामने रखबाक आ ओकर समाधानक दिशा मे सामूहिक प्रयास कें बल भेटत। ओ नवनिर्वाचित प्रखंड इकाईक पदाधिकारी लोकनि कें शुभकामना दैत संगठन कें मजबूत बनेबाक अपील कएलनि। कार्यक्रमक मंच संचालन शंकर सर कएलनि। गणेश सर धन्यवाद ज्ञापन करैत कार्यक्रम मे सहभागी सभ विद्यालय अध्यापक आ शिक्षक साथी लोकनिक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे शिक्षकलोकनिक सक्रिय सहभागिता सं संगठन कें मजबूती भेटत आ भविष्य मे शिक्षक हित सं जुड़ल काज कें प्रभावी ढंग सं आगू बढ़ाओल जा सकत।

# बाल रोग विशेषज्ञक अभाव मे मनीगाछीक बच्चाक स्वास्थ्य पर संकट

मनीगाछी/दरभंगा, समदिया

मनीगाछी प्रखंड क्षेत्रक सरकारी अस्पताल सभ मे बाल रोग विशेषज्ञ चिकित्सक नहि रहबाक कारण बच्चासभक समुचित इलाज मे अभिभावक सभ कें परेशानीक सामना करय पड़ि रहल अछि। गंभीर स्थिति मे बच्चा कें दरभंगा अथवा मधुबनी लए जेबाक मजबूरी बनि रहल अछि। एहि स्थिति सं स्थानीय लोक मे स्वास्थ्य विभागक प्रति नाराजगी देखल जा रहल अछि।मकरंदा निवासी आलोक मिश्र सहित अन्य लोक बतौलनि जे प्रखंड मुख्यालय स्थित रेफरल अस्पताल आ प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र मनीगाछी मे करीब दू वर्ष सं बाल रोग विशेषज्ञ चिकित्सकक पद रिक्त अछि। एहि कारण बच्चाक स्वास्थ्य खराब भेला पर स्थानीय स्तर पर विशेषज्ञ चिकित्सा सुविधा नहि भेट पबैत अछि। दुनू अस्पताल मे प्रतिमास करीब 250 गर्भवती महिलाक प्रसव कराओल जाइत अछि। मुदा प्रसवक बाद नवजात बच्चाक देखरेख लेल बाल रोग विशेषज्ञ नहि रहबाक कारण विशेष परिस्थिति मे बच्चा कें अन्य अस्पताल मे रेफर करय पड़ैत अछि।एहि बीच मौसिम मे लगातार भए रहल बदलावक कारण बच्चा सभ मे सर्दी, खांसी, बोखार सहित अन्य मौसमी बेमारीक शिकायत बढ़ि रहल अछि। बाल रोग विशेषज्ञक अनुपस्थिति मे अभिभावक सभ कें बच्चा कें लए दूरक अस्पताल अथवा निजी चिकित्सकक शरण लेबय पड़ैत अछि। गंभीर रोगी बच्चाक परिवार लेल ई स्थिति बेसी परेशानीक कारण बनि रहल अछि। स्थानीय लोक स्वास्थ्य विभागक संबंधित अधिकारी सं मामिलाक गंभीरतापूर्वक संज्ञान लैत अविलंब बाल रोग विशेषज्ञ चिकित्सकक पदस्थापना करबाक मांग केने छथि। संगहि स्थानीय विधायक सं सेहो एहिदिस ध्यान देबाक आग्रह कएल गेल अछि, जाहि सं क्षेत्रक बच्चा सभ कें स्थानीय स्तर पर समुचितचिकित्सा सुविधा भेटि सकय।एहि संबंध मे पीएचसी प्रभारी डॉ. रेजा आलम आ रेफरल अस्पताल प्रभारी डॉ. वीभा झा कहलनि जे बालरोग विशेषज्ञ चिकित्सकक पदस्थापन लेल विभाग सं लगातार मांग कएल जा रहल अछि।

# विशिष्ट शिक्षकक प्रमाणपत्र मे कथित छेड़छाड़क मामिला मे विभागीय कारबाइ पर उठल सवाल

बेनीपुर/दरभंगा, समदिया

मध्य विद्यालय धरौड़ा, बेनीपुर मे कार्यरत विशिष्ट शिक्षक ओम प्रकाश पटवाक शैक्षणिक प्रमाणपत्र मे कथित छेड़छाड़ कए नियुक्ति प्राप्त करबाक मामिला मे शिक्षा विभागक कारबाइ पर सवाल उठय लागल अछि। मामिला मे विभागीय स्तर पर प्रतिवेदन आ पत्राचार भेलाक बादो एखन धरि आखरी कारबाइ नहिभेल अछि। एहि सं शिकायतकर्ता विभागीय प्रक्रियाक गति पर सवाल उठौने छथि। बताओल जाइत अछि जे कार्यालय प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी, बेनीपुरक पत्रांक 336, दिनांक 2 मई 2026क प्रतिवेदन मे मामिला मे कथित अनियमितताक उल्लेख कएल गेल अछि। ओतहि जिला शिक्षा पदाधिकारी, दरभंगाक पत्रांक 2871, दिनांक 16 जुलाई 2026क माध्य मे सेहो मामिला मे आगूक प्रक्रिया करबाकसंदर्भ सामने आएल अछि। जानकारीक अनुसार, संबंधित शिक्षक कें अपन पक्ष रखबाक लेल सात दिनक समय देल गेल छल।शिकायतकर्ताक दावा अछि जे निर्धारित समय-सीमा बीतलाक बादो शिक्षकक दिस सं एखन धरि कोनो जवाब नहि देल गेल अछि। एहन स्थिति मे सवाल उठि रहल अछि जे विभागीय प्रतिवेदन आ पत्राचारक बादो मामिलाक कारबाइ आगू किएक नहि बढ़ल। शिकायतकर्ताक मांग अछि जे पूरा मामिलाक निष्पक्ष आ नियमानुसार जांच कराओल जाए। जं शैक्षणिक प्रमाणपत्र मे छेड़छाड़ अथवा नियुक्ति मे अनियमितताक आरोप सत्य पाओल जाए तं संबंधित शिक्षक पर नियमानुसार कठोर कारबाइ कएल जाए। संगहि ई सेहो स्पष्ट करबाक मांग कएल गेल अछि जे सात दिनक समय-सीमा समाप्त भेलाक बाद विभाग संबंधित शिक्षकक जवाबक प्रतीक्षा कए रहल अछि अथवा आगूक कारबाइ शुरू कएल जा चुकल अछि। कतेको मास सं कारबाइक मांग होयबाक बादो मामिला लंबित रहबाक कारण सेहो सवाल उठाओल जा रहल अछि। शिकायतकर्ता विभाग सं मामिलाक जांच मे कोनो बाहरी दबाव अथवा प्रभावक शिकायत भेटला पर तकर निष्पक्ष जांच करबाक मांग केने छथि।

# दंत रोग सं बचाव लेल जागरूकता जरूरी : डॉ. रूपम

बेगूसराय, समदिया



दांत मे दर्द, कैविटी, मसूड़ा सं खून निकलनाय, दांत मे संवेदनशीलता आ मुंह सं दुर्गंध सन समस्या कें लोक प्रायः सामान्य बुझि कए अनदेखी कए दैत छथि। एहि तरहक लापरवाही आगू चलि गंभीर दंत रोगक कारण बनि सकैत अछि। उषा डेंटल क्लिनिक एंड इंप्लांट सेंटर, बेगूसराय केर संचालिका दंतचिकित्सक डॉ. रूपम कुमारी रूपम, एम.डी. एम.क अनुसार दांत आ मसूड़ा सं जुड़ल कोनो समस्या कें दीर्घ समय धरि अनदेखी करबाक बदला समय रहैत दंत चिकित्सक सं परामर्श लेब उचित अछि। ओ कहलनि जे दांत पर जमा प्लाक आ बैक्टीरिया दांतक सड़न आ मसूड़ाक समस्या कें जन्म दए सकैत अछि। आरंभ मे छोट देखाइ पड़निहार समस्या समयक संग दर्द, संक्रमण अथवा दांत कें क्षति धरि पहुंचा सकैत अछि। तें नियमित रूप सं दांतक सफाई आ दंत जांच कें अपन दिनचर्याक हिस्सा बनायब आवश्यक अछि। डॉ. रूपम कुमारी रूपमक अनुसार दांत मे लगातार दर्द, ठंडा-गरम लागब, मसूड़ा मे सूजन अथवा रक्तस्राव आ मुंह सं लगातार दुर्गंध जेहन लक्षण कें अनदेखी नहि करबाक चाही। एहन लक्षण देखाइ पड़ला पर विशेषज्ञ सं जांच करायब उचित होयत। सामान्यतः लोक दांत मे तेज दर्द भेलाक बादे दंत चिकित्सक लग पहुंचैत छथि। मुदा नियमित दंत जांचक उद्देश्य रोग गंभीर बने सं पहिने ओकरपहचान आ रोकथाम करब सेहो अछि। समय पर जांच भेला सं कतेको दंत समस्या केर उपचारअपेक्षाकृत सरल ढंग सं कएल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे दंत रोग सं बचाव लेल दिन मे दू बेर फ्लोराइडयुक्त टूथपेस्ट सं ब्रश करब, फ्लॉस सं दांतक बीचक सफाई करब, अत्यधिक मीठ पदार्थक सेवन सीमित राखब आ नियमित दंत जांच करायबमहत्वपूर्ण अछि। बच्चा सभ मे सेहो कम उम्र सं दांतक सफाई आ मौखिक स्वास्थ्यक आदत विकसितकरब जरूरी अछि। समय पर देखभाल आ नियमित जांच सं दांत आ मसूड़ा कें दीर्घकाल धरि स्वस्थ राखल जा सकैत अछि।

# नीट यूजी 2026 मे सफलता पर मो. मोदब्बीर खान पटना मे सम्मानित

सोनबरसा/सीतामढ़ी, समदिया



प्रखंडक महुलिया निवासी मो. शुऐबुर रहमान आ यासमीन खानमक पुत्र मो. मोदब्बीर खान कें नीट यूजी 2026 मे शानदार सफलता हासिल करबाक उपलक्ष्य मे पटना मे आकाश इंस्टीट्यूटक दिस सं सम्मानितकएल गेल। मोदब्बीर राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा (नीट यूजी) 2026 मे 566 अंक प्राप्त कए ऑलइंडिया रैंक 25,625 हासिल कएलनि। पटना मे आकाश इंस्टीट्यूटक दिस सं सम्मानित भेला सं मोदब्बीर आ हुनकर परिवारक उत्साह बढ़ल अछि। मोदब्बीरक माता-पिता दुनू सहायक शिक्षक छथि। हुनका दुनूक सपना छल जे हुनकर पुत्र डॉक्टर बनय। पुत्रक उपलब्धि पर माता-पिता अत्यंत प्रसन्न छथि। मोदब्बीर कहलनि जे नीटक तैयारीक दौरान नियमित पढ़ाई, समय प्रबंधन आ निरंतर अभ्यास हुनकर सभ सं पैघ ताकत रहल। ओ नीटक तैयारीकएनिहार विद्यार्थी सभ सं निराश नहि होयबाक आ लगातार मेहनत करैत रहबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे लक्ष्यक प्रति ईमानदारी, आत्मविश्वास आ निरंतर प्रयासक माध्यम सं सफलता हासिल कएल जा सकैत अछि।

# भागलपुर मे ट्रैफिक नियम तोड़निहार पर आफत, 8 चौक-चौराहा पर चलल सघन जांच

भागलपुर, समदिया

शहरक सड़क पर ट्रैफिक नियमक अनदेखी कए वाहन चलाबयवाला लोकनि पर शनिदिन परिवहन विभागक विशेष अभियान चलाओल गेल। जिलाधिकारी अलंकृता पांडेयक निर्देश पर परिवहन विभागक अलग-अलग टीम शहरक आठ प्रमुख चौक-चौराहा पर एकसाथ जांच लेल उतरली। जिला परिवहन पदाधिकारी विजयंतक नेतृत्व मे चलल अभियानक दौरान बिना हेलमेट, बिना ड्राइविंग लाइसेंस आ आवश्यक कागजातक बिना वाहन चलाबयवाला चालकसभक जांच कएल गेल। अभियानक दौरान दोपहिया वाहन चालकक हेलमेट आ चारपहिया वाहन मे सीट बेल्टक जांचक संग ड्राइविंग लाइसेंस, पीयूसी, इंश्योरेंस सहित अन्य वैध कागजात सेहो देखल गेल। जांच मे बिना हेलमेट पकड़ल गेल 80 मोटरसाइकिल चालक पर कारबाइ करैत कुल 2.75 लाख टाका जुर्माना वसूलल गेल। अधिकारी सभ वाहन चालक कें नियमकपालन आ सड़क सुरक्षाक प्रति सेहो जागरूक कएलनि। परिवहन विभाग नगर निगम चौक, खंजरपुर चौक, सेंट्रल जेल रोड, बरारी रोड आ जीरोमाइल चौक सहित आठ प्रमुख स्थान पर एकसाथ जांच अभियान चलौलक। अनचोके जांच टीम देखिकए किछु चालक रास्ता बदलि निकलबाक प्रयास कएलनि, मुदा टीमक सतर्कताक कारण हुनकर प्रयास सफल नहि भेल। विभागक अनुसार आब अभियानक अगिला चरण मे ओवरस्पीडिंग आ सड़क पर स्टंट कएनिहार चालक सभ पर शिकंजा कसत। जिला परिवहन पदाधिकारी विजयंत कहलनि जे तेज रफ्तार वाहनक निगरानी लेल स्पीड गन आ आधुनिक कैमरा केर उपयोग कएल जायत। मोटरयान निरीक्षक एस.एन. मिश्रा कहलनि जे नाबालिग चालक आ अनियमित ई-रिक्शाक परिचालन पर सेहो विशेष नजरि अछि। नाबालिग कें वाहन देनिहार अभिभावक आ नियमक उल्लंघन कएनिहार ई-रिक्शा चालकक विरुद्ध सख्त कानूनी कारबाइ कएल जायत।

# हेमंत सोरेन पर राखू भरोसा, शीघ्र भेटत समाधान

## छात्रसभक प्रदर्शन पर कहलनि राज्यपाल संतोष गंगवार

रांची,समदिया

झारखंड मे प्रतियोगी परीक्षासभ मे कथित गड़बड़ी कें लए चलि रहल छात्र आंदोलन पर राज्यपाल संतोष कुमार गंगवारक पैघ बयान सामने आएल अछि।ओ आंदोलनरत अभ्यर्थीसभ सं मुख्यमंत्री हेमंत सोरेनक आश्वासन पर विश्वास रखबाक आ बातचीतकमाध्यम सं समस्याक समाधान निकालबाक अपील कएलनि।राजभवन मे पत्रकारसभ सं बातचीत करैत राज्यपाल संतोष गंगवार कहलनि जे मुख्यमंत्री सोरेनछात्रसभक प्रदर्शनक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि अछि। राज्यपाल युवासभ सं आग्रह कएलनि जे सरकारक देल आश्वासन पर भरोसा राखथि, किएक त कोनो परिस्थिति मे छात्रसभक भविष्यक संग खिलवाड़ नहि होमए देल जाएत। ओ आगू कहलनि जे मुख्यमंत्री एहि विषय कें लए अत्यन्त चिंतित छथि आ छात्रसभक समस्याक स्थायी समाधानक लेल लगातार संपर्क मे छथि। राज्यपाल जोर दैत कहलनि जे विवादसभक समाधान विरोध- प्रदर्शनक बदला संवाद आ आपसी चर्चाक माध्यम सं संभव अछि। ओ कहलनि जे



शीघ्र छात्रसभ कें सकारात्मक प्रतिक्रिया भेटत। मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन अहांक समस्यासभपर गंभीरतापूर्वक विचार कए रहल छथि। हमरा आशा अछि जे एहि समस्याक समाधान शीघ्र निकलि आएत।राज्यपाल कहलनि, जं अहांसभक कोनो समस्या हो, त हम्मरासं भेंट करू। हम सदिखन अहांक समस्यासभक समाधानक प्रयास करैत रहब। एहि बीच राज्य सरकार आ छात्र प्रतिनिधिसभक बीच वार्ताक प्रक्रिया जारी अछि आ समाधानक दिश मेप्रयास कएल जा रहल अछि।

# जमशेदपुर मे लगातार बरखा सं बढ़ल स्वर्णरिखा आ खरकईक जलस्तर

## निचला इलाका सभ मे अलर्ट

जमशेदपुर,समदिया

लगातार भए रहल बरखाक कारण स्वर्णरिखा आ खरकई नदीक जलस्तर तेजी सं बढ़ि गेल अछि, जाहि सं शहरक निचला इलाका सभ मे बाढ़िक खतरा मंडरा रहल अछि। प्रशासन संभावित बाढ़िक स्थिति कें देखैत राहति आ बचाव दलक गठन कए संवेदनशील क्षेत्र सभ पर निगरानी बढ़ा देलक अछि। संगहि लोक सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि। स्वर्णरिखा आ खरकई नदीक जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि, जाहि कारण निचला आ तटीय क्षेत्र सभ मे जलजमाव आ बाढ़िक गंभीर आशंका बनल अछि।जमशेदपुर अक्षेसक नगर आयुक्त योगेंद्र प्रसाद आ मानगो नगर निगमक उप नगर आयुक्त जितेंद्र कुमार यादव संबंधित



अधिकारी सभ कें नालासभक नियमित सफाई करबाक आ जमा गाद हटाबएक कड़ा निर्देश देलनि अछि। प्रशासनक अनुसार, शहरक कतेको निचला आ नदीक किनार बला क्षेत्र सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। राहति आ बचाव दल सभ कें आपात स्थिति सं निपटबाक लेल तैयार राखल गेल अछि। लोक सभ सं अपील कएल गेल अछि जे ओ सभ नदीक किनार जाए सं बचथि, प्रशासनक निर्देशसभक पालन करथि आ कोनो आपात स्थिति मे संबंधित विभाग कें तत्काल जानकारी दिअथि।लगातार बरखाक बीच जिला प्रशासन स्थिति पर पैघ नजरि राखने अछि आ आवश्यकतानुसार आगूक कदमउठाओल जा रहल अछि।

### बाबा बैद्यनाथ धाम मे कूपन दर्शन बंद, उमड़ल कमरिया सभक भीड़

देवघर,समदिया

